

pawòl ki bay LAVIA

Liv edikasyon kreyèn pou pwofesè
preadolesan ki nan laj (9 a 11 zan).

[ELÈV]

ane

3



PAWÒL KI BAY LAVI A

Liv sa pibliye pou bay klas ak timoun nan katriyèm, senkyèm ak sizyèm ane fondamantal sa ki nan laj (9 a 11 zan).

Li kòresponn ak 3zyèm ane a nan peryòd twa zan timoun primè yo.

ELÈV
Ane 3



pawòl ki bay
LAVI A



[ELÈV]

ane

3

Liv sa pibliye pou bay klas ak timoun nan katriyèm, senkyèm ak sizyèm ane fondamantal sa ki nan laj (9 a 11 zan).

Li kòresponn ak 3zyèm ane a nan peryòd twa zan timoun primè yo.

ELÈV, Ane 3

Leson sa yo te tradwi epi adapte pa materyèl orijinal li an anglè pa mwayen travay piblikasyon an aksyon.

Cette edition est publiée par se ministè fomasyon disip ki pibliye edisyon sa a - Rejyon Mezoarik, legliz Nazareyen

Tout a sitasyon sa a yo soti nan Bib, Vèsyon Jerizalèm.

© 2018 Dwa rezève respè ak la lwa.

ISBN: 978-1-63580-105-7

Pèsonn pa gen dwa fè kopi liv sa a, sou kèlkeswa fòm nan, san otorizasyon editè yo.

Tradiktè: Dezama Jeudi

Mise en paj: Bethany Cyr

www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org

discipleship@mesoamericaregion.org

Enprime nan Etazini yo



Tab Matyè

INITE I: PI BON LIV NAN MOND LAN

Leson 1: Pi bon liv nan mond lan	1
Leson 2: Pi bon liv la ede nou konnen Bondye	5
Leson 3: Pi bon liv la pale nou osijè de Jezi	9
Leson 4: Pi bon liv la gide nou	13

INITE II: MESAJE BONDYE YO

Leson 5: Ezayi	17
Leson 6: Jeremi	21
Leson 7: Ezekyèl	25
Leson 8: Amòs	29

INITE III: JEZI SAN PARÈY

Leson 9: Jezi: Bondye ak moun	33
Leson 10: Jezi: Yon sakrifikatè ki konprann nou	37
Leson 11: Jezi: Operatè mirak yo	41
Leson 12: Jezi montre otorite li	45

INITE IV: JEZI, WA NOU AN

Leson 13: Jezi, yon Wa espesyal	49
Leson 14: Jezi te resisite!	53
Leson 15: Jezi vivan!	57
Leson 16: Jezi pwomèt l'ap retounen	61

INITE V: KONTRA LANMOU

Leson 17: Kontra avèk Noye a	65
Leson 18: Kontra avèk Abraram nan	69
Leson 19: Kontra avèk Moyiz la	73
Leson 20: Kontra avèk David la	77
Leson 21: Yon kontra pou tout moun	81

INITE VI: JEZI MONTRE NOU PRIYE

Leson 22: Pou ki rezon nou dwe priye?	85
Leson 23: Jezi priye pou tèt li	89
Leson 24: Jezi priye pou disip li yo	93
Leson 25: Jezi priye pou tout kwayan yo	97

INITE VII: SAKRIFIS POU PECHE A

Leson 26:	Pechè se yon bagay serye	101
Leson 27:	Kisa yon sakrifis ye?	105
Leson 28:	Èske sakrifis la ase?	109
Leson 29:	Jezi, sakrifis pafè a	113
Leson 30:	Jezi, sakrifikatè pafè a	117

INITE VIII: LAVI KE JEZI TRANSFÒME YO

Leson 31:	Fanm nan avèk yon pase	121
Leson 32:	Yon nonm avèg depi lè li fèt	122
Leson 33:	Yon viktim mechanste	125
Leson 34:	Yon antrenè ki bezwen konnen	133

INITE IX: NESANS LEGLIZ LA

Leson 35:	Legliz la: Nesans ekstraòdinè a	137
Leson 36:	Legliz la: Aprann mache	141
Leson 37:	Legliz la: Yon kominote lanmou	145
Leson 38:	Legliz: Fas ak defi yo	149

INITE X: ABIYE W AK ZAM BONDYE YO

Leson 39:	Itilize sentiwon an avèk plak pwotèj la	153
Leson 40:	Itilize sandal yo avèk pwotèj kont flèch yo	157
Leson 41:	Itilize kaskèt ak epe a	161
Leson 42:	Ame epi pare pou antre an aksyon!	165

INITE XI: CHEMEN KÈ KONTAN

Leson 43:	Chemen imilite ak jenewozite	169
Leson 44:	Chemen Jistis la	173
Leson 45:	Chemen mizèrikòd ak kè poze	177
Leson 46:	Chemen yon kè ki pwòp	181
Leson 47:	Chemen pèsekisyon an	185


INITE XII: VRÈ SELEBRASYON AN

Leson 48:	Ann selebre plan Bondye a	189
Leson 49:	Ann selebre pèsonifikasyon an	193
Leson 50:	Ann selebre Nesans Sovè a	197
Leson 51:	Ann selebre fidelite Bondye	201



Ki kote w ta chèche li?

Ki liv ki pibon pou w jwenn tèm sa yo?



Ekri lèt ki kòresponn yo nan vid yo

- _____ 1. Bondye
- _____ 2. Kòman rekonstwi yon machin
- _____ 3. Kòman mwen ka vin yon zanmi
- _____ 4. Kòman pou vin brav
- _____ 5. Padon
- _____ 6. Kwasans gazon
- _____ 7. Kòman prepare manje w' pi renmen an
- _____ 8. Lanmou

Poukisa w' kwè ke Bib la enpòtan?

"Tout sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan erè, pou korije moun k'ap fè fot, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye."
(2 Timote 3:16)

Èske w' te konnen ke...?

Jwenn mo sekrè a. Egzanp LaA + 2 = C

Bib la se _____ pa mwayen Bondye.

G-2 M+1 R+1 Q-1 L-3 T-2 C+2

Vèsè nou an di ke Tout sa ki ekri nan Liv la, se nan "Lespri Bondye a yo soti". Sa vle di ke Bondye te ede otè yo konnen sa yo te dwe ekri, epi gide yo pandan ke yo t'ap ekri a.



Li te avèti yo!

**Jeremi 1:1-9; 25:1-14; 39:1-10;
Esdras 1:1-5**

Pèp la pa t' renmen ni obeyi Bondye.

Yo te konn adore zidòl ke yo menm yo te kreye avèk pwòp men yo. Yo te konn aji mal. Sepandan, yo te konn atann pou Bondye te pwoteje yo kont lènmi yo.

Bondye te renmen pèp li a, men li te dwe pini li si l' pa t' chanje fason li. Kòman li te kapab avèti yo osijè de danje sa?

Yon jou, Bondye te pale avèk yon jennonm ki te rele Jeremi. "Mwen te konnen ou anvan menm mwen te ba ou lavi nan vant manman ou. Mwen te mete ou apa pou mwen anvan menm ou te fèt. Mwen te chwazi ou pou ou te yon pwofèt pou nasyon yo".

Jeremi te pè. "Aa! Seyè Bondye sèl mèt! Se timoun mwen ye. Mwen pa konn pale. Men, Seyè a di mwen: -Pa di se timoun ou ye. Ou gen pou ou ale bò kot tout moun m'ap voye ou. W'a di yo tou sa m'a ba ou lòd di yo. Ou pa bezwen pè pesonn. Paske m'ap kanpe la avè ou pou m' pwoteje ou. Se mwen menm Seyè a ki di ou sa".

Pandan 23 lane, Jeremi te fè sa Seyè a te mande li fè a. Lè Bondye te ba li yon mesaj, li te transmèt li bay pèp ki te rete nan lavil Jida.

Li te preche nan lavil Jerizalèm. Li te pale osijè de peche epi sa ki te gen pou rive si yo pa t' repanti.

"Manyè kite vye chemen nou t'ap swiv yo, pou nou manyè sispann fè sa ki mal. Konsa, nou ta ka viv toujou nan peyi Seyè a te ban nou an, peyi li te bay zansèt nou yo pou tout tan tout tan an..." Ni wa ni pèp la te okipe Jeremi avèk mesaj li te pote a, okontrè yo te kontinye sèvi zidòl yo ak fè sa ki mal. Youn nan wa yo te chire woulo kote Jeremi te ekri youn nan mesaj Bondye yo. Sepandan, Jeremi ak sekretè li a te retounen ekri mesaj la ankò.

Jeremi te avèti pèp la: "Se poutèt sa, men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: Paske nou pa koute m' lè m' pale nou, mwen pral voye chache tout moun ki bò nò yo ansanm ak sèvitè m' lan, Nèbikadneza, wa Babilòn lan. Se mwen menm Seyè a ki di sa. Mwen pral fè yo vin kraze peyi Jida a ak tout moun ki rete ladan l' yo ansanm ak tout peyi nan vwazinaj yo. Mwen pral detwi yo tout. M'ap fè yo tounen yon dezè ki va fè moun sezi, yon pil mazi pou tout tan. M'ap fè yo p'ap tande moun ap pran plezi yo la. Yo p'ap tande vwa moun ki gen kè kontan. Yo p'ap tande yo fè fèt pou moun k'ap marye. M'ap fè p'ap gen grenn pou moulen, p'ap gen lwil pou mete nan lanp. Tout peyi a pral kraze tounen mazi, yon dezè. Nasyon ki nan vwazinaj yo pral sèvi wa Babilòn lan pandan swasannndizan".

Men se pa tout sa Jeremi te di yo ki te move nouvel. Li te ajoute tou: "Après swasannndizan sa yo, m'a pini wa Babilòn lan ansanm ak pèp li a pou peche yo fè. Se mwen menm Seyè a ki di sa. M'ap detwi peyi moun Kalde yo, m'ap fè l' tounen mazi pou tout tan..." epi li va mennen yo retounen lakay li.

Après plizyè lane, lè Sedekyas te vin wa peyi Jida, Babilòn te atake yo.

Sedekyas rele byen fò: "Kisa mwen dwe fè?"

Jeremi te reponn li: "Men sa Seyè a di: "Pa goumen avèk moun peyi Babilòn yo. Kite yo gouvènen pèp ou a. Konsa omwens nou va kapab rete nan peyi yo a. Si nou pa bay legen, ebyen yo va detwi vil nou yo epi mennen nou al fèmen nan prizon nan peyi Babilòn".

Men wa Sedekyas pat koute mesaj Bondye a. Konsa, Nebikadneza, wa peyi Babilòn nan te vini

avèk gwo lame li a...Lè yo te gade yo wè y'ap vini, Sedekyas, wa peyi Jida, avèk tout gèye li yo te pran kouri...Men, lame kaldeyen yo te kouri dèyè yo...yo te mete men sou yo epi fè yo monte Ribla, nan tèritwa Amat la, kote wa Nebikadneza, wa peyi Babilòn nan te ye a...Babilonyen yo te fè Sedekyas wè kijan yo t'ap touye pitit li yo avèk prens li yo. Apre sa, yo te retire je li yo, yo te mete li nan chèn epi mennen li al fèmèn nan prizon nan peyi Babilòn.

Babilonyen yo te boule palè wayal la ak kay pèp la. Yo te pran tout moun ki te abite nan vil yo al mete nan prizon nan peyi Babilòn, sof kèk moun ki te pòv.

Menm jan Jeremi te anonse l' la, pèp Jida a te pase anviwon 70 lane nan peyi Babilòn. Yon jou, Si, wa Pès la te pran peyi Babilòn. Bondye te travay nan kè li, epi fè li aksepte bay pèp la libète.

Li te anonse: "Nenpòt moun ki vle retounen nan lavil Jerizalèm kapab ale epi rekonstwi tanp li a.

Moun sa yo ki pa vle retounen dwe bay moun ki prale yo lajan ak lòt kado".

Konsa, tout moun ke Bondye te touche kè yo te prepare yo pou yo te monte al konstwi kay Seyè a ki te nan lavil Jerizalèm.

Bondye te monde Jeremi pou l' te avèti pèp la sa ki te gen pou rive; se konsa li te pale avèk yo

plizyè fwa, men yo pat okipe li. Ebyen, pou ke sa Bondye te di ki ta rive a, te rive vre.

Jodi a nou gen mesaj Jeremi yo nan Bib la. Bondye te bannou mesaj sa yo pou nou te kapab konnen ke nou dwe renmen ak obeyi li.

(Istwa sa twouve li nan Jeremi 1:4-7; 25:5-8; 39:1-5; Esdras 1:5)



Reflechchi sou li!

Kisa Bondye te di Jeremi pou l' te fè?


Kisa Jeremi te di pèp la?

Kisa ki te pase avèk pèp wa ak pèp Jida?

Kisa sa montre nou annakò ak Bib la?

LIV NOUVO TESTAMAN YO

Koupe kat yo epi itilize yo jan antrenè w la endike w li a.
Konsève yo pou w itilize yo nan inite sa osijè de Bib la.




MATYE	MAK	LIK
JAN	TRAVAY	WOMEN
1 KORENTYEN	2 KORENTYEN	GALAT
EFEZYEN	FILIPYEN	KOLOSYEN
1 TESALONISYEN	2 TESALONISYEN	1 TIMOTE
2 TIMOTE	TIT	FILEMON
EBRE	JAK	1 PYÉ
2 PYÉ	1 JAN	2 JAN
3 JAN	JID	REVELASYON




Kilès Bondye ye?

Kisa w konnen osijè de Bondye?
Ekri li oubyen desine li nan espas vid sa.



Kisa w' ta renmen konnen osijè de Bondye?
Ekri li oubyen desine li nan espas vid sa.





Izrayelit Yo Tande Pawòl La

Neyemi 8:1–9:3; 9:38; 10:29-39.

Apre 70 ane byen long nan esklavaj nan yon peyi byen lwen, pèp Jida te rive nan peyi yo finalman ki se lavil Jerizalèm. Yo te rekonstwi miray lavil yo a epi kòmanse viv nan pwòp kay pa yo. Touswit te gen kèk peryòd selebrasyon ki te rive. Yo te selebre yon ane tou nèf avèk Fèt twonpèt yo.

Yo te selebre rekòt lotòn nan tou avèk Fèt Tabènak yo. Sa te yon tan kote li te sonje kòman Bondye te toujou pran swen pèp li a.

Premye jou nan mwa a, nan fèt Twonpèt yo, tout izrayelit yo te rasanble tou pre youn nan pòt lavil la ki rele Pòt dlo a. Esdras, farizyen epi pwofèt te pote woulo lalwa Moyiz yo epi li te kòmanse li yo. Li te kanpe sou yon platfòm byen wo, li te pase tout matine a ap li, depi granm maten pou rive bò midi konsa.

Pèp la te koute avèk anpil atansyon, pandan levit yo t'ap eksplike siyifikasyon pawòl Bondye a.

Menm kote a, yo te kòmanse kriye. Lè yo te tande kòmandman avèk lalwa Bondye yo, yo te rann yo kont ke yo pat obeyi li. Yo te aji mal.

Gouvènè Neyemi, Esdras ak levit yo te di yo konsa: "Nou pa bezwen kriye". "Jodi a se yon jou espesyal pou nou onore Bondye. Rejwi pandan n'ap manje bon ti manje nou, epi bay

moun ki pa genyen anyen yo.

Fè fèt epi selebre paske kounye a nou konnen sa pawòl Bondye vle di". Pèp la te obeyi.

Nan demen, yo te rasanble ankò pou yo te koute pawòl Bondye a. Fwa sa, Esdras te li enstriksyon Bondye te ba yo a pou yo te selebre Fèt Tabènak yo.

"Nou ale epi chèche branch doliv, fèy palmis ak lòt pye bwa ki bay lonbray", se sa lalwa te di. "Bati repozwa epi viv ladan yo pandan sèt jou, pandan n'ap selebre rekòt ak pwoteksyon Bondye a".

Anpil tan te deja pase depi dènye fèt la te selebre jan sa te dwe fèt la. Avèk anpil kè kontan, yo te chèche branch bwa epi konstwi repozwa avèk fetay ki byen plat pou kay yo. Yo te viv nan repozwa sa yo pandan sèt jou, epi yo te sonje kijan Bondye te byen aji avèk yo nan tan pase a. Chak jou yo te rasanble epi koute lidè yo ki t'ap li epi eksplike pawòl Bondye a. Menm moun ki pi ansyen an pa sonje yon selebrasyon tèlman bèl!

Pi devan, nan menm mwa, pèp la te rasanble yon lòt fwa ankò. Fwa sa yo pat fè fèt, men pito yo te fè jèn epi abiye avèk rad sak. Yo te voye pousyè sou tèt yo pou montre kòman yo te repanti pou peche yo te komèt kont Bondye yo.

⁶ Yo te kanpe nan plas yo, yo te li liv lalwa Seyè

a, Bondye yo a, nan katriyèm pati nan jounen an, epi pandan lòt katriyèm pati nan jounen an yo te konfese peche yo epi adore Seyè a, Bondye yo a.

Pèp la te repanti akòz de peche yo te dezobeyi Bondye pandan tout ane sa yo.

Yo te vle chanje; konsa, ansanm, yo te fè yon pwomès pou obsève lalwa ke Bondye te bay Moyiz yo. Yo te pwomèt obeyi tout kòmandman ke Bondye te bay yo. Fwa sa a yo te deside obeyi Bondye.

(Istwa sa twouve li nan Neyemi 8:1–9:3; 9:38; 10:29-39.)

Ki siyifi?

FÈ JÈN

Pase yon tan san manje pou panse ak Bondye avèk sa li vle pou moun fè. Moun nan kapab priye epi chante pou adore Bondye.

Pawòl Bondye a anseye nou

Gade referans ki anba yo. Chèche vèsè yo nan Bib ou a. Konplete pawòl ki manke yo. Pawòl ki manke yo ap di w' plis osijè de kòman Bondye ye, epi kisa li vle pou w' fè.

Jenèz 1:1

Nan kòmansman Bondye te _____ syèl la avèk tè a.

Detewonòm 4:7b

_____ Seyè a, Bondye nou an, nan tout sa li mande nou.

Detewonòm 10:17a

Paske Seyè a Bondye w' la se Bondye tout dye epi Seyè tout seyè yo, Bondye _____, epi _____.

Sòm 37:3a

_____ nan Seyè a, epi fè sa ki _____.

Danyèl 9:9a


Ou menm Seyè, Bondye nou, ou gen _____ ak _____.

Sòm 145:13

Wayòm ou se _____ toutan, epi gouvènman w' lan se pou _____.

Lik 10:27

_____ Seyè a avèk tout _____, ou, avèk tout lespri a, avèk tout _____, ak tout nanm ou; ak _____ ou menm jan ak pwòp tèt pa ou.



Kòman mwen kapab konnen Bondye pi byen?

Ekri kèk fason pou konnen Bondye andedan kle yo. Premye a deja ekri.

Ekri yon fraz pou bay Bondye glwa epi yon lòt pou di li mèsi pou Pawòl li.

Bondye, mwen ba w' glwa, _____

Bondye, mwen di w' mèsi, _____

Kòman lanmou ye?

Fè yon ✝ bò kote chak imaj ki montre fason Jezi te eksprime lanmou li pou pèp la.



Padon

Mwen padone w'

Lekòl Biblik


Lik 4:14-32

“Jezi te anba pouvwa Sentespri Bondye a; li tounen, li ale nan peyi Galile. Nan tout peyi a se tout moun ki t’ap nonmen non li.

Li t’ap moutre moun yo anpil bagay nan sinagòg yo. Tout moun t’ap fè lwanj li. Jezi ale lavil Nazarèt kote l’ te grandi a. Jou repo a, li antre nan sinagòg la tankou l’ te toujou konn fè. Li leve kanpe pou l’ li pou yo.

Yo renmèt li liv pwofèt Ezayi a. Lè li louvri l’, li jwenn kote ki te ekri: Lespri Bondye a sou mwen. Li chwazi m’ pou m’ anonse bon nouvèl la bay pòv yo. Li voye m’ pou m’ fè tout prizonye yo konnen yo lage, pou m’ fè tout avèg yo konnen yo kapab wè ankò, pou m’ delivre moun y’ap maltrete yo, pou m’ fè yo konenn lè a rive pou Bondye vin delivre pèp li a. Apre sa, Jezi fèmen Liv la, li renmèt li bay moun ki t’ap ede nan sèvis la. L’al chita. Tout moun ki te nan sinagòg la te gen je yo fikse sou li.

Lè sa a li kòmanse di yo: Jòdi a, pandan n’ap tande pawòl ki ekri la a, li rive vre. Tout moun t’ap pale byen pou li. Yo te sezi tande bèl pawòl ki t’ap soti nan bouch



Mwen se

Lanmou Bondye a

“Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p’ap pedi lavi yo. Okontrè y’a gen lavi ki p’ap janm fini an.” (Jan 3:16)

Kisa vèsè a di nou osijè de lanmou Bondye?

Kilès pitit sa ke vèsè a mansyone a?

Konplete

Revize istwa a epi konplete fraz sa yo. Ou kapab gade nan istwa si w’ bezwen. Itilize mo rektang yo pou w’ konplete dènye fraz la epi jwenn verite bibliik jodi a.

KRIS LA!



li. Yo t'ap di konsa: Se pa pitit Jozèf la sa? Jezi di yo: Koulye a, nou pral di pwovèb sa a sou mwen: Dòktè, geri tèt ou. Nou tandè tou sa ou te fè lavil Kapènawòm; fè yo isit la tou, nan peyi pa ou la. Epi li di yo ankò: Men, sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yo pa janm resevwa yon pwofèt byen nan pwòp peyi li. Jezi te fè moun yo sonje sa ki te pase avèk pwofèt Eli ak Elize. Pwofèt sa yo te ede moun ki pa abite nan menm peyi avèk yo. Lè sa a, te gen anpil vèv nan peyi Izrayèl la. Lè yo te tandè koze sa yo, tout moun nan sinagòg la te byen ankòlè. Yo leve, yo trennen l' andeyò lavil la; yo mennen l' sou tèt ti mòn kote lavil la te bati a, yo t'ap pare pou yo te jete l' anba nan falèz la. Men, Jezi pase nan mitan yo, li chape kò li. Apre sa, Jezi desann Kapènawòm, yon vil nan peyi Galile. Jou repo a, li t'ap moutre moun yo anpil bagay. Yo te sezi tandè sa l' t'ap moutre yo, paske li t'ap pale tankou moun ki gen dwa di sa l'ap di a''.

Anpil moun te resevwa mesaj Jezi a epi yo te mete konfyans yo nan li.

Lòt yo pat fè li. Men Jesi te kontinye anseye epi renmen pèp la.

fraz sa yo:

SOVÈ

JEZIKRIS

MESAJ

RENMEN

BIB

1. Mesaj Jezi a te siprann moun yo paske ...
2. Yon bagay ke Jezi te di li te vin fè se te...
3. Jezi te di ke li te genyen tou pou li te...
4. Moun yo te fache paske...
5. _____ ki pi enpòtan nan _____ se ke Bondye _____ nou epi ki te voye Pitit li a, _____, pou li te kapab vini kòm _____ nou.

BIB LA DI NOU

Gen anpil moun ki konnen anpil bagay sou Bondye, men, malgre sa, yo pa genyen yon relasyon avèk li. Sèvi ak Bib ou a pou w' kapab konnen kòman w' ka genyen yon relasyon pèsònèl avèk Bondye. Chèche vèsè yo epi ranje lèt yo pou w' konplete fraz yo.

1. **Women 3:23** ADMÈT ke w' te _____. (E C H P E) vle di ke w' te dezobeyi Bondye.

2. **1 Pyè 3:18** KWÈ ke Bondye renmen w. Li te voye Pitit li a _____ (I E K Z R J S I) vin mouri sou kwa a, pou w' kapab resevwa padon pou peche w yo epi vin zanmi Bondye.

3. **1 Jan 1:9** PRIYE epi _____ (N E O K E F S) peche w' yo. Di li ke w' pa vle dezobeyi li ankò. Mande li pou l' padone w'.

4. **Efezyen 2:8-9** Mete _____ (A L W A F) w de ke Bondye ap akonpli pwomès li pou l' padone peche w' yo epi fè w' vin tounen pitit li.

5. **Jan 1:12** _____ (E A S V E R W) Jezi kòm Sovè ou. Rakonte lòt yo a Bondye te fè pou ou. Renmen Bondye epi swiv Jezi.

Kisa ki manke nan chak desen?



Kisa li bezwen





Pòl avèk Silas se te misyonè. Yo t'ap vwayaje de vil an vil pou preche jwif ak moun lòt nasyon yo Bon Nouvèl ke Jezi te mouri pou peche tout moun.

Gade sa ki te pase nan youn nan vwayaj mesye sa yo:

Pòl ak Silas te ale nan lavil Tesalonik, kote ki te genyen yon sinagòg jwif yo. Kòm koutim, Pòl t'ale la, epi pandan twa jou li te diskite avèk yo, li te deklare epi demontre atravè Bib la ke li te nesesè pou Kris la te soufri epi leve byen vivan pami mò yo sou twazyèm jou a. Epi li te kontinye pou li di ke: "De Jezi m'ap pale nou an se li menm ki Kris la ke pwofèt yo te anonse a. Yo te krisifye li, li te mouri epi leve vivan sou twazyèm jou a. Kounye a li nan syèl la ap prepare yon plas pou moun ki kwè nan li yo. Jezi ap padone peche yo, si yo repanti. Mete konfyans yo nan li epi y'ap resevwa lavi ki pap janm fini an".

Gen kèk nan yo ki te kwè epi aksepte Jezi kòm Sovè yo. Men jwif yo te tonbe fè jalouzi. Konsa, sa ki pat kwè yo te pran kèk malveyan parèy yo, mechan, epi fè yon sèl kò pou twouble epi

Tande, Koute, Fè

vire lavil la tèt anba. Yo te fè dechoukay lakay Jason epi eseye mete Pòl ak Silas deyò, men kòm yo pat jwenn yo, yo te mennen Jason ak kèk lòt sèvitè devan otorite yo ki te rete nan vil la, pandan yo t'ap rele di byen fò: "Mesye sa yo ap mache fè dezòd toupatou. Men, koulye a yo rive jouk isit la.

Jazon menm resevwa mesye yo lakay li. Mesye sa yo ap aji kont lalwa Seza: y'ap di gen yon lòt wa yo rele Jezi".

Jwif yo te mete foul moun yo ansanm ak chèf yo ankòlè anpil avèk pawòl sa a. Jazon ak lòt frè yo te blije fè yon depo lajan pou chèf yo te ka lage yo.

Lè solèy fin kouche, frè yo fè Pòl ak Silas pati pou lavil Bere. Lè yo rive la, y' al nan sinagòg jwif yo.

Jwif Bere yo te gen pi bon santiman pase sa Tesalonik yo: yo te resevwa pawòl la byen vit san traka. Chak jou yo t'ap egzaminen sa ki te ekri nan Liv la pou wè si sa Pòl t'ap di yo a se vre. Anpil ladan yo te kwè, epi lavi yo te chanje, paske yo te deside aprann Pawòl Bondye a epi obeyi li.

(Istwa sa twouve li nan Travay 17).

CHÈCHE NAN BERE

Ki siyifi?

Moun lòt nasyon yo
Se moun ki pat jwif yo.

Peye amann
Garanti.

Reponn premye kesyon an epi apre sa kontinye avèk revizyon an.
Antoure lèt ki gen repons ki kòrèk la.

1. Dapre istwa jodi a, ki kote Pòl avèk Silas te ale anpremye?
a. Nan lavil Bere. Avanse jous nan kazye nimewo 4.
b. Tesalonik. Avanse jous nan kazye nimewo 3.

2. Eseye yon fwa ankò.

3. Kòman moun lavil Tesalonik yo te konsidere ansèyman Pòl yo?
a. Yo te kwè nan tout sa li te di. Avanse jous nan nimewo 6.
b. Gen kèk ladan yo ki te kwè, men anpil nan yo te tonbe fè jalouzi epi kòmanse fè diskisyon. Avanse jous nan nimewo 5.

4. Avanse jous nan nimewo 7.

5. Kisa foul moun lavil Tesalonik yo te fè?
a. Yo te ale lakay Jason pou chèche Pòl ak Silas, epi bay pwoblèm. Avanse jous nan nimewo 8.
b. Yo te trennen Pòl avèk Silas deyò lavil la, epi maspinen yo. Avanse jous nan nimewo 10.

6. Retounen nan nimewo 3.

7. Eseye yon lòt fwa ankò.

8. Ki kote Pòl ak Silas te ale lè yo te rive nan lavil Tesalonik la?
a. Nan sinagòg la. Avanse jous nan nimewo 9.
b. Lakay Jason. Retounen nan nimewo 2.

9. Kisa ki te rive Jason?
a. Anyen. Avanse jous nan nimewo 11.
b. Foul moun yo te pran li avèk kèk lòt sèvitè mennen yo devan otorite yo ki te abite nan vil la, epi akize yo kòm moun ki t'ap dezobeyi lalwa Seza. Avanse nan nimewo 12.

10. Eseye yon lòt fwa ankò.

11. Retounen nan nimewo 7.

12. Kilès moun sa yo ki te pran desizyon ki kòrèk pou etidye Pawòl Bondye a?
a. Kreyen Bere yo. Avanse jous nan nimewo 16.
b. Moun lavil Tesalonik yo. Avanse jous nan nimewo 13.

13. Retounen nan nimewo 10.

14. Eseye ankò.

15. Avanse jous nan nimewo 19.

16. Kòman kreyen lavil Bere yo te reyaji fas ak ansèyman Pòl ak Silas yo?
a. Yo te kontan pou yo te kontinye aprann, yo te vle konnen si sa Pòl t'ap di yo se te vre. Avanse jous nan nimewo 20.
b. Yo te fache. Yo te atake Pòl ak Silas jiskaske yo te mete yo deyò nan vil la. Retounen nan nimewo 15.

17. Kisa Jason avèk zanmi l yo te oblije fè pou yo te kapab soti nan prizon an?
a. Pase nwit la la. Retounen nan nimewo 14.
b. Peye garanti. Avanse jous nan nimewo 21.

18. Dapre vèsè 12, kimoun ki te kwè nan sa Pòl t'ap di yo?
a. Anpil jwif ak anpil moun lòt nasyon (grèk). Avanse jous nan nimewo 23.
b. Pèsonn. Retounen nan nimewo 22.

19. Eseye yon lòt fwa ankò.

20. Retounen nan nimewo 17.

21. Retounen nan nimewo 18.

22. Eseye ankò.

23. Konpliman, ou chanpyon! Èske w'ap pran menm desizyon ke kreyen Bere yo te pran?

Relye kòmansman chak vèsè avèk chak finisman ki kòresponn. Fraz sa yo ap montre w fason ke w' kapab aprann pawòl Bondye a epi sèvi avèk li pou w' obeyi li.

Aprann Pawòl Bondye A



Reyalize aktivite lekti bibliik la

Mande Bondye pou li ede w' mete konfyans ou nan li epi obeyi li.



Koute CD oubyen yon kasèt

lekòl dominikal.



Memorize

nan istwa bibliik yo oubyen Bib la.



Koute epi patisipe nan

ke nou fè nan lekòl dominikal la.



Pandan predikasyon an

pou yo eksplike w' vèsè bibliik ou pa konprann yo.



Mande pou yon moun li pou ou

vèsè bibliik ou aprann nan klas yo.



Mande paran w' yo oubyen antrenè w' la

make yon bagay ke pastè a te di.



Lè w aprann yon bagay nan Bib la

pati nan Bib la.

Kilès nan tout sa yo w'ap reyalize pandan semèn sa? Make li avèk yon zetwal epi sonje ke w dwe akonpli li.

“Men mwen, men mwen! Ou mèt chwazi m’”

PÈSONAJ:

Rakontè, Ezayi, Bèt vivan 1, Bèt vivan 2, Bondye

Rakontè: Yon jou konsa, Ezayi te deside al fè yon ti pwomennen. Li te bezwen tan pou li te panse ak bagay ki enpòtan, tankou maladi wa Ozyas ak mechanste pèp la. Li te kanpe fas pou fas avèk sanntye a epi obsève atravè pòt ki te ouvè yo. Menm kote a li te resevwa yon vizyon ki te enpresyonan. Bondye te chita sou gwo twòn li, epi te genyen zanj avèk bèt vivan. Yo chak te gen sis zèl, de zèl pou kouvri figi yo, de zèl pou kouvri pye yo, de zèl pou yo vole. Yo t’ap pale yonn ak lòt byen fò:

Bèt vivan 1 ak 2: “Seyè ki gen tout pouvwa a, li apa! Wi, li apa! Se yon Bondye ki apa vre! Pouvwa li kouvri tout latè!”

Rakontè: Lè Ezayi te tandè sa, tout poto kay Bondye a tranble lè bèt vivan yo t’ap rele konsa a. Lafimen te plen tout anndan tanp lan. Imajine reyaksyon Ezayi!

Ezayi: “Nanpwen sove pou mwen! Jòdi a m’ap mouri vre! Paske tout pawòl ki soti nan bouch mwen se move pawòl. Epi m’ap viv nan mitan yon pèp ki pa janm gen bon pawòl nan bouch li. Lèfini, mwen wè Wa a, Seyè ki gen tout pouvwa a, avèk pwòp je m.”

Rakontè: Lè sa a, youn nan bèt vivan yo pran yon chabon dife tou limen epi touche bouch Ezayi avèk li. Ala de doulè! Men chabon an pat boule li, men pito Bondye sèvi avèk li pou pirifye li.

Bèt vivan 1: “Sa a kole sou po bouch ou. Koulye a, ou pa gen peche ankò. Bondye padonnen tou sa ou fè ki mal.”

Rakontè: Konsa, Bondye te kòmanse pale.

Bondye: “Kilès mwen ta voye la? Kilès ki ta aksepte ale pou nou?”

Rakontè: Ezayi pat menm pran tan pou l pran souf. Li te santi l tèlman piti devan yon Bondye tèlman gran, men kanmèm li te deside sèvi li.

Ezayi: “Men mwen, ou mèt voye m.”

Rakontè: Apre sa, Bondye te di Ezayi sa l te dwe di pèp la.

Bondye: Ale non. Men sa pou ou di pèp la: Louvri zòrèy nou jan nou vle, men nou p’ap konprann anyen! Louvri je nou jan nou vle, men nou p’ap wè sa k’ap rive! Fè lespri pèp la vin lou! Bouche zòrèy yo! Mare je yo! Konsa, yo p’ap ka tandè, yo p’ap ka wè, yo p’ap ka konprann.

Ezayi: “Jous kilè, Seyè?”

Bondye: Lè y’a fin kraze lavil yo. Lè p’ap gen moun ankò ki rete ladan yo. Lè tout kay yo va vid, lè jaden yo va tounen savann. Mwen menm, Seyè a, m’a mete tout moun deyò nan peyi a. Tout peyi a pral rete san moun ladan l’. Menm si rete yon sèl moun sou chak dis moun nan peyi a, y’ap toujou disparèt yo. Se va tankou lè yo koupe pye kajou ak pye bwadchenn. Chouk la ase ki va rete. Chouk sa a va pouse ankò, pèp Bondye a va kanpe ankò.

(Istwa sa twouve li nan Ezayi 6).

Pwen Enterè Yo

Ezayi te wè vizyon sa kote Bondye te sou twòn nan lè li t'ap panse ak twòn Ozyas la ki te vid.

Pou ki rezon li enpòtan pou nou kwè ke Bondye sou twòn li, menm si nou pa fin sèten?

Bèt vivan yo te kouvri je yo ak pye yo pou yo pa wè Bondye sen ki t'ap gade yo a.

Èske kèk fwa nou konn bliye jan Bondye gen tout pouvwa? Rakonte kèk sityasyon kote sa konn rive.

Lè bèt vivan yo te fin anonse sentete Bondye a, tout tanp lan te ranpli ak lafimen epi pran tranble.

Nan ki fason moman lapriyè w'yo se eksperyans ki fè "latè tranble"?

Ezayi te santi ke li pat merite pou l' te nan prezans Bondye, men li te pare pou sèvi li avèk tout kè li.

Èske nou gen pasyon menm jan ak Ezayi pou nou sèvi Bondye?



Kòman zòrèy ou yo ye?

Evalye pwòp tèt ou soti nan 1 pou rive nan 5. Li touletwa afimasyon yo avan. Antoure nimewo ki plis gen pou wè ak aksyon w' yo.

1. Byen mal. Mwen bezwen ale kay yon doktè pou m bay solisyon ak pwoblèm sa!
2. Mwen dwe amelyore anpil.
3. Mwen prèske rive. Mwen sou limit la.
4. Plis ou mwens.
5. Toujou!

1. Mwen koute vwa Bondye chak jou, lè mwen li Bib la epi priye.

1

2

3

4

5

2. Mwen koute paran m ak antrenè mwen yo avèk anpil atansyon lè yo pale avèk mwen.

1

2

3

4

5

3. Lè m'ap pale ak lòt moun, mwen fè yon ti silans pou m tandè sa y'ap di mwen.

1

2

3

4


5



SI W' TE GEN TOUT POUVWA...

kisa w' ta fè?

Nan vèsò sa yo ki fèt avèk tè, ekri sa w' ta fè si w' te gen kontwòl mond lan totalman.



Journal

Yon pwofèt aprann yon leson



Non mwen se Jeremi. Se mwen menm ki ekriyen yo te envite pou jodi a, paske mwen genyen yon istwa ki byen enteresan pou m rakonte. Lòt jou, Bondye di m konsa: “Leve non! Desann kay bòs k’ap fè krich yo. Rive la, m’a ba ou yon mesaj.” Mwen desann vre kay bòs k’ap fè krich yo. Mwen wè msye t’ap bay yon krich fòm nan tou a. Depi krich li t’ap fè a pa t’ soti byen, li kraze l’, li pran tè a, li fè yon lòt krich avè l’ jan li te vle fè l’ la. Lè sa a, Seyè a di m’ konsa: Nou menm pèp

Izrayèl, èske mwen pa gen dwa fè ak nou sa bòs la fè ak tè a? Nou nan men mwen menm jan tè a nan men bòs k’ap fè krich la, tandè! Yon lè mwen pran desizyon pou m’ derasinen yon nasyon osinon yon peyi ki gen wa, pou m’ kraze l’, pou m’ detwi l’. Men, si nasyon an chanje, si li sispann fè mechanste ki lakòz mwen te move a, m’ap chanje lide, m’ p’ap fè l’ sa m’ te fè lide fè l’ la. Yon lòt lè, mwen pran desizyon pou m’ leve yon nasyon osinon pou m’ fè gouvènman yon wa kanpe. Men, si nasyon an fè sa ki pa fè m’ plezi, si li pa koute m’, mwen p’ap fè tout byen mwen te fè lide fè pou li a. Bon! Koulye a, ou pral pale ak moun peyi Jida yo ansanm ak moun lavil Jerizalèm yo.

Men sa Seyè a voye di yo: “M’ap pare yon malè pou nou. Mwen fè lide pini nou. Se pou nou chanje, se pou nou kite move pant n’ap swiv la. Chache viv pi byen, manyè sispann fè sa ki mal.”

Tanpri, di yo sa pou mwen Jeremi, menm si petèt yo pa menm koute w. Yo pral kontinye fè sa ki mal, men ou dwe avèti yo osijè de sa, de tout fason.

Konsa, mwen te soti lakay bòs k’ap fè krich la, epi mwen te konprann mesaj ke Bondye te ban mwen an. Konsa, nou mèt rete tann, epi li nouvèl semèn k’ap vini an, kote mwen pral eksplike mesaj Bondye te voye bay Izrayèl la yon tikras pi plis.

(Istwa sa twouve li nan Jeremi 18).

“Pwofesi A”

nan men yon bòs k’ap fè krich.



Reflechi Sou Li!

Aprè w fin reyalize aktivite a avèk tè mouye a nan klas la,
panse avèk kesyon sa yo:

Bòs k'ap fè krich la

- 1. Nan kisa Bondye sanble avèk bòs krich la?**
- 2. Kòman yon bòs krich santi li?**
- 3. Kòman w' te reyaji lè w te oblije detwi kreyasyon w' lan?**
- 4. Pou ki rezon kèk nan nou deside pa kraze kreyasyon nou yo/krich?**

Tè mouye a

- 1. Nan kisa nou sanble ak tè mouye a.**
- 2. Nan kisa nou diferan de tè mouye a?**
- 3. Nan kisa Izrayèl te sanble ak tè mouye a?**
- 4. Nan ki fason nou kapab kite ke Bondye, bòs nou an, manyen nou epi bannou fòm tankou tè mouye a?**

SEK

Ekri yon lis bagay ki fè yon sèk (yon bagay ki kòmanse nan yon pwen, pase nan plizyè zòn epi apre sa li retounen nan menm pwen an, youn ak yon lòt fwa ankò).



*Kisa ki kapab kraze sèk sa yo?
Kisa ki pase lè yo kraze?*

Sikilasyon anmè peche a

Nou toujou wè li. Espesyalman kounye a avèk izrayelit yo. Lè yon moun komèt peche, konsekans yo manifeste. Epi yo tout eseye dekouvri kimoun ki gen tò. Gen kèk moun ki di ke se paran yo ki koupab. Gen lòt ki di ke yo pa kapab sispann fè peche-paske se nan san yo li ye.

Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: "Poukisa y'ap plede repete pwovèb sa a nan peyi Izrayèl la? Y'ap di: Papa ak manman manje rezen vèt, men se dan pitit yo ki gasi"? Bondye te di m' ke ansyen pwovèb sa se pat verite pou pèp Izrayèl la. Chak moun se yon endividi avèk nanm ak pwòp volonte. Epi tout moun, ni pitit ni paran, se Bondye ki te kreye yo. Nou se moun, men se sèlman moun ki fè peche a gen pou l' mouri.

Gen anpil moun ki konfonn osijè de sa, men gen lòt ki toujou ap santi konsekans peche lòt yo ki te komèt peche depi byen lontan. Men, sa Bondye vle di a se ke nou pap resevwa pinisyon pou peche lòt moun te komèt, menm si pafwa nou soufri endirèkteman pou sa yo te fè oubyen fè.

N'a mande nan kè nou: Poukisa yon pitit pa peye pou peche papa li te fè a? Men repons la. Se paske pitit la te mache dwat devan Bondye, li fè sa li te dwe fè. Li mache sou lòd mwen bay, li fè tou sa mwen mande pou moun fè, kifè l'ap viv. Moun ki fè peche, se yo k'ap mouri. Yon pitit p'ap peye pou peche papa l' te fè, ni yon papa p'ap peye pou peche pitit li fè. Moun ki mache dwat va jwenn rekonpans pou dwat yo te mache dwat la. Mechan an va peye pou mekanste li fè a.

Si mekan an sispann fè peche li te konn fè yo pou li mache dapre lòd mwen yo, si li fè sa ki dwat ak sa ki byen, li p'ap mouri. Sèten l'ap viv. Yo p'ap chonje tout peche li te konn fè yo. L'ap viv paske li te fè sa ki dwat. Eske nou kwè mwen ta renmen wè mekan an mouri? Se Seyè sèl Mèt la ki mande sa. Non! Mwen ta pito wè l' sispann fè sa ki mal pou l' ka viv. Men, si yon moun ki mache dwat sispann fè sa ki byen pou li lage kò l' nan fè sa ki mal ak tout lòt vye bagay derespektan mekan yo ap fè a, nan kondisyon sa a èske li ka viv toujou? Non. Yo p'ap chonje tout byen li te konn fè yo. L'ap mouri paske li pa t' kenbe pawòl li, paske li fè sa ki mal.

Konsa, Izrayèl genyen yon desizyon pou l pran, plis pase sa fanmi ak zansèt yo te fè yo. Pèp Izrayèl la kapab tounen vin jwenn Bondye epi sispann sikilasyon peche, oubyen kapab chwazi rete nan sikilasyon anmè peche a. (Istwa bibliik sa twouve li nan Ezekyèl 18:1-4; 19-24).

- 1. Ki siyifi pwovèb "Papa ak manman manje rezen vèt, men se dan pitit yo ki gasi"?**
- 2. Poukisa w panse ke Bondye te deklare ke Izrayèl pa ta janm bezwen itilize pwovèb sa?**
- 3. Si Bondye pa vle mekan yo peri pou toujou, ebyen pou kisa li pèmèt sa pase?**
- 4. Bondye ap bliye mekanste nou yo si nou tounen vin jwenn li, men tou l'ap bliye byen nou te fè yo si nou retounen nan fè mekanste. Èske sa jis?**




"Di li avèk desen"

Liv Ezekyèl la ranpli avèk
senbòl. Obsève kat pasaj
sa yo. Lè w' jwenn senbòl
yo, pentire yo, epi apre sa
eksplike sa yo vle di.

Ezekyèl 3:16-21


Siyifikasyon:



Deskripsyon:

Ezekyèl 4:1-3


Siyifikasyon:



Deskripsyon:

Ezekyèl 12:1-6


Siyifikasyon:



Deskripsyon:

Ezekyèl 37:1-14

Siyifikasyon:



Deskripsyon:

RESPONSABILITE W

Nan espas ki anba a, fè yon lis ki genyen tout bagay kote ke w' se sèl responsab. Eseye panse ak plis kantite ke w' kapab.

Ki kantite avantaj sa genyen pou w responsab yon bagay?

Ki kantite dezavantaj ki genyen?

Nou se responsab de tout sa ke nou fè, e menm pou panse nou fè yo?



BATAY FOUTBÒL LA

Pèsonaj: Antrenè; Nikola, yon adolesan entèlekyèl; Toma, yon jèn atlèt ak Lora, yon animatè.
(Antrenè a antre nan sal jimnastik la li wè Toma, Nikola ak Lora k'ap pale).

Antrenè: Timesyedam kòman nou ye, m'ap chèche yon moun ki pou ede m nan yon jwèt foutbòl timoun yo madi apre klas.

Nikola: Mwen ta renmen bay èd mwen. Mwen pa janm jwe foutbòl, men mwen konnen règ yo trèbyen. Si w' vle, mwen tou pare pou m ede w'.

Toma: Antrenè, ou konnen byen ke mwen ta renmen ede w'. Mwen konnen ke w' pa gen yon lòt moun ki pou fè li, men m pa mete tan apa pou sa.

Antrenè: Ok, pa gen pwoblèm. Nikola te vle ede m'.

Lora: Wi, men se Nikola... Tout moun konnen ke li ta parèt byen komik sou teren an.

Nikola: Jan m te di a, mwen konn jwen, sèlman m pa t' janm gen chans pou m fè sa.

Toma: Paske w' pa bon pou foutbòl. Antrenè, mwen kwè ke pa gen lòt remèd ke mwen menm menm vini ede w'.

Antrenè: Men ou fenk sot di m' ke w' pa gen tan!

Toma: (Gonfle lestomak): Bon, kisa w' vle pou m' di w'? M'ap fè sa paske se yon bon moun.

Lora: Se vre. Se enkwayab!

Antrenè: Mwen prefere Nikola fè li.

Nikola, Toma ak Lora: ÈSKE SE SERYE?

Antrenè: Wi, san dout. Mwen pa rezon ki fè Nikola pa kapab fè li. Li entèlijan, li konnen règ yo epi li pare pou sa. Li genyen tout sa ki nesèsè pou l vin yon bon antrenè.

Nikola: Mèsi antrenè! Pèsòn moun pa t' ban mwen yon opòtinite tankou sa. Mwen pap fè w' wont.

Antrenè: Mwen konnen. Epi Toma, gade finalman ou vin gen tan, mwen ta renmen w' ede m netwaye estad la.

Toma: Bon...mwen...reyèlman...manman m te di m' pou m' ale lakay dirèk.

Antrenè: Se sa menm mwen te panse...



Men yon panye!

Li Amòs 8:1-8

Sèvi avèk lèt
ki nan fwi yo
pou w' fòme
mo ki kache
a epi ekri li
nan espas
vid yo.

Aprè sa, reponn
kesyon sa yo.



1. Kisa pèp la te fè
ki te fè Bondye te
fache tout fache sa yo?

2. Nan pasaj sa, pèp la te
resevwa avètisman ke zak yo t'ap
komèt yo te gen pou pote konsekans.
Ki konsekans?

3. Ak kisa Bondye te fè referans lè li te di Amòs ke fwi nan panye yo te mi an?

4. Youn nan tèm enpòtan nan istwa sa se diferans ki egziste ant moun rich ak moun pòv yo.
Èske pwoblèm sa egziste nan sosyete pa nou an jodi a?

5. Site lòt "diferans" ki divize moun yo.

"DE KOTE SA YO NAN PYÈS MOMMEN AN"

Tou
de

prezantasyon

Amòs

YO

1= Trè Move Nouvèl
10= Trè Bon Nouvèl

Ouvè Bib ou a nan liv Amòs.

Li chak chapit epi klasifye li soti nan chapit 1 a 10.

Chapit 1

Chapit 5

Chapit 2

Chapit 7

Chapit 3

Chapit 8

Chapit 4


Chapit 9

Vèsè Pou Aprann

Jeremi 7:23

2 Timote 3:16

Ebre 1:3



Elèv _____ te komplette pwojè

(mwa avèk ane) _____

Pwofesè: _____

Dat: _____



Jezi se sèl moun atravè listwa ki te sanpousan lòm ak sanpousan Bondye. Panse ak egzanp nan Bib la ki montre karakteristik Jezi kòm moun oubyen kòm Bondye, epi ekri yo oubyen desine yo andedan planèt yo. Egzanp: Jezi te fèt tankou yon ti bebe, menm jan avèk nou -tout moun. Jezi te geri yon nonm avèk tou, yon bagay ke nou pa kapab fè, -li se Bondye.

**DE MOND
DIFERAN**

**NAN YON SÈL
MOUN**



Klere nan tout bèl

Sa se pítit mwèn renmen anpil
la. Li fè kè m' kontan anpil.

-Bondye-

(Matye 3:17)



pouvwa Bondye

Lè sa a, Jan Batis parèt nan dezè Jide a. Li

t'ap mache bay mesaj sa a. Li t'ap di: Tounen vin jwenn Bondye.

Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men l'. Se sou Jan pwofèt Ezayi t'ap pale lè l' te di: Se vwa yon nonm k'ap rele nan dezè a: Pare gran wout Seyè nou an. Plani chemen an byen plani pou li. Jan te gen yon rad fèt ak pwal chamo sou li, li te mare ren l' ak yon sentiwon an po. Li te manje krikèt ak gato myèl li te jwenn nan bwa. Moun soti lavil Jerizalèm, nan tout peyi Jide a ak nan tout vwazinaj larivyè Jouden an, yo tout te vin jwenn Jan. Yo te konfese peche yo devan tout moun. Apre sa, Jan te batize yo nan larivyè Jouden an. Lè Jan wè te gen anpil farizyen ak sadiseyen ki t'ap vin jwenn li pou resevwa batèm nan men l', li di yo: Bann vèmen! Ki moun ki fè nou konnen nou kapab chape anba kòlè Bondye k'ap vini an? Fè bagay ki pou fè wè lavi nou chanje tout bon.

Pa konprann nou ka di nan kè nou: Se pitit pitit Abraram nou ye. Paske, mwen p'ap kache di nou sa: Bondye kapab pran wòch sa yo, li fè yo tounen pitit pou Abraram. Epitou, rach la tou pare pou koupe rasin pyebwa yo. Nenpòt pyebwa ki pa bay bon donn, yo pral koupe sa jete nan dife.

Mwen menm, mwen batize nou nan dlo, pou fè wè nou tounen vin jwenn Bondye. Men, moun k'ap vin apre mwen an gen plis pouvwa anpil pase m'. Mwen pa bon ase menm pou m' ta wete sapat ki nan pye li. Se li menm ki va batize nou nan Sentespri ak nan dife. Li gen laye l' nan men li. L'ap vannen tout grenn ki sou glasi a. La ranmase grenn ki bon yo, la mete yo nan galata li; men, l'ap boule pay la nan yon dife ki p'ap janm mouri. Lè sa a, Jezi soti nan peyi Galile, li vin larivyè Jouden, bò kote Jan pou Jan batize li. Men, Jan pa t' dakò pou sa menm. Li di l': Se ou ki pou ta batize m', epi se ou menm ki vin jwenn mwen pou m' batize ou? Jezi reponn li: Kite sa fèt konsa koulye a. Se konsa pou nou fè tou sa Bondye mande. Jan pa t' kenbe tèt avè l' ankò. Fini Jan fin batize l', Jezi soti nan dlo a. Menm lè a, syèl la louvri, Jezi wè Lespri Bondye a desann sou fòm yon ti pijon vin sou li.

Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil.

(Matye 3:1-17)

*Pawòl la tounen moun. Li
te vin viv nan mitan nou, li mennen
yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak
renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa
Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a.*

(Jan 1:14)

Prezantasyon egzat la



*Pitit sa a reflete limyè bèl
pouvwa Bondye a, se bon
pòtre Bondye li ye.*

(Ebre 1:3a)

Mwen byen kontan paske Jezi sanpousan lòm paske...

Mwen byen kontan paske Jezi sanpousan Bondye paske...



ANN PALE DE TANTASYON

Chèche yon zanmi, epi reponn kesyon sa yo ansanm:

Sonje yon lè kote w' te vle fè yon bagay, epi ou te konnen li pat bon. Kòman w' te santi w'?

Kisa w' panse pifò adolesan yo fè lè y'ap fè fas ak tantasyon sa yo?

Mwen sonje yon fwa ke mwen te vle...



Fè yon lis tout sa ke timoun nan laj ou yo ta renmen fè, men yo konnen ke yo pa gen dwa sa.

Èske w' panse ke Jezi te sibi tantasyon ak kèk bagay ke w' te ekri nan lis ou a?

Sanpou san MOUN



Aprè sa, Lespri Bondye pouse Jezi ale nan dezè a pou Satan te ka tante l'. Jezi pase karant jou ak karant nwit san manje. Aprè sa, li vin grangou. Lè sa a, Satan pwoche bò kote l' pou sonde l'. Li di l' konsa: Si ou se Pitit Bondye, bay wòch sa yo lòd pou yo tounen pen.

Jezi reponn li: Men sa ki ekri: Moun pa kapab viv ak manje ase. Yo bezwen tout pawòl ki soti nan bouch Bondye tou. Aprè sa, grandyab la mennen l' lavil Jerizalèm. Li mete l' kanpe sou pwent fetay tanp lan. Li di Jezi konsa: Si ou se Pitit Bondye, lage kò ou anba. Paske, men sa ki ekri: Bondye va bay zanj li yo lòd pou yo veye sou ou. Y'a pote ou nan men yo, pou ou pa kase zòtèy pye ou sou okenn wòch. Jezi reponn li: Men sa ki ekri tou: Ou pa dwe seye sonde Mèt la, Bondye ou. Satan mennen Jezi ankò sou yon mòn ki byen wo. Li moutre l' tout peyi ki sou latè ansanm ak tout riches Li di l' konsa: M'ap ba ou tout bagay sa yo, si ou mete ou ajenou devan m' pou ou adore m'.

Jezi reponn li: Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi. Fwa sa a, grandyab la kite l'. Latou, kèk zanj Bondye pwoche bò kote Jezi, yo sèvi l'.

(Matye 4:1-11)



Sampouvan **BONDYE**

Reflechi Sou Li

Granprèt nou an, se pa yon moun ki pa kapab souffri ak nou nan feblès nou. Okontrè, nou gen yon granprèt ki te pase anba tout kalite tantasyon menm jan ak nou. Men, li pa t' janm fè okenn peche.


(Ebre 4:15)

Pitit sa a reflete limyè bèl pouwa Bondye a, se bon pòtre Bondye li ye. (Ebre 1:3a)

**Koulye a, li ka pote sekou bay tout moun ki anba tantasyon, paske li menm tou li te pase anba tantasyon, li menm tou li te souffri.
(Ebre 2:18)**



Poukisa li te enpòtan ke Jezi pa t' komèt peche pandan li te kenbe tèt ak tantasyon an?




Ki zam Jezi te chwazi pou l' te pote viktwa sou tantasyon an?



Kisa w kapab fè pou w kanpe fèm epi pote viktwa sou tantasyon an?

**Se poutèt sa, ann pwoche avèk konfyans devan fotèy kote Bondye ki renmen nou an chita. Se la n'a jwenn padon pou peche nou yo, se la n'a jwenn pou gremesi sekou n'a bezwen lè nou nan nesosite.
(Ebre 4:16)**




Kòman sa fè w' santi lè w' konnen ke Jezi te sibi tantasyon menm jan w' ap fè fas ak tantasyon?



POUVWA EKSTRAÒDINÈ

Desine oubyen ekri osijè de sa w' te wè oswa eksperimente ki te ekstraòdinè.



Imaj

Pwisans Yo

Li pasaj sa yo. Kisa yo di osijè de Jezi?
Ekri konklizyon yo nan espas ki vid yo.



Konfimasyon konpasyon

Konfimasyon pwisans

Konfirmasyon konpasyon



LIK 7:11-17

Konfirmasyon pwisans

Konfirmasyon konpasyon



Konfirmasyon pwisans

MAK 6:45-62

PWISANS

Jezi te itilize pwisans li pou de rezon.

Premyeman, paske li te vle ede moun yo konnen ke li te Pitit Bondye, Sovè a. Dezyèmman, paske li te gen pitye pou moun yo. Li te enkyete li pou moun yo ak nesosite yo pou li te kapab ede yo.

Jezi ap pran swen w' tou. Li vle ede w' jodi a. Fè yon akwostich ak lèt mo "PWISANS". Ekri mo oubyen fraz ki dekrive: (a) pwisans Jezi a, (b) konpasyon li, (c) sitiyasyon nan lavi w ke w' bezwen konpasyon ak pwisans Jezi pou w' kapab kontinye pou pi devan.





Kilès moun ki chèf la?

Obsève imaj sa yo ki pou diferan otorite.

Pou ki rezon ou dwe obeyi yo?

Ki dwa yo genyen pou yo di w sa w dwe fè ak sa w pa dwe fè?



BONDYE



Jijman Ak Paadon

Otorite Jezi sou peche

Aprè sa, li ale lavil Kapènawòm ansanm ak manman li', frè li' yo ak disip li yo. Yo pase de twa jou la. Fèt Delivrans jwif yo te vanse rive. Se konsa Jezi moute Jerizalèm. Li jwenn yon bann moun nan tanp lan ki t'ap vann bèf, mouton ak pignon. Gen lòt menm ki te chita deyè tab yo ap chanje lajan. Li pran kèk kòd, li mare yo ansanm, li fè yon fwèt ak yo. Epi li mete tout moun yo deyò nan tanp lan ansanm ak tout mouton yo ak tout bèf yo. Li chavire tab moun ki t'ap chanje lajan yo, li jete tout kòb yo atè. Li di moun ki t'ap vann pignon yo: Wete sa la. Pa fè kay Papa m' lan tounen yon boutik kote yo fè komès.

✚ Disip li yo vin chonje pawòl sa yo ki te ekri nan Liv la: O Bondye, mwen sitelman renmen kay ou a, mwen santi se tankou

yon dife k'ap boule tout anndan mwen.

Jwif yo mande li: Ki mirak ou ka fè pou moutre nou ou gen dwa fè sa w'ap fè la a?

Jezi reponn yo: Kraze tanp sa a koulye a. Nan twa jou m'ap rebati li' ban nou. Jwif yo di li: Yo pran karansizan pou yo bati tanp sa a, pou ou menm, pou ou ta pran twa sèl jou pou rebati li? Men Jezi li menm, lè li t'ap di mo tanp lan se pwòp kò li li te gen nan tèt li.

Lè Jezi leve soti vivan nan lanmò, disip li yo vin chonje li te di sa. Se konsa yo te kwè sa ki te ekri nan Liv la ansanm ak tout pawòl Jezi te di yo. (Jan 2:12-22)



** Kòman w dekrive atitid Jezi fas ak peche?*

** Èske w panse li te gen dwa pou li te fè sa l' te fè a? Eksplike repons ou a.*

** Ki tit ou ta bay istwa biblik sa? Pou ki rezon?*

Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan moun ki voye m' lan, l'ap gen lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap kondannan li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan lavi. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Lè a ap rive, li rive deja: moun mouri yo pral tande vwa Pitit Bondye a. Tout moun mouri ki va tande vwa sa a pral gen lavi. Papa a gen pouvwa pou l' bay lavi. Konsa tou, li bay Pitit la pouvwa pou bay lavi tou. Li

bay Pitit la otorite pou jije, paske Pitit la, se Moun Bondye voye nan lachè a. Nou pa bezwen sezi. Lè a pral rive: tout mò ki nan tonm pral tande vwa li, yo pral leve soti vivan nan tonm yo. Moun ki fè sa ki byen pral leve pou resevwa lavi ki p'ap janm fini an. Men, tout moun ki fè sa ki mal pral leve pou resevwa kondannasyon yo. (Jan 5:24-29)

** Kimoun ki pap genyen kondannasyon? (v. 24)*

** Kisa Jezi va bay? (v.25)*

** Kisa Papa a te bay Jezi, epi pou kisa? (v.27)*

** Kisa ki va pase ak moun sa yo ki te fè sa ki byen? (v.29).*

** Kisa ki va pase ak moun sa yo ki te fè sa ki mal? (v.29).*

** Lè nou konpare pasaj sa a avèk Jan 2:12-22. Nan kisa yo sanble? Ki diferans yo genyen?*



Jezi, Pitit Bondye a, gen otorite pou l jije ak padone peche nou. Men ou dwe pran desizyon, men m si li se Sovè oubyen jij ou. Si w pa janm ko mande Jezi pou l vin Sovè w, epi ou vle fè l' nan moman sa, swiv etap sa yo:

ACK Sali a

A

ADMÈT ke w te fè peche (fè bagay ki mal, dezobeyi Bondye). Di Bondye ke w' te fè sa ki mal, repanti epi pran dispozisyon pou w chanje.

(Women 3:23; 1 Jan 1:9)

C

CHÈCHE Bondye, epi kwè ke li renmen w' epi te voye Pitit li, Jezi, pou sove w' anba peche w yo. Mande epi resevwa padon ke Bondye ofri w'.

(Jan 3:16; Travay 16:31)

K

KONFESE Jezi kòm Sovè ou. Rakonte lòt yo sa ke Jezi te fè pou ou. Renmen Bondye epi swiv Jezi.

(Jan 1:12; Women 10:13)

Kilès li ye?



Ekri oubyen desine nan nyaj la opinyon w osijè de Jezi. Kilès ou kwè ke li ye? Pou ki rezon li te vini nan mond lan?



Jezi,

Nan denmen, tout foul moun ki te vini pou fèt Delivrans jwif yo te vin konnen Jezi t'ap rive lavil Jerizalèm. Lè sa a, yo koupe fèy palmis, yo soti al kontre li. Yo t'ap plede rele: Lwanj pou Bondye. Benediksyon pou moun ki vini nan non Mèt la! Wi, benediksyon pou Wa pèp Izrayèl la.

Jezi te jwenn yon ti bourik. Li moute chita sou li, jan sa te ekri nan Liv la: Nou pa bezwen pè, nou menm ki nan lavil Siyon an. Gade, men wa nou an ap vini: Li moute yon jenn ti bourik. Disip yo pa t'konprann bagay sa yo lamenn. Men, se jouk apre, lè Jezi te fin moute nan syèl la, yo vin chonje tout bagay sa yo te ekri davans nan Liv la, epi se sa menm ki te rive lè moun yo te fè sa pou li. Te gen anpil moun ki te la avèk Jezi lè l' te rele Laza pou l' te fè l' soti nan kavo a, lè l' te fè l' leve soti vivan nan lanmò a. Yo tout t'ap rakonte sa yo te wè. Se konsa, foul moun yo te vin konnen li te fè mirak sa a. Se poutèt sa yo te vin kontre li. Farizyen yo menm, yonn t'ap di lòt: Nou wè. Nou pa ka fè anyen pou anpeche sa. Gade

jan tout moun ap swiv li (Jan 12:12-19).

Disip yo, foul moun yo avèk farizyen yo te panse Jezi t'apral etabli yon gouvènman sou latè, paske yo pat byen konprann sa Zakari 9:9 te di nan vèsè sa: Nou menm moun ki rete sou mòn Siyon an, fè fèt, fè gwo fèt! Nou menm moun lavil Jerizalèm, rele, chante tèlman



Anpil moun te genyen yon konsèp enkòrèk osijè de wayòm kote Jezi te Wa a. Desine yon (vizaj kontan) nan sèk ki sou bò dwat la, nan fraz ou panse ki kòrèk yo.

Epi desine yon (vizaj tris) nan fraz ou panse yo pa kòrèk yo.



sove nou kounye a!

Jan 12:12-19; Zakari 9:9

nou kontan! Gade! Men wa nou an ap vin jwenn nou! Li rann jistis san patipri. Li genyen batay la. Li san lògèy. Li moute yon bourik, yon ti bourik dèyè manman. Kèk jou apre, anpil nan moun ki t'ap adore Jezi yo te fache kont li. Yo t'ap tann pou Jezi te vin libere yo anba men women yo. Sepandan, Jezi ta pral mouri sou kwa kòm yon kriminel.

Kòman w' ta kapab chanje deklarasyon ki fo yo pou vrè?

Chanje deklarasyon ki fo osijè de Jezi yo:


1. Jezi te genyen yon kouwòn byen klere pou l te montre pèp la ke li te wa.
2. Jezi te abiye avèk yon palto len ki gen koulè mov pou ke tout moun te kapab wè li, epi pou ke tout moun te konnen li kòm Wa.
3. Jezi pat mache, li t'ap plede vwayaje nan yon cha ke cheval t'ap rale, avèk sòlda kòm kòtèj.
4. Jezi te viv nan yon palè avèk anpil sèvitè ki t'ap fè sa li mande.
5. Jezi te rete byen souvan nan kay lòt moun, men yo te dwe rich epi enpòtan.
6. Jezi te pase plis tan li yo ap pale avèk moun enpòtan yo.

Kounye a, ou konnen plis bagay sou Jezi, ekri kèk karakteristik osijè de pèsonalite li nan ak lèt ki anba yo. Ou kapab sèvi ak pawòl ki louwe Jezi yo tou.

LI
SE

JEZUS

Santiman w yo



Chwazi yon mo nan lis ki dekrive ekspresyon chak vizaj sa yo genyen.

Kilès ladan yo ki montre kòman w' santi w' lè w' ap panse oubyen koute yon bagay ki gen pou wè ak lanmò? Fè yon wonn pou w' antoure repons ou a.

Kounye a desine vizaj ki vid la pou montre kòman w' santi w' lè w' panse ak lanm.

LIS MO YO

Fache
Sipriz
Lapèrèz
Kè kontan
Tristès



Tonbo A Vid

Nan dimanch maten, byen bonè, li pa t' ankò fin jou, Mari, moun Magdala a, al nan kavò a.

Li wè yo te wete wòch ki te fèmen bouch kavò a.

Li kouri, li al jwenn Simon Pyè ansanm ak lòt disip Jezi te renmen an, li di yo: Yo wete Seyè a kote l' te ye nan kavò a. Nou pa konn kote yo mete li. Pyè pati ansanm ak lòt disip la, y' al nan kavò a. Yo t'ap kouri ansanm, men lòt disip la t'ap kouri pi vit pase Pyè. Li rive bò kavò a anvan li. Li bese pou l' gade anndan an. Li wè bann twal fin yo te fè yon pil atè a. Men, li pa antre.

Lè Simon Pyè rive dèyè l', li antre nan kavò a. Li wè bann twal fin yo anpile atè a ansanm ak moso twal ki te mare tèt Jezi a. Men, moso twal sa a pa t' menm kote ak bann twal fin yo. Li te vlope apa yon lòt kote. Se lè sa a, lòt disip ki te rive bò kavò a anvan an

antre tou. Li wè, li kwè. (Disip yo pa t' ankò konprann sa ki te ekri nan Liv la kote yo te di Jezi te gen pou l' te leve soti vivan pami mò yo.) Apre sa, tou de disip yo tounen lakay yo. Mari menm te rete deyò toupre kavò a. Li t'ap kriye. Antan l' t'ap kriye konsa, li bese tèt li pou l' gade anndan kavò a. Li wè de zanj Bondye abiye tout an blan, chita kote yo te mete kò Jezi a, yonn nan plas tèt la, lòt la nan plas pye yo. Zanj yo mande li: Madanm, poukisa w'ap kriye konsa? Li reponn yo: Yo wete Seyè mwen an, m' pa konn kote yo mete li. Lè l' fin di sa, li vire tèt li, li wè Jezi ki te kanpe la, men li pa t' rekonèt si se te Jezi. Jezi mande li: Madanm, poukisa w'ap kriye konsa? Ki moun w'ap chache? Mari menm te kwè se te mèt jaden an. Se poutèt sa li di li: Mèt, si se ou menm ki wete l', di m' ki bò ou mete li. M'a v al pran li.

Jezi di li: Mari!

Mari vire bò kot Jezi, li di l' an lang ebre: Rabouni (sa vle di: Mèt). Jezi di li: Pa manyen m'!

Mwen poko moute al jwenn Papa mwen. Men, ale jwenn frè m' yo, di yo m'ap moute bò kot Papa m' ki papa nou tou, m'ap moute bò kot Bondye m' ki Bondye nou tou. Se konsa Mari, moun Magdala a, al di disip yo: Mwen wè Seyè a. Epi li rakonte yo sa Jezi te di li.

Li te wè Sovè li a ki te resisite. "Jezi vivan"! Mari te di sa konsa.



(Istwa sa twouve li nan Jan 20:1-18).

Kòman Mari te santi li?

Koute istwa a avèk anpil atansyon. Chak fwa ke antrenè w la sispann li, mete yon nimewo nan kare ki gen imaj ki montre kòman Mari te santi li nan moman sa. Itilize nimewo 1 a 4.



ESPWA
AK KÈ
KONTAN

PADON
POU
PECHE

LAVI KI
PAP JANMI
FINI NAN
SYÈL LA

se pou vik twa

ÈD POU VIV NAN
FASON KI KÒRÈK

SAN PÈ
L'ANMÒ

Li fraz yo. Reflechi kisa rezireksyon Jezi a siyifi pou ou.
Chwazi yon fraz. Ekri yon lapriyè nan lèt "V" pou w di Bondye mèsi pou
benediksyon sa. Si w vle, ou kapab dekore li.

Chwazi youn nan fraz yo pou w konplete
lapriyè sa:
Gras ak Jezi ki te resite a nou genyen ...

***Yon benediksyon se yon
bon kado Bondye.**



Mesaj avèk bon nouvèl

Genyen yon mesaj ki kache nan fraz ki anba yo. Pou w' kapab li chak nouvèl ou dwe konplete chak fraz. Pou sa, chwazi yon mo nan lis la epi ekri li nan espas ki kòresponn nan.

1. Non disip ki te trayi Jezi a se te _____.
2. Farizyen yo te byen _____ kont Jezi, konsa yo te decide touye li.
3. Mari Magdala te premye moun ki te wè tonm nan vid. Men _____ se te disip ki te antre pou wè si kò Jezi a te disparèt reyèlman.
4. Tonm Jezi a te kouvri avèk _____ wòch pou ke pèsòn pat vòlò kò Jezi a.
5. Gwo foul moun ki te resevwa Jezi avèk fèy palmis yo te kwè ke Jezi te vini pou _____ anba men women yo.
6. Jezi te mouri, resisite epi kounye a l'ap viv pou toutan. Poutèt sa nou gen lavi _____.
7. Ozana vle di: "Jezi, _____ kounye a."
8. Filipyen 2:10 di konsa: "Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo _____ va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a."
9. Jezi _____ nou tout, pou sa li te mouri sou kwa pou peche nou yo.
10. Jezi te pote _____ sou lanmò lè li te resisite pami mò yo.
11. Lanmou Bondye a te tèlman _____ pou sa li te bay sèl Pitit li a pou sove nou.
12. Nou menm ki aksepte Jezi nan kè nou, nou genyen _____ pou toutan!
13. Nou kapab pale avèk Jezi atravè _____.

LIS MO YOU

Pou Toutan
Yon
Jida
Simon Pyè
Tout
Viktwa
Sove Yo
Fache
Lavi
Renmen
Sove Nou
Lapriyè
Gran





Jounalis: Bonjour, piblik la! Se Jozèf Jerima k'ap pale avèk nou la, pou bannou dènye nouvèl ki soti pou lavil Jerizalèm. Nou tout tandè rimè k'ap kouri sou Jezi, youn nan mesye yo te kloure sou kwa semèn pase yo. Gen kèk sous ki fè konnen ke gen plis pase 16 moun ki wè l' vivan.

Dapre enfòmasyon yo, Mari Magdalena youn nan disip li yo se te premye moun ki te wè li fasafas. Sa te pase dimanch pase pandan li t'al vizite tonm kote Jezi te antere a. Pyè avèk Jan ki se de nan disip li yo, di ke yo te jwenn tonm nan vid epi wè menm dra ki te vlope Jezi a, anplis de sa, yo te wè twal ki te sou tèt li a.

Yon jounalis nan lavil Emayis te fè entèvyou avèk de mesye nan vil la, yo te deklare ke Jezi te parèt sou yo nan wout pou soti Jerizalèm pou ale Emayis. Sepandan, yo te rive rekonèt li lè li te chita manje avèk yo. Youn nan mesye yo ki rele Kleyofas di konsa: "Mwen rann mwen kont ke se te Jezi, lè li priye sou manje a".

Jodi a gen youn nan disip Jezi yo ki vle pase entèvyou avèk nou.

Byenvini Simon Pyè!

Pyè: Mèsi dèske nou envite mwen pou m vin pale de Seyè a ki te leve soti vivan.

Jounalis: Sa fèm santi yon gwo kiryozite pou m' konnen osijè de moun ki te wè Jezi vivan!

Pyè: Men wi, se te vrèman emosyonan!

Sa te pase konsa: Te gen de disip ki te kouri soti nan lavil Emayis. Yo te kontan anpil paske yo te fenk rankontre avèk Jezi. Epi yo te kouri vini jous nan lavil Jerizalèm pou yo te di nou ke sa Mari te wè a se te vre. Jezi te resisite!

Nou te fè yon ti chita ap pale osijè de tèm nan, se menm kote a, Jezi te parèt nan mitan nou, li te kanpe nan chanm nan. Nou pat wè lè li te antre a; se pandan, li avanse epi di: "Lapè avèk nou!" Se nòmal pou te genyen yon konfizyon nan mitan disip yo. Gen kèk ki te panse ke se te yon zonbi, epi prèske pete kouri. Gen lòt ki t'ap tranble epi anvì deplase.

Asireman Jezi te li sa ki te nan lespri nou, paske li di konsa, "Poukisa nou pè konsa? Pouki tout lide sa yo nan tèt nou? Gade men m' ak pye m' yo. Se mwen menm wi. Nou mèt manyen m'. Gade m' byen: yon revenan pa gen vyann ak zo jan nou wè m' genyen an".

Nou menm ki te pi brav, nou te gade. Epi la nou te kapab wè mak blese yo nan men li nan moman yo te kloure l' sou kwa.

Mwen kwè ke Jezi te konnen ke gen kèk nan nou ki pa t' twò sèten jouskaprezan. Apre sa li te mande yo: "èske nou gen kichòy la pou manje?" Sèlman sa nou te genyen se te pwason boukannen, li te pran li epi li te manje l'.

Mwen kwè ke se sa ki te konvenk nou tout de ke li te reyèl epi se pa t' yon zonbi.

Lè li te fin manje, Jezi te eksplike nou ke se sa li te eseye di nou lè li te ansanm avèk nou an. Reyèlman, nan moman sa nou pat konprann li vre. Epi apre sa li te ajoute: "Men sa ki ekri nan Liv la, epi konsa li te nesesè pou Kris la mouri epi leve soti vivan sou twazyèm jou a". Tou sa ki te ekri sou mwen nan lalwa Moyiz la, nan Liv pwofèt yo, menm nan sòm yo, fòk tou sa te rive. Apati de moman sa, tout bagay te vin gen sans apre li te fin eksplike nou sa ki te ekri nan Liv la.

Jounalis: Ebyen, Pyè, ou sanble byen konvenki ke Jezi te leve soti vivan pami mò yo epi kounye a l'ap viv. Kisa w' pral fè kounye a?

Pyè: Jezi te di nou pou nou rete tann jiskaske nou resevwa pwisans Bondye.

Konsa, nou pral rakonte tout moun sa nou te wè ak tande. Se pou rezon sa mwen la jodi a. Mwen vle rakonte pifò moun ke Jezi vivan epi Li se Pitit Bondye a.

Jounalis: Ebyen, chè piblik, se tout sa mwen te genyen pou nou jodi a. Li difisil pou nou pa kwè apre nou fin tande yon moun tèlman konvenki tankou Pyè. Mwen se Jozèf Jerima, sa se te entèvyou espesyal nou pou jodi a. Kounye a nou pral retounen nan pwogramasyon nou yo. Mèsi anpil.

(Istwa sa twouve li nan Lik 24:36-49)



Crakonte “bon nouvèl la”

Reponn kesyon sa yo ansanm avèk klas la:

Kòman w' kapab itilize men w yo, pye ak lòv ou yo semèn sa pou w' transmèt Bon Nouvèl la osijè de rezireksyon an?

Kimoun ou ka rakonte Bon Nouvèl la semèn sa?

Fè
yon lis ki gen
tout sa ke w'
konsidere ki
enpòtan pou
moun yo tande.



Panse osijè de

Li vèsè ki pale de syèl la. Apre sa, desine sa li di nan nyaj yo.

syèl la

Nan premye nyaj la, desine oubyen ekri kòman ou panse syèl la ye.

Nan dezyèm nyaj la, desine oubyen ekri sa w panse w' pral fè nan syèl la.

Nan twazyèm nyaj la, desine oubyen ekri sa w' panse k'ap fè syèl la yon kote ki espesyal.

“Lakay Papa a gen anpil kote pou moun rete. Mwen pral pare plas pou nou. Si se pa t' vre, mwen pa ta di nou sa.”
(Jan 14:2)

“Li gen pou l' cheche tout dlo nan je yo. p'ap gen lanmò ankò, yo p'ap nan lapenn ankò, yo p'ap janm plenyen ankò, yo p'ap janm soufri ankò. Tout vye bagay sa yo pral disparèt.”
(Revelasyon 21:4).

“Apre sa, mwen tande tout kreyati Bondye yo nan sièl la, sou latè, anba tè a, nan lanmè, yo tout yo t'ap chante: Lwanj, respè, pouvwa, otorite pou Moun ki chita sou fòtèy la, ak pou ti Mouton an pou tout tan.”
(Revelasyon 5:13)

YON PAWÒL ENPÒTAN

Mouton- Yo rele Jezi mouton oubyen mouton Bondye nan Nouvo Testaman. Yon mouton dou epi enb.

JEZI AP RETOUNEN!



Rakontè: Kèk jou avan Jezi te mouri sou kwa, li te prepare disip li yo pou tout sa ki ta rive li. Li te konnen yo t'ap vin tris, dekouraje epi twouble lè yo ta wè li sou kwa, konsa li te vle konsole yo epi ba yo esperans retou li. Poutèt sa, li te kòmanse anseye yo osijè de syèl la. Epi li te di yo bagay sa yo.

Jezi: "Pa kite bagay sa yo toumante nou. Mete konfyans nou nan Bondye, mete konfyans nou nan mwen tou. Lakay Papa a gen anpil kote pou moun rete. Mwen pral pare plas pou nou. Si se pa t' vre, mwen pa ta di nou sa".

Kè: Konfye! Konfye! L'ap retounen! L'ap retounen!

Rakontè: Apre lanmò Jezi, disip yo te pè epi dekouraje. Yo pat sonje pwomès ke Jezi te fè yo de ke li ta gen pou li leve soti vivan pami mò yo. Yo te bliye tou si Jezi t'a pral prepare yon plas pou yo nan syèl la.

Mari ak anpil lòt te wè Jezi. Jezi te vizite yo pandan 40 jou, epi li te anseye yo sou wayòm Bondye a.

Yon jou Jezi te di disip li yo pou yo te fè yon bagay.

Jezi: "Piga nou soti nan Jerizalèm, men pito, rete tann pwomès Papa a ke m te pale nou de li a...epi nou gen pou nou batize avèk Sentespri a".

Rakontè: Disip yo pat konnen kilès Sentespri a te ye. Jiskaprezan yo pat konnen sou ki kalite wayòm ke Jezi t'ap anseye yo a. Konsa, yo te poze li kesyon sa:

Disip yo: Mèt, èske w'ap vin restore wayòm Izrayèl la menm jan li te ye avan?

Jezi: Nou pa bezwen konnen ki jou ni ki lè sa va fèt. Se Papa a ki fikse dat la li menm, pou kont li. Men, lè Sentespri a va desann sou nou, n'a resevwa yon pouvwa.

Kè: Sentespri a ap vini! Jezi te pwomèt li.

Jezi: "N'a resevwa yon pouvwa. Lè sa a, n'a sèvi m' temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènnye bout latè".

Kè: Jouk nan dènnye bout latè!

Rakontè: Pandan Jezi t'ap pale konsa, pye l yo te kòmanse ap pèdi tè epi monte nan yon nyaj devan je yo a. Disip yo te sezi! Epi pandan yon bon moman yo

te rete ap gade nan syèl la. Menm kote a, dezòm abiye tout an blan bò kote yo a, epi mande yo:

Dezòm yo: Nou menm, moun Galile, poukisa nou rete la ap gade syèl la konsa? Jezi sa a ki fèk sot nan mitan nou an pou moute nan syèl la, li gen pou l' tounen menm jan nou wè l' moute nan syèl la.

Rakontè: Nan moman sa disip yo te koute pwomès de ke Jezi ta gen pou l' retounen ankò. Epi finalman yo te kwè! Èske li pa ta leve soti vivan nan lanmò jan li te pwomèt li a? Disip yo te santi

doulè lè yo te wè Jezi ta prale. Men yo te konnen ke li t'ap kenbe pwomès li ke li te fè yo pou voye Sentespri a pou rete avèk yo pou toutan. Kounye a yo te kapab di ak tout fòs yo:

Yo tout: Nou pral sèvi l' temwen jouk nan dènye bout latè jiskaske li retounen ankò. Jezi ap vin chèche nou jan li te pwomèt li a. Glwa pou Bondye!

(Istwa sa twouve li nan Jan 14:1-4; Travay 1:1-11)

Reflechi

Kisa Jezi te di disip li yo ke yo te dwe fè?

Kòman w' panse disip yo te santi yo lè yo te wè Jezi k'ap monte nan syèl la?

Kisa dezòm abiye tout an blan yo te di disip yo?

Jezi, Wa a

Li deklarasyon sa yo. Make repons kòrèk yo avèk yon wonn.

1. Jezi te vin tounen

1. a. wa lavi nou.
b. wa peyi nou.

2. Wayòm Jezi a se yon

2. a. lanmou.
b. pouvwa militè.

3. Jezi te di disip yo pou yo te rete tann


3. a. twa jou.
b. Sentespri a.

4. Dezòm abiye tout an blan yo te di disip yo ke Jezi

4. a. ap retounen.
b. li t'ale nèt.

5. Disip yo te deside

5. a. pete kouri.
b. rete tann.



Fason pou byen prepare pou retou Jezi a



Li fraz sa yo. Mete yon siy pozitif (+) nan fraz ki montre bon fason pou yon moun prepare li pou retout Jezi a, epi yon siy negatif (-) nan lòt fraz yo.

- | | |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Ale nan klas kote y'ap anseye egzakteman dat Jezi ap retounen an. | <input type="checkbox"/> Pale ak lòt moun osijè de Jezi pou yo menm tou yo kapab pare pou retou a. |
| <input type="checkbox"/> Obeyi Jezi chak jou. | <input type="checkbox"/> Lapriyè pou moun ki poko konnen Jezi. |
| <input type="checkbox"/> Enkyete ak pè retou Jezi a. | <input type="checkbox"/> Viv nenpòt jan paske Jezi ap mize avan li vini. |
| <input type="checkbox"/> Fè plan pou w' vin yon kretyen lè w' gran. | <input type="checkbox"/> Konvèti an kretyen kounye a si w' potko fè li. |

Kè mwen, twòn Kris la

Si w decide ke Kris vin wa lavi w' jodi a, mete non ou nan kè a.

Mwen menm, _____
(ekri non ou)

Mwen vle Jezi vin
WA LAVI MWEN.

Dat jodi a

Si w' sot pran desizyon sa, ou kapab toujou siyen kè a. Sa ap montre ke w' konvenki de desizyon w' lan.

Kontra avèk Noye a?



Antoure desen ki montre yon kontra.



JA JA
JA JA



Kòman w' defini mo kontra?



YON KONTRA

lan, mwen pral detwi tout latè ak sa ki ladan li. Men, m'ap fè yon kontra avè ou. W'a antre nan batiman an, ou menm, pitit gason ou yo, madanm ou ansanm ak madanm pitit ou yo. W'a pran avèk ou tou yon pè nan tout kalite bèt, yon mal ak yon fenmèl. Wa fè yo antre nan batiman an ansanm ak ou pou yo pa mouri. Konsa, nan tout kalite zwazo, nan tout kalite bèt domestik, nan tout kalite bèt ki trennen sou vant yo, gen yon pè nan chak kalite ki va vin jwenn ou pou yo pa mouri. Ou menm bò pa ou, ranmase tout kalite manje, mezi ou kapab. Fè yon bèl pwovizyon mete la pou ou ka jwenn manje pou ou manje ansanm ak tout bèt yo tou". Se konsa Noe fè tout sa Bondye te ba li lòd fè a. Wi, se sa menm li te fè. Konsa, lapli te kòmanse tonbe. Li te pase 40 jou ak 40 nwit. Dlo a te tèlman monte li te kouvri mòn ki wo yo epi detwi tout sa li jwenn sou wout li.

Chak plant, animal ak moun ki te rete sou latè te mouri. Se sèlman moun ki te andedan lach la, avèk moun Bondye te siyen kontra yo te rete vivan.

Inondasyon an te dire 150 jou. Apre sa, Bondye te voye van sou latè epi dlo a te kòmanse bese.

Finalman, lach la te apiye sou mòn Ararat. Latè te kòmanse seche lantman.

Yon jou, Bondye te retounen pale ak Noye ankò, e li di l' konsa: "Soti nan batiman an, ou menm, madanm ou, pitit ou yo ansanm ak madanm pitit ou yo. Fè tout bèt yo soti tout ansanm avèk ou, zwazo yo, zannimo domestik yo, tout bèt k'ap trennen sou vant yo. Se pou yo fè pitit, fè anpil pitit pou mete sou tè a ankò." (Jenèz 8:16-17)

Noye tounen obeyi Bondye ankò. Li menm avèk fanmi li ak tout bèt ki te nan lach yo soti

Nan kòmansman Bondye te kreye latè pou l te yon kote ki bon nèt. Li te kreye li san peche.

La a, Bondye avèk lòm ta kapab pale fasfas. Sepandan, Adan avèk Èv te deside dezobeyi Bondye, epi peche an antre nan mond lan.

Konsa, lè Bondye te gade latè li te wè moun yo ranpli ak mechanste. Yo te mechan epi egoyis. Yo te konn nan goumen youn avèk lòt. Yo te gen move panse toutan. Sanble pa te genyen okenn moun ki te sonje Bondye Kreyatè ki plen ak lanmou ki te tèlman pran swen yo a. Bondye te vrèman tris pou sa. Li pat kapab kite mond lan kontinye konsa. Li te oblije detwi l'.

Sepandan, te genyen yon nonm ki te diferan. Non li se te Noye.

Noye te fè Bondye plezi paske li te renmen li ak tout kè l', epi li te konn fè sa ki byen.

Yon jou, Bondye te pale ak Noye, epi li di l' konsa: "Akoz de mechanste ki gaye nan mond

POU TOUT MOUN

deyò. Lè yo rive sou tè fèm, Noye te bati yon lotèl epi ofri sakrifis remèsiman pou di mizèrikòd ak pwoteksyon li pandan inondasyon an.

Bondye te beni Noye ak pitit li yo, epi li di l konsa: “Wi, m’ap pase kontra mwen ak nou: mwen pwomèt pou m’ pa janm voye gwo inondasyon ankò pou detwi tout moun ak tout bèt

vivan yo. Konsa, p’ap janm gen gwo inondasyon ankò pou ravaje latè. Bondye di ankò-Kontra m’ap pase avèk nou ansanm ak tout bèt vivan ki la avèk nou yo, se yon kontra k’ap la pou tout tan. M’ap ban nou yon siy pou li.” (Jenèz 9:11-12)

(Istwa sa twouve li nan Jenèz 6:5–9:17)

POU KI MOUN CHAK PATI YE?

Li chak fraz, epi decide si li dekrive pati kontra ke Bondye te gen pou l’ akonpli a oswa sa Noye te gen pou l’ akonpli a. Relye chak fraz ak flèch ki kòresponn nan.

**PATI KONTRA
BONDYE A**

Konstwi lach la.

*Fè lapli tonbe pandan 40 jou
ak nwit.*

Fè tout sa ke li te di l’ fè.

Konsève lach la an sekirite.

*Pwomèt ke li pap janm kite pou
yon inondasyon detwi latè ankò.*

Koute Bondye.

**PATI KONTRA
NOYE A**

Kisa Noye te fè chak fwa ke Bondye te pale avèk li?

Li te _____ Bondye.




KONTRA LANMOU BONDYE AVÈK MWEN


EZAYI 54:10

“Ou te mèt wè mòn yo ap souke, ti mòn yo ap tranble, mwen p’ap janm sispann renmen _____. M’ap toujou kenbe kontra mwen te pase pou m’ te toujou byen avè ou la _____. Se Seyè ki renmen ou lan ki di ou sa”.

(Ekri non w’ nan espas vid yo).



KRAZE!



Desine objè ou pi renmen an nan kadreman.



Kòman w' t'ap santi w' si yon moun ta kraze li pa eksprè?



Mwen pwomèt ke m pap devwale sekre w' la.

Mwen pwomèt ou ke w'ap vini avèk mwen.

Mwen pwomèt ou ke m'ap achte l pou ou apre.

Kòman w' t'ap santi w' si yon moun ta fin fè w' pwomès sa yo epi li pa akonpli yo apre?



Kijan sa fè w' santi w'?

Bondye Fè Yon Pwomès



Sara te mande: “Ki kote nou prale Abraram?” pandan li t’ap mare pakèt li ak pa fanmi l’ yo.

Abraram reponn li: “Mwen pa konnen. Li mare sanble zafè li yo epi kòmanse monte pakèt li yo sou do ti bourik li. “Seyè a dim konsa pou m kite tè sa avèk paran m yo. Nou prale nan tè kote li pral montre m’ nan. Kòm nou pa konnen kote Seyè a ap mennen nou, nou dwe konfye nou ke l’ap mennen nou yon kote ki asire”.

“Epi fè nou konnen lè nou rive kote nou prale a”, se te pawòl Sara avèk yon souri sou lèv li.

Menm kote a, Abraram ak Sara te pare pou pati. Yo te pran tout posesyon yo avèk yo, sèvant ak sèvitè li yo avèk Lot, nive Abraram nan. Yo pa t’ konnen kote yo ta prale, men

Bondye te fè Abraram anpil bèl pwomès si li te obeyi li.

Bondye te di Abraram: “M’ap fè w’ vin yon gwo nasyon”. “Non w ap vin popilè anpil... Epi atravè ou menm m’ap beni tout pèp ki sou late”.

Ala de kè kontan Abraram te santi, lè Bondye te mennen li ale nan tè Kanaran anba pwoteksyon li!

Seyè retounen pale ak Abraram ankò, epi anonse li, “M’ap bay pitit pitit ou yo tèritwa sa”.

Abraram te sezi anpil, paske li te genyen 75 ane epi li pa t’ gen pitit. Malgre sa, li te bati yon lotèl epi adore Bondye.

Aprè sa, yo te kanpe tant yo nan Kanaran epi yo te rete la.

Plizyè ane te pase.

Yon jou, Bondye te pale ak Abraram yon lòt fwa ankò.

Bondye te di l’ konsa: “Ou pa bezwen enkyete w’. Mwen te pwoteje w’, mwen pral beni w’ ”.

Abraram te sonje pwomès de ke li menm avèk pitit li yo ta gen pou resevwa tè Kanaran.

Li te reponn: “Ni pitit mwen poko genyen non”.

“Lè m’ mouri, se nan men sèvitè m’ nan tout sa mwen posede pral rete”. Bondye te di li: “Non”. “Sèvitè w’ la pap eritye nan sa w’ posede”.

Abram di ankò. Gade! Ou pa ban m' pitit. Se yonn nan domestik mwen yo ki pral eritye m'. Lè sa a, li tandè Seyè a ki di l' konsa. Non, se pa li menm ki pral eritye ou. Se pwòp pitit zantray ou ki pral eritye ou.

Seyè a fè Abram soti deyò, li di l' konsa: "Leve je ou, gade syèl la byen. Konte zetwal yo si ou kapab. Apre sa, li di. Pitit pitit ou yo va anpil tankou zetwal nan syèl la." (Jenèz 15:5)

Anpil pitit tankou tout zetwal yo?

Sa ta sanble enposib! Men Bondye te di l ke sa ta gen pou rive. Konsa, Abraram te deside obeyi Bondye. Li di konsa: "Bondye ap akonpli pwomès li." Anpil ane te pase. Kounye a, Abraram te genyen 100 ane epi Bondye te vin pale avèk li ankò: "Men kontra m'ap pase avè ou la. W'ap zansèt moun anpil nasyon. Yo p'ap rele ou Abram ankò. Men y'a rele ou Abraram, paske m'ap fè ou tounen zansèt moun anpil nasyon.

M'ap ba ou anpil anpil pitit pitit. Y'ap tounen kantite nasyon. Anpil wa ap soti nan ras ou.

M'ap kenbe kontra m' lan avè ou, avèk tout ras ou. De pitit an pitit, se va yon kontra k'ap la pou tout tan. Se mwen k'ap Bondye ou, se mwen k'ap Bondye pitit pitit ou yo tou." (Jenèz 17:4, 5-7)

Bondye te di Abraram tou ke Sara madanm li t'ap vin gen yon pitit. Abraram te ri paske li te twouve sa yon ti jan komik lè li te panse ke li ta vin papa nan yon laj tèlman avanse. Menm konsa, se se te yon pwomès Bondye, yon kontra. Li te konnen ke li te kapab mete konfyans li nan Bondye. Kisa Sara ta panse lè li te di l ke apre yon tan li ta gen pou l akouche yon pitit gason?

(Istwa sa twouve li nan Jenèz 12; 15; 17:1-21.)

KISA BONDYE TE PWOMÈT?

Li chak vèsè. Rakonte sa Bondye te pwomèt Abraram nan nan yon fraz ki tou kout.

Jenèz 12:2 — "M'ap ba ou anpil pitit pitit. Y'a tounen yon gwo nasyon. M'a beni ou. Y'a nonmen non ou toupatou; w'a sèvi yon benediksyon pou tout moun."

Jenèz 15:5 — "Leve je ou, gade syèl la byen. Konte zetwal yo si ou kapab. Apre sa, li di. Pitit pitit ou yo va anpil tankou zetwal nan syèl la."

Jenèz 17:19 — "Men Bondye di l'. Non, se Sara madanm ou, ki gen pou fè yon pitit gason pou ou. W'a rele l' Izzak. M'ap kenbe kontra mwen avèk li, ansanm ak pitit pitit li yo. Pa bliye. Se va yon kontra k'ap la pou tout tan."

Èske Bondye te akonpli pwomès li te fè Abraram yo?

Konbyen tan ki te pase avan ke Bondye te akonpli yo?

Kòman M Kapab Mete Konfyans Mwen Nan Bondye?

Pafwa li difisil pou mete konfyans nan Bondye. Gen kèk fason la a ki kapab ede w' mete konfyans ou nan Li. Pote postè sa lakay ou epi mete li yon kote ke w' ka toujou wè l'.

- 1.** Li kòman Bondye te akonpli pwomès li yo anvè lòt moun atravè Bib la.
- 2.** Priye epi mande Bondye pou l' ede w' mete konfyans ou nan Li.
- 3.** Koute lè lòt moun ap bay temwayaj de sa Bondye te fè.
- 4.** Aprann vèsè osijè de lanmou ak pwoteksyon Bondye.
- 5.** Fè yon lis de kantite fwa ke Bondye te ede w' oubyen reponn priyè w yo.
- 6.** Chante kantik lwanj.
- 7.** Di Bondye mèsi pou sa l' te fè ou avèk fanmi w'.



KISA KI PWOBLÈM NAN?



*W'ap jwi yon
jou sou plas la.*

*Ki responsablite w'
genyen?*

*Èske responsablite w' la ap
ede w' jwi jou sa?*

Yon reyinyon sou mòn nan

Egzòd 19-20;
24:1-17.

Bonjou. Sa se yon repòtaj depi sou mòn Sinai, nan kan Izrayelyen yo. Yo tout ap pale de evènman ki fenk pase la sou mòn nan. Mesye, èske w' ta kapab rakonte nou sa ki pase?



Bon, nou kite peyi Lejip sa fè depi twa mwa, epi Bondye te gide nou rive jouk la. Apre sa, Bondye te pale ak Moyiz.



Rete tann pandan yon segond. Ou di ke Bondye te pale dirèkteman ak lidè a, Moyiz?

Se sa l' ye. Bondye toujou pale avèk li. Li te fè l' sonje tout bon bagay ke li te fè pou nou yo. Apre sa li ba l' yon mesaj pou l' te bannou. Li te di l' konsa: "Koulye a menm, si nou koute sa mwen di nou, si nou kenbe kontra mwen an, se nou menm m'ap chwazi pou moun pa m' nan mitan tout pèp ki sou latè."



Hmmm... Kite m ekri tout sa. "Koute...kontra...trezò espesyal". Trè byen, egzat. Èske li te di yon bagay anplis?

Wi, li te di Moyiz pou l' te di nou pou nou prepare nou pou twazyèm jou a. L' ap vin sou mòn Sinai a pou l' rankontre avèk nou.

Se vrèman enteresan! Kòman pèp la te reyaji lè yo te tande pawòl sa yo?



Nou tout te reponn: "N' ap fè tout sa li di nou". Apre sa, nou lave rad nou epi nou prepare nou pou nou rankontre ak Bondye.



Sa te dwe yon bagay enkwayab lè yo panse yo ta pral rankontre ak Bondye. Mwen panse ke li te dwe difisil rete tann pou moman sa rive!

Reyèlman Bondye te di Moyiz ke nou pat kapab monte sou Mòn nan. Menm touche nou pat kapab touche li. Sèlman Moyiz te kapab monte pou li te rankontre ak Bondye.

Rakonte m, kòman twazyèm jou a te ye?



Nan maten sa te genyen anpil kout tonè ak zèklè. Te gen yon gwo nyaj byen pwès ki te kouvri mòn nan. Nou tande gwo bri yon twonpèt. Nou tout te pran tranble sitèlman nou te pè. Apre sa, Moyiz mennen nou sou mòn nan.





Kisa Bondye te pwomèt izrayelit yo? Ki pati izrayelit yo te dwe akonpli nan kontra sa?

Pou jwenn repons kesyon sa yo, chèche Egzòd 19:5-6 epi konplete espas vid yo.

“Koulye a menm, si _____ sa mwen di nou, si nou kenbe _____ mwen an, se nou menm m'ap _____ pou _____ pa m' nan mitan tout pèp ki _____. Tout latè se pou mwen, se vre. Men nou menm, n'ap vini yon _____ moun k'ap sèvi m' tankou prèt, yon pèp k'ap viv _____ mwen”.

PÈP KONTRA JODI A

Nou menm kretyen yo nou se pèp
kontra Bondye a jodi a.

Bondye te pwomèt padone peche nou yo si
nou aksepte Jezi kòm Sovè nou.

Pati kontra nou an se konfyè nou nan Jezi epi
obeyi Bondye.

Li sa. Kòman w' kapab viv kòm yon moun ke w'
te siyen yon kontra avèk li nan chak
sitiyasyon?



Ou menm avèk zanmi w' lan andedan yon
magazen. Tou de bezwen yon gazolin, men
nou pa gen lajan. Zanmi w' lan mande w' pou
nou vòlò li.

Manman w' mande w' pou w' netwaye chanm ou
an, pandan l'ap soti pou al fè acha. Ou prefere
gade televizyon.



Zanmi w' lan envite w' lakay li yon jou
dimanch maten pou al jwe jwèt videyo.
Pou w' ale, fòk ou ta pèdi sèvis legliz la.

Kado Granpapa A



Anita avèk granpapa li te de bon zanmi. Chak sezon lete rive, granpapa l toujou mennen l al peche avèk li, naje ak fè laplanch. Nan sware yo, yo li ak jwe ansanm.

Yon jou, lè Anita te gen 12 ane sou tèt li, granpapa li te fè yon ti chita pale avèk li.

Li di l' konsa: "Yon jou tankou jodi a ou gen pou antre nan inivèsite. Mwen te pase plizyè ane ap sere lajan. Yo tout nan yon kès espesyal. Lè w' pare pou w' kòmanse inivèsite a, lajan sa ap disponib pou ou."

Anita pat kapab kwè li. Li bay granpapa l' yon gwo akolad.

Li di konsa: "Sa se pibon kado a wi granpapa".

Yon ti tan avan ke Anita te fini ak klas segondè li, granpapa a te mouri. Men yon ti tan apre, yon avoka te rele paran Anita yo. Anita avèk paran l' yo leve y' al kote avoka a.

Avoka di konsa: "Anita, granpapa w' te fè yon bagay ki byen espesyal pou ou. Li te mete yon lajan nan yon kès espesyal pou w' kapab antre nan inivèsite."

Granpapa a te akonpli pwomès li a. Anita antre nan inivèsite epi li te gradye kòm odontològ. Apre sa li marye epi li genyen twa pitit.

Anpil ane te pase apre sa.

Yon jou, avoka a te rele Anita yon lòt fwa ankò.

Li di konsa: "Mwen gen yon bon nouvèl pou ou ki pral fè kè w' kontan. Lè granpapa w' te sere lajan pou ou, li te fè yon bagay anplis. Li te monte yon plan pou ke te genyen lajan ase pou ke pitit ou yo tou kapab antre nan inivèsite. Yo tout nan yon kès espesyal. Lè pitit ou yo gen laj pou antre nan inivèsite, lajan sa ap disponib pou yo."

Anita di tou piti: "Granpapa. Mwen te panse ke kado w te ban mwen an te pi bon. Men, kado sa pou pitit mwen yo pi bon toujou! Mèsi granpapa!"

Konplete fraz sa:

Kado granpapa a pou Anita te pi _____
pase sa li te kapab imagine li oubyen tann.



PLAN yon WA

—David di zanmi lan pwofèt Natan konsa:

--Gade plas sa! Li bèl anpil wi!

Yo t'ap mache ansanm pou ale nan nouvo palè David la.

--Natan reponn li: --Wi, li bèl vre! Pandan li t'ap pase men l' nan yon bèl planch byen taye.

Menm kote a, David fè yon ti kanpe.

--Ou konnen, mwen gen palè tounèf sa pou m jwi, men bwat kontra Bondye a nan yon tant jiskaprezan wi.

Natan te panse ke David te gen yon bagay nan lespri li.

Natan di l konsa: --Fè sa w'ap panse a, Bondye va beni w'.

David te genyen yon trè bon lide. Li ta pral bati yon tanp, yon gwo kay pou onore Bondye.

Bondye te beni l' epi fè l' vin wa peyi Izrayèl. Li te ba li responsablite dirije izrayelit yo pou ke yo te kenbe kontra ke Bondye te fè avèk yo a. Lide konstriksyon tanp pou Bondye a te bèl anpil.

David te fou pou l te kòmanse!

Sepandan, plan David yo se pat plan Bondye.

Nan menm sware sa, Seyè a te pale avèk Natan.

“Di David konsa pou mwen ke mwen pa bezwen pou l bati tanp pou mwen. Mwen gen gwo plan pou li. Mwen pral kraze lènmi ki kanpe anfas pèp mwen yo epi ba li yon kote ki asire pou l viv”.

Pwomès sa yo bèl anpil. Men Bondye potko fin pale. “Aprè David fin mouri, pitit li va wa, se li menm ki va bati kay la, epi mwen va fè twòn li an dire pou toutan. Mwen va tankou yon papa pou li, epi li menm pou mwen tankou yon pitit; mizèrikòd mwen va toujou kouvri li, mwen pap lage l' jan mwen te fè l' ak sa ki te vini avan l' lan; men pito mwen va asire li lakay mwen ak wayòm mwen pou toujou, epi twòn li an va dire pou toutan.

Wa David te sezi anpil lè Natan te ba l' mesaj

Bondye te voye ba li a. Li pa t' kapab kwè sa Natan te di l' la! Epi yon sèl bagay li te vle fè se te bay Bondye lwanj.

-Seyè Bondye sèl Mèt la, kisa mwen ye? Kisa fanmi mwen ye pou ou te fè tout sa ou deja fè pou nou? Men, ou wè sa pa kont toujou, Bondye sèl Mèt la! Kifè koulye a w'ap fè konnen sa ki pral rive fanmi mwen denmen nan lanne k'ap vini yo. Ou trete m' tankou yon grannèg,

Seyè sèl Mèt la. Kisa mwen

menm David, mwen ka di ou, Seyè, apre sa pou bèl bagay ou fè pou mwen yo? Ou konnen ki moun mwen ye, mwen menm k'ap sèvi ou la. Se paske ou te fè pwomès la, paske ou te vle l' konsa, Seyè, kifè ou te fè tout bèl bagay sa yo pou ou te fè m' konnen yo. Seyè, Bondye mwen, pa gen tankou ou. Pa gen lòt Bondye pase ou menm! Yo te toujou di nou sa.

Pa gen lòt nasyon sou latè tankou pèp Izrayèl la. Se ou menm ki delivre yo pou yo te ka tounen yon pèp ki rele ou pa ou. Se pou yo ase ou fè sa! Toupatou sou latè y'ap nonmen non ou pou gwo mirak ak bèl bagay ou fè pou yo. Ou mete lòt nasyon deyò pou fè plas pou pèp ou a, pèp ou te delivre anba pouvwa pèp peyi Lejip la.

Ou fè pèp Izrayèl la tounen pèp pa ou pou tout tan, ou menm ou tounen Bondye yo.

Koulye a, Seyè, Bondye, se pou ou kenbe pwomès ou te fè sèvitè ou la ansanm ak fanmi li an. Se pou ou fè sa ou di w'ap fè a.

Kenbe pwomès ou pou tout moun rekonèt jan ou gen pouvwa, pou yo di:

Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki Bondye pèp Izrayèl la vre. Se yon Bondye pou pèp Izrayèl la. Konsa, gouvènman ki nan men fanmi David, sèvitè ou la, va kanpe fèm pou tout tan devan ou. Se ou menm, Bondye mwen, ki te fè m' konnen

tou sa. Ou te di m', mwen menm sèvitè ou la, w'ap ban mwen yon fanmi, lèfini w'ap fè baton gouvènman an toujou rete nan men fanmi mwen. Se poutèt sa mwen gen kouraj fè lapriyè sa a nan pye ou. Koulye a, Seyè, se ou ki Bondye, se ou ki pwomèt sèvitè ou la bèl bagay sa yo.



ta pral bezwen pou pwojè sa. Men sa David pat konnen an se ke kontra Bondye te fè avèk li a te pibon pase sa li te panse oubyen imajine li. David te kwè ke Bondye t'ap pwomèt li ke fanmi li te gen pou gouvène pèp Izrayèl la pou toutan. Epi pou anpil ane se konsa sa te ye. Men Bondye te konnen yon bagay ke David pat konnen. Yon jou—san ane

Tanpri, beni tout fanmi mwen apre mwen, pou yo ka toujou anba pwoteksyon ou. Wi, Seyè, se ou ki bay benediksyon. Se pou ou toujou voye benediksyon ou sou fanmi mwen.

apre—yon Wa te fèt nan fanmi David ki ta gen pou l gouvène sou tout wayòm Bondye a tout kote epi pou toujou!

David te kòmanse rasanble materyèl ke pitit li a

(Istwa sa twouve li nan 1 Kwonik 17; Lik 1:31-33, 68-71).

YON GWO KADO POU DAVID

“L’ap vin yon grannèg, y’a rele li Pitit Bondye ki anwo nan syèl la. Mèt la, Bondye nou, va fè l’ wa tankou David, gran granpapa li. La gouvènen pèp Izrayèl la pou tout tan, gouvènman l’ lan p’ap janm fini.” (Lik 1:32-33)

“Ann chante pou Mèt la, Bondye pèp Izrayèl la. Paske, li vin sove pèp li a, li delivre yo anba esklavaj. Li voye yon moun avèk gwo pouvwa pou delivre nou. Se nan laras David, sèvitè Bondye a, li soti.” (Lik 1:68-69)

De kimoun Lik pale? _____

Koupe kèk oubyen tout fraz sa yo, epi mete yo ansanm pou w' kreye pwòp priyè pou w' di Bondye mèsi pou bonte li.



Kreye

YON

lapriyè.

Bondye, ou mèvèye!

Mèsi dèske w' siyen yon kontra avèk nou.

Ou trete nou yon fason ki espesyal.

Mèsi paske w' renmen mwen.

Mwen ba w' glwa.

Ou bon, epi tout sa w' fè bon.

Mèsi dèske w' ede mwen.

Ou tèlman gran!



ENVITASYON

Ou envite:

Ou te envite pou w' vin fè pati kontra espesyal la avèk Bondye. Si w' vle aksepte envitasyon an, tanpri, ekri non ou nan liy ki anba a.

Mwen menm, _____,
mwen vle aksepte envitasyon Bondye pou m
devlope yon relasyon angajman (kontra) avèk li.

Komplete espas vid yo.

Yon kontra avèk Bondye se yon _____ ant Bondye avèk
moun yo. Yo tou de fè _____ ke yo dwe akonpli. Kontra
Bondye yo ofri nou yon _____ lanmou avèk li.

NOUVO KONTRA A

Lik 22:7-20

Jou fèt Pen san ledven an te rive; se jou sa a pou yo te touye ti mouton yo pou manje Delivrans lan.

Jezi voye Pyè ak Jan, li di yo konsa: Ale pare manje

Delivrans lan pou n' kapab manje li. Yo mande li: Ki bò ou ta vle nou pare li? Li di yo: Gade.

Lè n'a antre lavil la, n'a kontre ak yon nonm k'ap pote yon krich dlo; swiv li jouk nan kay kote la antre a.

N'a di mèt kay la: Mèt la voye mande ou kote pyès kay pou l' manje manje Delivrans lan avèk disip li yo?

Lè sa a la moutre nou yon gwo chanm anwo kay la, tou pare, tou meble.

Se la n'a pare manje Delivrans lan. Yo pati, yo jwenn tout bagay jan l' te di yo a. Epi yo pare manje Delivrans lan.

Lè lè a rive, Jezi chita bò tab la avèk apòt yo pou manje. Li di yo: Mwen pa t' manke anvè manje manje Delivrans sa a avè n' anvan m' al soufri. Paske, m'ap di nou sa: mwen p'ap janm manje l' ankò jouk jou la pran sans li nèt vre nan peyi kote Bondye Wa a.

Aprè sa, li pran yon gode, li di Bondye mèsi, epi l' di: Men gode sa a, separe l' bay chak moun nan nou; paske, m'ap di nou sa, depi koulye a mwen p'ap bwè diven ankò jouk lè Bondye va vin pran pouvwa a nan men li.

Aprè sa, li pran pen, li di Bondye mèsi, li kase li. Li ba yo l', epi li di yo: Sa se kò mwen. Se

mwen menm ki bay li pou nou. Se pou nou fè sa pou nou ka toujou chonje mwen.

Menm jan an tou, apre yo fin manje, li ba yo gode diven an. Li di yo: Gode sa a, se nouvo kontra Bondye pase ak moun. Se avèk san m' ki koule pou nou an li siyen l'.

Disip yo te sezi akòz de pawòl Jezi yo. Yo te konnen ke pou peryòd pak, yo toujou ofri yon mouton san defo devan Bondye epi se te pou peche pèp la.

Disip yo t'ap mande youn lòt: "Men èske sa vle di ke Jezi pral bay lavi li pou nou?". Èske se li menm ki va reprezante ofrann nan?

Disip yo te konnen kisa kontra a te ye. Yo tout te konnen tande pale osijè de kontra avèk moun tankou Noye, Abraram, Moyiz ak wa David. Men... èske yo menm tou ta vin fè pati kontra sa?

Disip yo pat konprann sa Jezi t'ap di yo pou sware sa. Men pita, apre lanmò sou kwa a ak rezireksyon Jezi a, yo ta vin konprann.

Jezi t'ap ofri disip li yo yon nouvo kontra.

Men kontra sa se pat sèlman pou jwif yo oubyen disip yo.

Nouvo kontra a se pou tout moun ki vle genyen yon relasyon lanmou avèk Bondye.



Repase Kontra Yo

Konekte chak non avèk fraz ki dekrive moun ki te resevwa benefis kontra yo.

KIMOUN



Noye

Abraram

Moyiz

David

POU

yon fanmi

Pitit li ak wayòm Bondye a

tout moun k'ap viv

Izrayelit yo

Nouvo Kontra A


KIMOUN

Jezi



POU

Pép Nouvo Kontra A



Trase yon epe
oubyen yon
drapo avèk mo ki
sigjere yo, pou
w' selebre dèske
w' fè pati nouvo
kontra ke Jezi te
fè a.



Ou Gen
Yon

MESAJ

**Desine oubyen ekri tout fòm ke w'
konnen ke nou kapab kominike.**

Sa mwen konnen... osijè de lapriyè.

KONPLETE LAPRIYE SA YO

Lapriyè se...

Mwen renmen priye paske...

BONDYE vle pou nou priye lè...

Etap pou Prive

Etap N° 1

Jan 16:19-24.

Tit:

Kisa sa anseye nou osijè de lapriyè?

Li vèsè sa yo epi bay yo chak yon tit.
Aprè sa, reponn kesyon, "Kisa sa anseye nou osijè de lapriyè?"

Etap N° 2

Jan 16:32-33.

Tit:

Kisa sa anseye nou osijè de lapriyè?

Etap N° 3

Jan 17:1-5

Tit:

Kisa sa anseye nou osijè de lapriyè?

Etap N° 4

Jan 17:6-12

Tit:

Kisa sa anseye nou osijè de lapriyè?

Etap N° 5

Jan 17:13-19


Tit:

Kisa sa anseye nou osijè de lapriyè?

YON KAT POU RELE BONDYÈ

Ou te chwazi pou w' trase kat telefòn pou w' rele Bondye. Itilize sa w' sot aprann osijè de Bib la pou w' kreye yon kat ki ta kapab itilize pou rele syèl la, li dwe genyen ladan li yon nimewo ak yon anlèm.

*Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l' mèsì tou lè n'ap lapriyè. Konsa, Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l', bagay lèzòm pa ka konprann; la kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezikri.
(Filipyen 4:6-7)*





Leson 23 Jezi priye pou tèt li

*Imajine w' ke w' sot genyen yon gwo prim.
Ekri diskou remèsiman.*



LI DIFISIL POU YO ENB

Avèk pwòp mo pa mwen yo

Obsève lapriyè sa ke Jezi te fè

“O Papa, lè a rive. Fè yo wè bèl pouvwa Pitit la, pou Pitit la ka fè yo wè bèl pouvwa ou la tou. Ou te ba l’ otorite sou tout moun pou l’ te kapab bay tout moun ou ba li yo lavi ki p’ap janm fini an. Lavi ki p’ap janm fini an, se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl Bondye tout bon an, ansanm ak moun ou voye a: Jezikri. Mwen te fè yo wè bèl pouvwa ou sou tè sa a. Mwen fè tou sa ou te ban m’ fè. Koulye a, Papa, ban mwen bèl pouvwa devan je ou, menm pouvwa mwen te genyen lè m’ te avè ou la depi anvan ou te kreye tout bagay.” (Jan 17:1a-5)

Kounye a, ekri lapriyè Jezi a nan Nouvo Vèsyon an
_____! (Ekri non w)

LIY DIRÈK POU SYÈL LA



1

Ki kalite lapriyè ki fè Bondye plezi?

2

Ki kalite lapriyè ki fè Bondye atriste?

3

Ki kalite lapriyè ke Bondye reponn di “wi”?

4

Ki kalite lapriyè ke Bondye reponn di “non”?

5

Si mwen pa kapab pale, èske mwen kapab priye Bondye?

6

Èske Bondye toujou tande mwen lè m' priye?

Kòman mwen dwe priye?

Konfese

Bondye, mwen mande w padon pou...

Di Mèsi

Bondye, mwen di w' mèsi pou...

Mande

Bondye, tanpri souple...

Fè Lwanj

Bondye, ou mèveye paske...



Leson 24 Jezi priye pou disip li yo



Ekri oubyen
desine sa w
panse ke w ta
bezwen nan
yon malèt
konsèvasyon.
Itilize
entèlijans ou!

Mwen gen yon zèu . . .

Li lapriyè Jezi a. sa se te rèv li pou disip li yo. Apre sa, reponn kesyon ki anba yo.

“Moun ou te mete apa nan lemonn pou mwen yo, mwen fè yo konnen ki moun ou ye. Se pou ou yo te ye. Se ou menm ki te ban mwen yo. Epi yo kenbe pawòl ou. Koulye a, yo konnen tou sa ou ban mwen se nan men ou yo soti. Paske mwen ba yo pawòl ou te ban mwen an. Yo resevwa li. Yo rekonèt mwen soti tout bon bò kote ou, yo kwè se ou ki voye m’ vre. M’ap lapriyè pou yo. Mwen p’ap lapriyè pou moun lemonn yo, men pou moun ou ban mwen yo, paske se pou ou yo ye. Tou sa m’ genyen se pou ou, tou sa ou genyen se pou mwen. Pouvwa mwen parèt aklè nan yo.

Mwen pa nan lemonn lan ankò. Men yo menm, yo nan lemonn lan toujou. Mwen menm, m’ap vin jwenn ou. Papa, ou menm ki apa, pwoteje yo pa pouvwa non ou, menm non ou te ban mwen an, pou yo ka fè yon sèl menm jan ou fè yon sèl avèk mwen. Pandan m’ te la avèk yo, mwen te pwoteje yo ak pouvwa non ou, menm non ou te ban mwen an. Mwen te pwoteje yo: yo yonn pa t’ pèdi, esepite nonm ki pou te pèdi a, pou sa ki te ekri nan Liv la rive vre. Koulye a, m’ap vin jwenn ou. M’ap pale konsa pandan m’ sou latè a, pou jan kè m’ kontan an se konsa pou kè yo ka kontan tou nèt ale. Mwen te ba yo pawòl ou; lemonn rayi yo paske yo menm yo pa moun lemonn, menm jan mwen menm mwen pa moun lemonn. Mwen pa mande ou pou wete yo nan lemonn lan, men pou ou pwoteje yo anba Satan. Yo pa moun lemonn, menm jan mwen pa moun lemonn.

Fè yo viv pou ou nèt gremesi verite a. Pawòl ou se verite a. Mwen voye yo nan lemonn lan menm jan ou te voye m’ nan lemonn lan. Se pou yo m’ap viv jan ou vle l’ la, pou yo menm tou yo ka viv jan ou vle l’ la, gremesi verite a.” (Jan 17:6-19)

1.

**Kòman Jezi dekrive
relasyon disip li yo avèk Bondye?
(Li vèsè 6, 8 ak 9.)**

2.

**Ki rèv Jezi te genyen pou
disip li yo, pou sa ki konsène
relasyon li avèk yo?
(Li vèsè 11.)**

3.

**Kisa Jezi te mande Papa a
pou disip li yo?
(Li vèsè 11, 13 ak 17.)**

RAPÒ PWOGRIÈ

Analyze repons Bondye yo pou lapriyè ke Jezi te fè a pandan w'ap baze w'sou sa ke nou konnen osijè de disip yo jodi a. Li kesyon yo epi antoure "Wi" oswa "Non".

- ▷ 1. Èske disip yo te rann yo kont kijan yo te enpòtan pou Bondye? **wi** **non**
- ▷ 2. Èske disip yo te rete nan linyon epi konstwi yon legliz? **wi** **non**
- ▷ 3. Èske disip yo te jwenn pwoteksyon fas ak mond lan ak mekanste? **wi** **non**
- ▷ 4. Èske disip yo te jwenn lajwa? **wi** **non**
- ▷ 5. Èske Bondye te santifye disip yo? **wi** **non**

Si lapriyè Jezi a te fè tout sa pou disip li yo,
kisa lapriyè li ka fè pou ou?

DOKTÈ A PREZAN

Pran kèk minit pou w' fè yon "egzamen" sou lavi w' avèk Bondye...



Kòman w' santi w' pou sa ki gen pou wè ak relasyon w' avèk Bondye?



Kòman w' santi w' kòm yon kretyen k'ap viv nan mitan yon mond ki pa kretyen?



Kisa w' bezwen nan men Bondye kounye a?



Ekri yon bagay ki kapab kraze relasyon w' avèk Bondye.

Bondye TOUJOU koute w
lè w pale avèk li.



Kimoun k'ap priye pou ou?

Èske w' konnen yon moun k'ap priye pou ou kounye a?

Kimoun ou ta renmen priye pou ou?

Èske w' konnen yon moun ki t'ap priye pou ou depi avan ou te fèt?

Jezi te priye pou ou

Li lapriyè pèsònèl Jezi te fè pou ou a. Apre sa, reponn kesyon yo.

Se pa pou yo sèlman m'ap lapriyè, men pou tout moun ki va mete konfyans yo nan mwen lè y'a tande mesaj la. M'ap lapriyè pou yo tout fè yon sèl. Papa, se pou yo tout fè yonn ansanm ak nou, menm jan ou menm ou nan mwen, mwen menm mwen nan ou. Se pou yo tout fè yon sèl pou moun ki nan lemond yo ka kwè se ou ki te voye mwen. Mwen te ba yo menm pouvwa ou te ban mwen an, pou yo tout te ka fè yonn menm jan ou fè yon sèl avè m' tou: mwen nan yo, ou nan mwen, pou yo tout fè yon sèl nèt ale, pou moun ki nan lemond yo ka rive rekonèt se ou ki te voye m', pou yo ka rive konnen ou renmen yo menm jan ou renmen m' lan.





Papa, se ou ki te ban mwen yo. Mwen ta vle pou yo toujou avè m' kote m' prale a, pou yo ka wè pouvwa mwen, pouvwa ou te ban mwen an, paske ou te renmen m' depi lontan anvan ou te kreye tout bagay.

O Papa, ou menm ki fè tout bagay byen, moun ki nan lemonn yo pa konnen ou. Men mwen menm, mwen konnen ou. Moun sa yo konnen se ou ki te voye mwen. Mwen te fè yo konnen ki moun ou ye. M'ap kontinye fè sa toujou, pou kalite renmen ou gen pou mwen an ka nan yo, pou mwen menm mwen ka nan yo tou." (Jan 17:20-26)

1. *Ki fraz nan lapriyè Jezi sa a ki fè referans avèk ou byen klè?*
2. *Siyale nan fraz sa tout sa Jezi mande Bondye pou nou.*
3. *Pou ki rezon w panse Jezi te fè priyè sa?*
4. *Kòman lapriyè sa kapab touche lavi w'?*
5. *Kòman w' santi w' lè w' panse ke Jezi te priye pou lè ou potko menm fèt?*

E kounye a... sak pase?

Ekri opinyon w' yo nan espas vid yo.

Kòman nou kapab viv lapriyè ke Jezi te fè pou nou an...



Zanmi yo fache youn avèk lòt lè...



Preadolesan yo gen pwoblèm avèk paran yo lè...



Jèn timoun yo santi yo mal nan relasyon yo avèk Bondye lè...



RELASYON



Li Jenèz 3 epi reponn kesyon sa yo:

1. Kisa Bondye te entèdi Adan ak Èv fè? (v.3)
2. Kisa ki te fè fwi a te tèlman tantatè pou Èv? (v.6)
3. Nan ki fason dezobeyisans Adan avèk Èv la te afekte relasyon ak kominikasyon yo avèk Bondye? (vv. 8-10)
4. Ki lòt rezilta dezobeyisans lan te bay? (vv. 11-12 ak 16-19)
5. Nan ki fason Bondye te montre mizèrikòd li anvè Adan ak Èv? (v. 21)

KRAZE



Li Jenèz 4:1-16 epi reponn kesyon sa yo:

- 1. Poukisa te gen pwoblèm ant Kayen ak Abèl? (vv. 3-5)**
- 2. Kisa ki te peche Kayen an? (vv. 8-9)**
- 3. Nan ki fason Bondye te montre mizèrikòd li anvè Kayen? (vv. 13-16)**

Kisa "PECHE" a ye?

"Se yon vyolasyon volontè lwa Bondye a ki byen koni".*



"Vyolasyon"
se kraze
yon règ
oubyen
lwa.

"Volontè"
siyifi ke se
moun nan menm
ki decide fè li,
se yon zak ki fèt
ak konsyans.

"Koni"
siyifi ke
Bondye revele
ke aksyon sa
kont lalwa epi
li pa bon.

"Bondye"
se li menm ki
decide di sa ki
peche a oubyen
non. Nan Bib la, li
montre nou sa
ki peche.



Leson 27 Kisa yon sakrifis ye?

Ekri siyifikasyon pa w' la pou mo sakrifis.

Sakrifis:

Obsève ankadreman sa yo. Ki sakrifis moun sa yo te oblije fè pou yo te vin sa yo ye kounye a?



Sakrifis an naksyon

Li kat sitiyasyon sa yo.

Deside si yo se oubyen pa egzanp sakrifis annaksyon epi pou kisa .

1. Alen te fenk kòmanse ak lekòl la. Kòm li t'al abite nan yon vil ki tounèf, li te vle asire pou l' te genyen rad ki pibon, sa ki fenk alamòd la. Li pa t' vle pou pèsòn fawouche li. Konsa li t'al nan yon magazen pou achte yon nouvo pè sapat pou fè espò. Li te vle yon mak ke tout ti mesye nan lekòl li a ap itilize yo. Manman l' te sezi lè l' te aprann pri a. Epi li te eksplike Alen kòman li pat gan ase lajan pou achte yo. Konsa, Alen te achte lòt ki te pi ba pri. Li te konnen ke anpil nan timoun yo ta gen pou fawouche li, men li pat vle fè manman santi l' mal.

WI ____ NON ____



2. Chak ane, nan epòk nowèl, legliz Betty a rasanble rad pou fè fanmi ki pòv yo kado. Lè Betty te ouvè amwa li, li te wè kèk nan rad li pi renmen yo. Konsa tou li te wè rad li pa t' renmen epi li pat janm konn itilize. Epi li di nan kè li: "Mwen pa ta janm itilize rad sa. M'ap fè kado li.

Petèt yon lòt moun ka renmen l'".

WI ____ NON ____



3. Nan legliz la dimanch pase, Carla te pran nouvèl ke yo t'ap fè yon ofrann espesyal. Pastè a te ankouraje tout moun, menm adolesan ak timoun yo pou vin kolabore avèk yon bagay. Carla t' ap sere lajan sa fè depi de mwa. Li te vle al wè yon sèn teyat vandredi nan sware avèk zanmi l' yo. Si li bay lajan nan ofrann espesyal la konsa li pap gen ase lajan pou l' ale nan teyat la. Nan mitan semèn nan, Carla te twouve li nesèsè pou l' te kolabore avèk ofrann nan. Konsa, li te rele zanmi l' yo pou di yo ke li pap kapab al nan teyat la. Yo te eseye konvenk li epi di l' ke li t'ap twonpe yo. Sepandan, Carla te rete lakay fanmi li vandredi nan swa.

WI ____ NON ____

4. Ogisten konvèti nan krisyanis sa fè depi sis mwa. Depi lè sa, li te kòmanse li Bib la epi eseye viv jan Bondye vle a. Semèn pase li te li kote ki di ke nou dwe renmen pwochen nou menm jan ak pwòp tèt pa nou. De jou apre, nan salamanje a, li wè yon timoun ki fenk vini k'ap manje poukont li. Zanmi Ogisten yo t'ap fawouche timoun nan epi yo te vle pou Ogisten fè menm bagay la tou. Men Ogisten te li sa l' te li nan Bib la, epi li di zanmi l' yo pou yo sispann bay fawouch. Epi apre sa, li leve l'al chita avèk timoun ki fenk vini an. Depi lè sa a, zanmi Ogisten yo tonbe fawouche li epi ba li sounon.

WI ____ NON ____

SAKRIFIS POU PECHE

Konplete deklarasyon ki nan pati agoch paj sa, pandan w' ap ranpli espas ki vid yo. Apre sa, li deklarasyon ki sou bò dwat yo epi relye chak sakrifis ak siyifikasyon li.

Kisa ki te pase nan yon sakrifis?

1. Moun nan te mennen yon animal _____ pou sakrifye li.
2. Moun nan te mete _____ li sou _____ animal ki pou sakrifye a.
3. Moun nan _____ animal la. Sakrifikatè a te vèse _____ animal la sou lotèl la.

Sa li siyifi

- A. Peche a te mennen lanmò. Moun ki te fè peche a te dwe mouri. Men, Bondye, nan mizèrikòd li, pèmèt yo te fè sakrifis animal olye pou moun yo te mouri. Apre sa, Jezi te souffri epi mouri nan plas nou.
- B. Peche a genyen yon pri. Moun ki te fè peche a te dwe bay yon bagay ki gen valè. Li te dwe ofri sa ki pibon an bay Bondye. Peche a tou te koute Bondye chè—lavi sèl Pitit li a, Jezi.
- C. Peche a fè nou santi nou koupab. Moun ki te fè peche a te dwe admèt li koupab, epi animal sakrifis la t'ap peye pou peche l' yo. Lè nou vini devan Bondye, nou admèt ki fot nou epi konfese sa nou te fè l' la.

SAKRIFIS ENKWAYAB BONDYE A

Chèche 1 Jan 4:9-10 epi konplete mo ki manke yo.



“Men ki jan Bondye fè nou _____
jan li _____ nou. Li te _____
sèl pitit li a sou _____ pou l’ te
ka ban nou _____. Men kisa
renmen an ye: Se pa nou menm ki te
renmen Bondye, se li menm pito ki te
_____ nou, ki te voye _____
li a pou nou te ka resevwa _____
pou _____ nou yo, gremesi
Pitit la.” (1 Jan 4:9-10)



Kisa ki pase la a?

Gade desen yo epi dekrive sak pase nan yo chak.



KIMOUN KI TE

Li di nan Ansyen Testaman...

A. Li Ezayi 1:13-17, 19-20.

1. Pou ki rezon Bondye fache sou pèp la?
2. Kisa Bondye vle pou pèp la fè?
3. Kisa Bondye ap fè si pèp la pa chanje?

C. Li Malachi 1:6-9, 14.

1. Pou ki rezon Bondye fache sou pèp la?
2. Poukisa aksyon pèp la te mal nan tèks sa?
3. Kisa Bondye vle pou pèp la fè?

B. Li Jeremi 7:21-26.

1. Pou ki rezon Bondye fache sou pèp la?
2. Kisa Bondye vle pou pèp la fè anplis de sakrifis yo?
3. Kòman izrayelit yo te konn reponn Bondye nan tan lontan?

DI ÈSKE SE SA?

Mwen kwè rezon ki fè ke sakrifis nan Ansyen Testaman yo pat fonksyone se paske...

Yon preadolesan nan tan kounye a di konsa...

Konplete akwostich sa avèk mo oubyen fraz ki dekrive:

- (1) Sakrifis Jezi sou kwa pou ou.
- (2) Repons ou fas ak sakrifis sa.

_____	S	_____
_____	A	_____
_____	K	_____
_____	R	_____
_____	I	_____
_____	F	_____
_____	I	_____
_____	S	_____



Leson 29 Jezi, sakrifis pafè a

Fè yon lis oubyen plizyè ti desen de tout sa w' pote legliz la jodi a.

Èske li pa t'ap komik si w' ta pote yon mouton, yon bèf, yon kabrit oubyen yon toutwèl? Izrayelit yo te konn pote animal nan tanp lan pou ofri sakrifis pou peche yo.

Poukisa nou pa fè sa nan tan sa?



Peche a serye epi li pote konsekans ki tris!

Chèche vèsè sa yo, w'ap jwenn ladan yo pinisyon pou...

Travay nan jou repo a.

Resansman 15:32-36.

Sèvi zidòl.

Detewonòm 13:12-16.

Dezobeyi paran yo.

Detewonòm 21:18-21.

Madichonnen papa w' oubyen manman w'.

Levitik 20:9.

Gen kèk peche ki te rive komèt san entansyon. Pou sa yo, moun yo te konn pote ofrann sakrifis.

Ki kèk nan peche yo te konn komèt san entansyon konsa?

Li Levitik 5:1-7.

Ki ofrann ki te pou peche ki komèt san entansyon an?

Li Jan 1:29 pou w' jwenn ki moun nan tan nou an ki se MOUTON nou pou sakrifis la.


Ekri non w' la.

BON NOUVÈL KI NAN LIV EBRE A

Kris la pa t' antre nan yon kay moun te bati pou Bondye sou modèl kay Bondye a. Li antre nan syèl la menm, kote li kanpe koulye a devan Bondye pou nou. Granprèt jwif yo antre chak lanne nan kote ki apa pou Bondye menm lan avèk san bèt yo touye bay Bondye. Men, Kris la menm pa antre plizyè fwa pou ofri tèt li. Si se pa t' sa, li ta blije souffri plizyè fwa tou depi lè Bondye te kreye tout bagay. Men, koulye a, lè tout bagay prèt pou fini, li parèt yon sèl fwa, li bay tèt li tankou bèt yo ofri pou wete tout peche, epi li fini. Tout moun gen pou mouri yon sèl fwa, apre sa, Bondye gen pou jije yo. Konsa tou, Kris la ofri tèt li pou li mouri yon sèl fwa pou wete peche anpil moun. Li gen pou l' tounen yon dezyèm fwa. Men, lè sa a, se p'ap pou wete peche nou, se va pou delivre tout moun k'ap tann li yo (Ebre 9:24-28).

* Panse ak kèk peche ke preadolesan yo toujou komèt.
Ekri youn nan chak mouton.

* Kimoun ki te souffri epi mouri pou chak peche sa yo? _____



**Konbyen
sakrifis ki ta
nesesè pou
peye pou
peche w' yo
?**

Panse ak tout sa ki mal ak bagay enkòrèk ke w' te fè.

Èske w' kapab sonje tout bagay mal ke w' te fè?

Kounye a panse ak sakrifis Jezi te fè pou ou a. Ekri yon fraz pou Bondye, pandan w'ap di l' mèsi dèske li te voye Pitit li a, Jezi, pou lave peche w' yo.



Siyifikasyon entèmedyè a

Obsève toulekat definisyon anba yo, epi fè yon wonn alantou sa w' panse ki bay siyifikasyon kòrèk pou mo "entèmedyè".

1. Yon moun ki manje vyann sèlman.



2. Yon ja ki fèt ak tè kwit.



3. Yon moun ki ede de moun antann yo.



4. Yon gwo aparèy meteyo ki soti anlè tonbe.



Kisa yon sakrifikatè yo?

Sakrifikatè:

Yon sakrifikatè se yon moun ki reprezante lòm devan Bondye epi Bondye devan lòm.*
Se yon pati ki enpòtan an dedan plan Bondye a pou redanmsyon an.



1. Yon entèmedyè (avoka) ant Bondye ak pèp li k'ap adore l' la.
2. Sakrifikatè a fè pèp la konnen volonte Bondye.
3. Ede pèp la jwenn gras ak mizèrikòd Bondye.
4. Dirije pèp la nan rityèl ak seremoni lwanj yo.

Nan tan patriyach yo, ministè sakrifis la te konn fonksyone pa menm moun yo. Yo te konn ofri sakrifis pou peche yo ak peche fanmi yo. Bondye te di Moyiz ke sakrifikatè yo te dwe soti nan branch fanmi Arawon. Lèt ebre yo anseye ke Jezi se granprèt la. Sakrifikatè nan fanmi Arawon yo pat nesèsè ankò. Jezi te fè li kòrèkteman epi yon ekspiyasyon final pou peche yo (gade Ebre 8:6-10:25).

Bondye te rele nou tout kretyen yo pou nou vin sakrifikatè. Sa vle di ke nou kapab prezante moun ki pa konnen Kris yo devan li. Nou pa ofri sakrifis jan sakrifikatè peyi Izrayèl yo te konn fè l' la. Sakrifis ke nou menm kretyen yo nou ofri se yon lavi sèvis ak lwanj pou Bondye.

* Se tradiksyon de sa Albert Truesdale te eksprime nan Diksyonè bibliik ak Doktrin kretyen chak jou Anglè (Kansas City: Beacon Hill Press of Kansas City, 1980), 230-31.

Ministè sakrifikatè yo

Nan tan lontan se te responsablite oubyen travay sakrifikatè a. Granprèt la se te lidè tout lòt sakrifikatè yo avèk levit yo. Se li menm sèlman ki te gen dwa antre nan lye trè sen ki nan tanp lan. Sakrifikatè yo se te levit yo te ye. Yo te pote non sa paske yo te soti nan branch fanmi Levi. Sakrifikatè yo te genyen responsablite sa yo nan tanp lan:



1. Fè gad nan pòt tanp lan epi konsève tout bagay byen pwòp.
2. Yo te konn anseye moun yo lalwa.
3. Yo te konn chèche mizik pou sèvis ak reyinyon yo nan tanp lan.
4. Yo te konn dirije moun yo nan kantik ak lwanj yo.
5. Se sèlman sakrifikatè yo ki te konn sèvi sou lotèl la ak lye sen tanp lan.

Avèk Kris, granprèt nou an, nou pa bezwen lòt sakrifikatè ankò, oubyen entèmedyè!

Mwen gen bezwen yon granprèt!

Repase vèsè sa yo ki pale de Jezi, granprèt nou an. Apre sa, panse ak pwòp nesesite w' ak pwoblèm ou yo. Dekrive èd ou gen bezwen nan men Jezi Sakrifikatè w la nan espas ki anba a.

“Moun li rele pitit li yo, se moun ki gen yon kò ki fèt ak chè ak san. Jezi vin tankou yo tou, menm chè ak yo, menm san ak yo. Konsa, lè li mouri, li detwi Satan ki te gen pouvwa pou touye moun. Li delivre tout moun ki pase tout lavi yo esklav paske yo te pè lanmò. Se konsa, li te fèt pou l' te vin tankou frè l' yo sou tout pwen, pou l' te ka sèvi yo tankou yon granprèt ki gen anpil pitye pou yo, k'ap fè sèvis li byen devan Bondye, pou ofrann li fè a ka fè Bondye padonnen peche tout pèp la.” (Ebre 2:14-15, 17)

“Koulye a, li ka pote sekou bay tout moun ki anba tantasyon, paske li menm tou li te pase anba tantasyon, li menm tou li te souffri.” (Ebre 2:18)

“Atout li te pitit Bondye, li vin konnen sa ki rele yon moun obeyisan, avèk tout souffrans li souffri yo. Lè li fin bon nèt, li tounen yon delivrans pou tout moun ki obeyi l', yon delivrans k'ap delivre yo pou tout tan.” (Ebre 5:8-9)

“Ann kenbe fèm nan konfyans nou genyen an, paske nou gen Jezi, pitit Bondye a, k'ap sèvi nou yon gwo granprèt, li travèse syèl la jouk li rive devan Bondye menm. Granprèt nou an, se pa yon moun ki pa kapab souffri ak nou nan feblès nou. Okontrè, nou gen yon granprèt ki te pase anba tout kalite tantasyon menm jan ak nou. Men, li pa t' janm fè okenn peche. Se poutèt sa, ann pwoche avèk konfyans devan fotèy kote Bondye ki renmen nou an chita. Se la n'a jwenn padon pou peche nou yo, se la n'a jwenn pou gremesi sekou n'a bezwen lè nou nan nesesite.” (Ebre 4:14-16)

Bondye mwen:

Sa yo se kèk fason ke mwen bezwen pou Jezi ede m'. Mwen kwè ke Jezi KAPAB ede mwen. Mèsi, Seyè.

1. _____
2. _____
3. _____
4. _____



Ala yon gwò diferans li te fè yon jou!

Nan espas ki anba a, ekri oubyen desine jou ki plis enpòtan nan lavi w' la.
Eseye panse ak yon jou kote lavi w' te chanje plis pase nenpòt lòt jou.

Jezi ak fanm ki te bò pi a

Rakontè: Lè Seyè a te konprann ke farizyen yo te tandè moun ap di: Jezi fè epi batize plis moun pase Jan (menm si Jezi pa t' batize, men se pito disip li yo), li te soti nan jldè epi retounen nan Galile. Epi li te nesesè pou li te pase pa Samari. Li rive nan yon bouk Samari yo rele Sika, toupre moso tè Jakòb te bay Jozèf, piti gason l' lan. Se la pi Jakòb la te ye. Jezi menm te bouke, vwayaj la te fatige l' anpil. Li chita sou rebò pi a. Li te bò midi konsa. Yon fanm peyi Samari vin pou tire dlo, epi Jezi te di l' konsa:

Jezi: Tanpri, ban m' ti gout dlo pou m' Bwè.

Rakontè: Disip li yo te ale lavi pou achte manje.

Fanm samaritèn nan: –Kòman fè ou menm ki se jwif, w'ap vin mande m dlo pou w' bwè mwen menm ki se yon fanm samaritèn? Ou konnen byen ke jwif yo pa byen avèk samariten yo.

Rakontè: jwif yo pa t' gen rapò ak moun Samari.

Jezi: Ou pa konnen kilès mwen ye. Si w' te

konnen, se ou menm ki ta mande m' dlo, epi mwen ta ba ou dlo vivan.

Fanm samaritèn nan: Mesye, ou pa gen bagay pou w pran li, ou pa genyen menm yon bokit epi pi a fon anpil.

Ki kote w'ap jwenn dlo vivan an? Se papa nou Jakòb ki te bannou pi sa. Èske w genyen pibon dlo pase sa?

Jezi: Nenpòt moun ki bwè dlo sa ap tounen swaf ankò, men moun ki bwè dlo ke m'ap ba li a pap janm swaf ankò. Dlo pa m nan se dlo lavi ki pap janm fini an.

Fanm samaritèn nan: Mesye, banm ti gout nan dlo sa, pou m pa swaf epi vini jous la pou m vin pran li.

Jezi: Ale, chèche mari w' epi vini.

Fanm samaritèn nan: Mwen pa genyen mari non.

Jezi: Ou byen di wi, paske ou te pase senk mari

déjà epi sa w genyen kounye a se pa pou ou li ye.

Fanm samaritèn nan: Mesye, kòman w fè konnen tout bagay sa? Sanble w se pwofèt.


Mwen genyen yon kesyon pou m poze w: paran nou yo te konn adore sou mòn sa, men nou menm jwif yo nou di ke se Jerizalèm lye kote moun dwe adore a ye. Kimoun ki nan verite a?

Jezi: Madanm, ou mèt kwè mwen. Lè a pral rive, se pa ni sou mòn sa a, ni lavi Jerizalèm pou n' sèvi Papa a. Nou menm, moun Samari, nou pa konnen sa n'ap sèvi a. Nou menm jwif, nou konnen sa n'ap sèvi a, paske moun k'ap vin pou sove a, se nan mitan jwif yo l'ap soti. Men, lè a ap rive, li rive deja: tout moun k'ap sèvi tout bon yo pral sèvi Papa a nan kè yo jan sa dwe fèt. Se moun konsa Bondye vle pou sèvi li. Bondye, se Lespri li ye. Tout moun k'ap sèvi l', se pou yo sèvi l' nan lespri yo jan sa dwe fèt la.

(Istwa sa twouve li nan Jan 4:1-24.)

Kounye a, li Jan 4:25-30, 39-42 pou w' wè kòman istwa kontinye. Apre sa, reponn kesyon sa yo:

1. Fanm samaritèn nan te gen plizyè pwoblèm. Kisa yo te ye?
2. Pou ki rezon nou kwè Jezi te pale avèk li?
3. Disip yo t'al nan bouk la pou achte bagay pou yo manje. Kisa yo ta fè si yo te rive pi bonè epi jwenn Jezi ap pale ak fanm nan?
4. Ki gwo chanjman Jezi te pote nan lavi fanm nan?
5. Nan yon echèl de 1 a 10 (1= li pa enpòtan epi 10= enpòtan), kòman w' ta klasifye chanjman nan lavi fanm nan, epi poukisa?



Kòman lavi w' t' ap ye si w' ...
PAT KAPAB WÈ?

Nan espas anba a, desine
oubyen ekri pwoblèm ke w
ta genyen si w ta avèg.



Journal jou repo a



**Saliv yon Mèt geri
yon nonm avèg!**
Juan 9:1-12

**Anketè
farizyen yo
ap analize
ka a!**
Juan 9:13-34



**Yo di: “Avègman
ki pa fizik”.**
Juan 9:35-41



*Chèche vèsè pou chak seksyon biblik yo.
Aprè sa, ekri yon atik osijè de sa ki te pase
a avèk pwòp pawòl pa w’.*

KISA KI PI MAL?

Nan espas ki anba yo,
ekri tout dezavantaj ki
vini nan lespri w' osijè de
de kalite avègman yo.



AVÈGMAN
FIZIK



AVÈGMAN
ESPIRITYÈL



Gade tablo sa. Kisa w' kapab wè? Itilize mesaj ke w' dekouvri pou w' fini konplete fraz ki nan pati anba paj la.



**JEZI KAPAB GERI AVÈGMAN ESPIRITYÈL
NOU AN SI NOU PARE POU NOU**

WÈ



Kisa "MECHANSTE A" ye?

Atoure avèk yon wonn tout sa w' kwè ki "mal".

Teyoris



Bondye



Nazis

Manje



Satan

Manti

Dwòg

Abi

Vòlè



**ENKWAYAB,
MEN SE
VERITE!!**

ISTWA KOCHON KI TE VIN FOU YO

Tit: Byenvini nan “enkwayab, men se verite!” Mwen se Tit Pérez. Jodi a mwen genyen yon nonm avèk mwen ke nou va rele Lejyon, li menm ki genyen yon istwa enteresan pou l' rakonte nou. Lejyon, ou di ke demon yo te domine w', èske se vre?

Lejyon: Wi, se konsa.

Tit: Mwen tande yo di ke se nan yon senmityè w' t' ap viv...epi...ou pa t' konn itilize rad.

Lejyon: Wi, se vre. Mwen te sanble ak yon moun fou. Tout moun te pè mwen. Anpil moun te tante mare m', men mwen te toujou kase chèn yo epi chape poul mwen.


Tit: Bon, “Lejyon se yon non ki byen komik wi”.

Lejyon: Anreyalite, “Lejyon” se pa vrè non mwen. Yon lejyon nan lame women an te genyen de 4.000 ak 6.000 sòlda. Mwen te tèlman ranpli ak demon, yo te rele m' lejyon.

Tit: Ke tèrib!

Lejyon: Se mwen ki ta pou di w'! Se te yon foli. Mwen t'ap viv nan senmityè a lwen tout moun, sof demon yo ki t'ap toumante m' lajounen kou lannwit.

Tit: Sa ki enteresan se ke kounye a ou pa sanble ak moun fou ni kòm yon moun ki nan toumant. Kounye a ou sanble byen nòmal epi geri. Mwen sensè avèk ou, li



difisil pou m' kwè w' te fè eksperyans lavi sa w' sot dekrive la. Kòman w te fè vin chanje?

Lejyon: Jezi, se te Jezi! Avan sa, pèsòn pat kapab ede m'. Men yon jou, mwen te konnen Jezi.

Tit: Men, kòman Jezi te fè pou l' te ede w' pandan pèsòn lòt moun pat kapab fè li?

Lejyon: Demon yo te rekonèt Jezi menm kote li te pwoche kote m' nan. Yo te pè l' anpil. Yo te rele li Pitit Bondye ki anwo nan syèl la, epi yo te priye li pou l' pat maltrete yo.

Tit: Se enkwayab! Mwen panse ke Jezi pat kapab maltrete pèsòn. Pou ki rezon demon yo te pè li?

Lejyon: Jezi se lanmou, san dout. Men li sen epi li pa tolere mechanste. Se poutèt sa mechanste pa kapab rete tou prè li. Demon sa yo te mande Jezi pou l' pat voye yo nan labim, yon kote ki gen anpil toumant pou toutan.

Tit: Tann mwen yon segond... Ou di ke Jezi te gen pouvwa pou l' te kòmande demon yo nan fason sa? Demon yo ta fè tout sa Jezi ta mande yo fè? Men... (Reflechi)... Mwen te panse ke demon yo te gen anpil anpil pouvwa wi!

Lejyon: Wi, yo gen anpil pouvwa, se vre. Sonje, mwen pa t' kapab delivre pwòp tèt mwen anba yo epi pèsòn pa t' kapab ede mwen nonplis. Men, demon yo pa gen OKENN pouvwa ki kapab konpare ak pa Jezi a. Pouvwa pa l' la plis pase nenpòt pouvwa malen. Demon sa yo te anba kontwòl li.

Tit: Ebyen, kisa ki te pase demon yo?

Lejyon: Yo te priye Jezi pou l' te kite y'al antre nan yon gwoup kochon ki te gen pak tou prè a. Lè li te ba yo pèmasyon an, yo te kouri soti nan mwen epi yo te antre nan kochon yo. Pòv kochon yo te kouri al voye tèt yo nan lanmè epi yo toufe. Mèt kochon yo te kouri al nan bouk la pou rakonte sa ki te pase a. Pouvwa Jezi sou demon yo te fè tout moun sezi.

Tit: Rakonte sa ki te pase!

Lejyon: Pèsòn potko janm wè yon moun ki tèlman gen pouvwa. Moun yo te pè Jezi. Si li te kapab kòmande demon yo, ebyen, kisa li ta kapab fè avèk yo? Konsa, yo te mande l' pou l' te kite bouk la. Sepandan, mwen menm non. Mwen pat vle pou l' t'ale. Mwen te tèlman rekonesan, mwen te menm mande li pou l' te mennen m' avèk li nan vwayaj li yo. Men Jezi te di m' retounen lakay mwen pou m' t'al rakonte moun nan vwazinay mwen yo kòman Bondye te transfòme m' an yon moun nouvo.


Epi se sa m'ap fè! Mwen vle pou tout moun konnen ke Jezi gen pouvwa sou tout mechanste! Sèlman wè kòman demon sa yo t'ap tranble ak lapèrèz devan Jezi te demontre mwen ke pa gen anyen ki kapab venk Jezi.

Tit: Ala yon istwa tèrib! Epi...pa bliye sa...

Akonpanye nou nan pwochen pwogram nou an sou "Enkwayab, men se verite!"



VENK LEMAL



ORIZONTAL


1. _____ fè sa ki mal. Fè sa ki byen! Chache jan pou nou viv byen ak moun. Fè tou sa nou kapab pou nou viv byen ak tout moun. (Sòm 34:14)
2. Non nonm ki te gen move lespri a. (Lik 8:30)
5. Kreyati ki t'al lage tèt yo nan lanmè epi yo te toufe. (Lik 8:32)
7. _____ tou sa ki mal. (1 Tesalonisyen 5:22)
8. Kimoun ki pi pwisan pase demon yo? (Lik 8:28)

VÈTIKAL

3. Pa kite sa ki mal gen pye sou ou. Okontrè, fè sa ki _____ pou n' kraze sa ki mal. (Women 12:21)
4. Zanmi mwen, pa _____ k'ap fè sa ki mal. Fè tankou moun k'ap fè sa ki byen. Moun k'ap fè sa ki byen, se moun Bondye yo ye. Moun k'ap fè sa ki mal pa t' janm wè Bondye. (3 Jan 1:11)
5. Ki moun ki ka genyen batay la sou lemonn? Se sèlman moun ki _____ ke Jezi se pitit Bondye a. (1 Jan 5:5)
6. Nonm ki te gen _____ soti sou li a mande l' pou li ale avèk li tou. Men, Jezi voye l' ale, li di li ... (Lik 8:38)
9. Mwen pale konsa pou nou kapab gen kè poze nan mwen. Nou gen pou n' soufri anpil sou latè. Men, pran kouraj, lemonn deja _____ devan mwen. (Jan 16:33)

PIBON KADO A

Nan espas vid ki andedan kado a,
desine oubyen ekri pibon kado ke w'
te resevwa nan lavi w'.



Fèt yon dezyèm fwa

Nan yon sware, farizyen Nikodèm t'al rankontre avèk Jezi ansekrè pou poze li kèk kesyon. Jezi te di li ke si li vle fè pati wayòm Bondye a li te dwe fèt yon dezyèm fwa. Nikodèm pat konprann anyen. Obsève repons Jezi a.

Kisa w' ta di yon zanmi ki ta mande w' siyifikasyon "fèt yon dezyèm fwa?"
Ekri opinyon w' yo nan espas vid ki nan blad la.

Kisa sa vle di?...
Kòman yon nonm ki fin granmoun kapab refèt ankò kòm yon bebe?

Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Pesonn pa ka antre nan Peyi kote Bondye Wa a si li pa fèt nan dlo ak nan Sentespri. Lachè soti nan lachè, lespri soti nan Lespri Bondye. Pa sezi si mwen di ou: se pou nou fèt yon Dezyèm fwa. (Jan 3:5-7)




Mwen pa konprann. Kisa fèt yon dezyèm fwa vle di?

Kat Lanmou

La a, genyen yon zouti ki itil epi ki byen pratik tou pou ke w' kapab pale de lafwa w' avèk zanmi w' yo. Gade vèsè ki dèyè kat yo.

Nan pati sa nan kat yo, ekri sa w' vle pou zanmi w' yo konnen an. Ekri non w' epi, si sa nesesè, nimewo telefòn ou avèk adrès ou. Ekri yon mesaj nan yo chak (Pa egzanp: "Jezi te mouri pou w' ka gen lavi" oubyen "Bondye vle vin pibon zanmi w'"). Lòt konsèy la se ke ou kapab rakonte yon istwa tou kout sou kijan w' te vin konvèti nan Kris, epi kisa li siyifi pou ou.



Koupe kat yo, epi chèche opòtinite pou w' rakonte bon nouvèl Sali a bay moun ki nan nesesite yo.

Kimoun ki ta kapab resevwa kat lanmou w' yo? Panse ak manm nan fanmi w' yo, zanmi, antrenè, moun ki nan kominote a..., finalman, nenpòt moun!

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè saq gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal.
(1 Jan 1:9)

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè saq gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal.
(1 Jan 1:9)

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè saq gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal.
(1 Jan 1:9)

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè saq gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal.
(1 Jan 1:9)

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè saq gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal.
(1 Jan 1:9)

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè saq gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal.
(1 Jan 1:9)

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè saq gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal.
(1 Jan 1:9)

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè saq gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal.
(1 Jan 1:9)

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè saq gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal.
(1 Jan 1:9)

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè saq gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal.
(1 Jan 1:9)

ANN PWODWI



RBTIA

Metè lèt yo nan lòd pou fòme mo ki bò kote desen yo. Ekri yo nan espas vid yo. Apre sa, jwenn lèt ki kache nan chak desen pou reponn kesyon an.



EIDF



ANV



DOL



ELITEKETRIS

Kisa chak eleman sa yo pwodwi?

--	--	--	--	--	--

PWISANS

Nan Lapannkòt



--Jak mande:--Kilè chita tann byen long sa ap fini?

--Jan te ajoute: --Kisa Jezi te vle di lè li te di ke nou ta batize pa Sentespri a?

--Filip mande: --Kòman don sa va ye?

Disip yo avèk lòt kwayan yo te fè yon sèl pou yo lapriyè pandan dènye 10 jou yo. Men nan jou sa yo te fè menm bagay la tou.

Yo rete konsa, epi yon sèl bri sot nan syèl la tankou yon gwo van k'ap soufle; li plen tout kay kote yo te chita a. Lè sa a, yo wè yon bann lang parèt tankou ti flanm dife ki separe yonn ak lòt epi ki al poze grenn pa grenn sou tèt yo chak. Yo tout te vin anba pouvwa Sentespri, epi yo pran pale lòt lang dapre jan Lespri Bondye a t'ap fè yo pale. Lè sa a, te gen yon bann jwif ki t'ap pase kèk jou lavil Jerizalèm. Se te moun devwe pou Bondye ki te soti nan tout peyi sou latè.

Lè yo tande bri a, yon kantite ladan yo sanble. Yo tout te sezi anpil paske yo t'ap tande moun yo pale nan lang peyi yo chak. Yo pa t' manke sezi. Yo t'ap gade, yo t'ap di: Moun sa yo k'ap pale la a, apa moun Galile yo tout ye?

Ki jan nou fè tande y'ap pale nan lang peyi nou.

--Gen lòt ki te di, non—se lang pa m' nan y'ap pale la.

--Foul moun yo te tonbe diskite, se enkwayab! Gade jan nou tout tande nan lang pa nou an.

--Yo tout te twouble epi poze kesyon: --kòman sa fè fèt? Kisa sa vle di?

--Gen lòt moun menm ki t'ap pase yo nan rizib. Yo t'ap di: Moun sa yo sou. Lè sa a, Pyè kanpe ansanm ak lòt onz apòt yo, li pale byen fò, li di foul moun yo konsa: Nou menm moun Jide ansanm ak nou tout k'ap pase kèk jou isit lavil Jerizalèm, nou fèt pou nou konnen sa. Koute sa m' pral di nou la a.

Moun sa yo pa sou jan nou kwè a. Se nevè dimaten li ye sèlman. Men, sa pwofèt Joël te fè konnen gen pou rive a, se sa k'ap pase koulye a:

Men sak pral rive nan dènye tan an: Se Bondye menm k'ap pale:

M'ap vide Lespri m' sou tout moun sou latè. Pitit gason nou ak pitit fi nou yo va pale tankou pwofèt. Jenn gason nou yo va gen vizyon.


Granmoun nou yo va fè rèv. Wi, lè sa a, m'ap vide Lespri m' sou tout sèvitè m' yo, fi kou gason, epi y'a bay mesaj ki soti nan Bondye.

Mwen pral fè mèvèy parèt anwo nan syèl la, mwen pral fè mirak anba sou latè! Va gen san, dife ak gwo nwaj lafimen. Solèy la pral vin tou nwa. Lalin lan pral vin wouj kou san, anvan jou Mèt la rive.

Se va yon gwo jou, yon bèl jou tou! Lè sa a nenpòt moun ki va rele non Bondye va delivre. Nou menm moun laras Izrayèl, koute sa m' pral di nou la a: Jezi, moun Nazarèt la, se Bondye menm ki te voye l' paske nou te wè tout mirak, tout bèl bagay ak tout siy Bondye te ba l' pouvwa fè nan mitan nou. Sa se bagay nou tout konnen.

Yo te lage nonm sa a nan men nou, jan Bondye te vle l' la, dapre plan li te deja fè nan tèt li. Nou menm, nou fè touye l', nou fè yon bann mechan kloure l' sou yon kwa.

Men, Bondye fè l' leve vivan ankò, li delivre l' anba doulè lanmò a paske se



pa t' posib pou lanmò te kenbe l' anba pouvwa li. Men sa David te ekri sou li: Mwen te wè Bondye, Mèt la, tout tan devan je mwen. Paske li toujou bò kote m'. Anyen pa ka brannen m'. Se poutèt sa kè m' kontan anpil, se pawòl kontantman ase ki nan bouch mwen. Menm kò mwen, m'ap poze l' avèk espwa nan Bondye. Paske, ou p'ap kite m' kote mò yo ye a. Ou p'ap pèmèt moun k'ap sèvi ou la pouri anba tè. Ou fè m' konnen tout chemen ki bay lavi a. M'ap kontan nèt paske ou toujou la avèk mwen. Frè m' yo, pèmèt mwen pale kareman ak nou. David, zansèt nou an, mouri, yo antere l'. Tonm li la nan mitan nou jouk jòdi a. Men, David te yon pwofèt, li te konnen sa Bondye te pwomèt la. Bondye te sèmante li t'ap fè yonn nan pitit li yo wa tankou li. David te wè sa Bondye tapral fè a. Se konsa li te di Kris la te gen pou l' leve soti vivan nan lanmò lè l' di: Yo p'ap kite l' kote mò yo ye a. Kò li p'ap tounen pouriti.

Bondye fè Jezi sa a leve soti vivan; nou tout nou temwen bagay sa a. Bondye fè l' moute nan syèl la vin sou bò dwat li, li resevwa Sentespri Papa a te pwomèt la, li vide l' sou nou. Enben, se sa n'ap wè, se sa n'ap tande koulye a. Se pa David ki te moute nan syèl la. Men, li te di: Bondye te di Seyè mwen an:

Chita la sou bò dwat mwen, jouk tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou. Tout pèp Izrayèl la fèt pou konnen sa byen: Jezi, nonm nou te kloure sou kwa a, se li menm Bondye fè Seyè, se li menm Bondye fè Kris la. Lè pèp la tande pawòl sa yo, yo santi kè yo boulye. Yo mande Pyè ansanm ak lòt apòt yo: Frè nou yo, kisa pou nou fè?

Pyè reponn yo: Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa Sentespri, kado Bondye a.

Paske pwomès la, Bondye fè l' pou nou, pou pitit nou yo, pou tout moun ki byen lwen, pou tout moun Bondye, Mèt nou, va rele vin jwenn li.

Pyè t'ap di yo anpil lòt pawòl ankò pou l' te fè yo kwè, pou l' te ankouraje yo. Li t'ap di yo konsa: Sove tèt nou. Wete kò nou nan mitan moun pèvèti sa yo.

Anpil ladan yo te kwè sa Pyè t'ap di a, yo te resevwa batèm. Jou sa a, te gen twamil (3.000) moun konsa ki te mete tèt yo ansanm ak disip yo.

Jodi a n'ap selebre jou espesyal sa kòm nesans legliz la!

(Istwa sa twouve li nan Travay 2:1-41)

Chèche vèsè anba yo epi li yo. Ekri sa yo chak di osijè de Pyè oubyen de disip yo. Premye a se kòm egzanp.

Avan ak Aprè

Pyè	Matye 14:29-31 - <i>Pyè te pè. Li pat fè Jezi konfyans.</i>	Travay 2:4 _____ _____ _____
	Jan 18:25-27 _____ _____ _____	Travay 4:13 _____ _____ _____
Disip yo	Matye 8:24-27 _____ _____ _____	Travay 4:31, 33 _____ _____ _____
	Matye 17:15-16 _____ _____ _____	Travay 5:12 _____ _____ _____

Èd la la a!

Chak liy pale de yon fason ke Sentespri a ap ede w' fè sa ke Bondye vle w' fè. Ou pral jwenn yo lè ou travèse lèt B, C, G, H, Q, X, ak Z..

Ekri repons yo nan liy ki anba yo.

1. H C K B O X U Z R G A B X J Z X B G
2. K G O Q N C P B R E X Z S Z Y O C N
3. G C L Z A Q G C F X W X G Q A H Z
4. C F Q Z H B Z X Ò C Z H Q Z X B C S
5. H D X I G R Q E H K X S X Y G O Z N
6. D E G T Q È B H M Z I N Z A H S Y C O N
7. B D G C O Z M H È Q H Z N C Z B X Q H
8. P G A B C S Z X Y Z G A Q N C Z A H N
9. T G E C Z X M H B W Z A X H Y B A C J

1. _____
2. _____
3. _____
4. _____
5. _____
6. _____
7. _____
8. _____
9. _____

AVAN ak KOUNYE A

Li deklarasyon yo ki pale osijè de kòman premye kretyen yo te konn pwoteje youn lòt epi pataje tout sa yo te genyen ant yo menm.


Relye fraz yo avèk imaj sa kretyen nan tan sa yo konn fè.

1. Kwayan yo te konn pase tan ap aprann nan men apot yo. (Travay 2:42)
2. Yo te konn rasanble nan tanp lan chak jou pou yo adore. (Travay 2:46)
3. Yo te konn pase tan ap priye ansanm. (Travay 2:42)
4. Yo te rejwi nan pase tan ansanm epi pataje manje youn avèk lòt. (Travay 2:46)
5. Yo vann tè yo ak tout byen yo, yo separe lajan an pami yo tout, dapre nesosite chak moun. (Travay 2:44-45)



Travay
2:42-47

Kominote kwayan yo



Apre Lapannkòt la, moun ki te konvèti yo te diferan. Yo pase tout tan yo ap koute sa apòt yo t'ap moutre yo, yo t'ap viv ansanm tankou frè yonn ak lòt, yo reyini pou separe pen an bay tout moun, epi yo t'ap lapriyè. Tout moun te gen krentif devan kantite mirak ak bèl bagay apòt yo t'ap fè.

Tout moun ki te kwè yo t'ap viv ansanm yonn ak lòt. Yo te mete tou sa yo te genyen ansanm. Yo vann tè yo ak tout byen yo, yo separe lajan an pami yo tout, dapre nesesite chak moun. Toulejou, yo tout reyini ansanm nan tanp lan; yo te konn separe pen an bay tout moun nan kay yo, yo te manje ansanm avèk kè kontan san okenn pretansyon. Yo t'ap fè lwanj Bondye. Tout moun te renmen yo. Chak jou Bondye t'ap mete lòt moun li t'ap delivre yo nan gwoup la (Travay 2:42-47).

Ki santiman kretyen yo te genyen youn pou lòt?

Kisa apot yo te konn fè?

Kisa kretyen yo te konn fè?

Kisa Bondye te konn fè?

Kòman lòt moun yo te konn santi yo pami nouvo kwayan yo?

Tout moun ki te kwè yo te fè yon sèl kò, yo te gen menm santiman yonn pou lòt, yo te gen yon sèl lide yonn anvè lòt. Pesonn pa t' di byen li yo te pou tèt pa l' ase, men tou sa yonn te genyen te pou tout moun. Se avèk anpil pouvwa apòt yo t'ap bay prèv ki jan Bondye te leve Jezi fè l' soti vivan nan lanmò. Bondye menm te vide benediksyon l' an kantite sou yo tout. Pesonn nan mitan yo pa t' nan nesesite. Sa ki te gen jaden, sa ki te gen kay, yo vann sa, yo pote lajan an renmèt apòt yo. Apre sa, yo te separe lajan an bay chak moun dapre nesesite yo. Se konsa, te gen yon nonm yo rele Jozèf, yon moun Levi ki soti lil Chip. Apòt yo te ba l' yon ti non Banabas, ki te vle di: Nonm k'ap ankouraje a. Enben, li vann yon jaden li te genyen, li pote lajan an renmèt apòt yo (Travay 4:32-37).



Kòman kwayan yo te konn reyaji fas ak byen yo?



Kisa apot yo te konn fè?

Kisa kwayan yo te konn fè?

Ki rezilta fason nouvo kwayan yo t'ap aji a te bay?

Montre lòt yo ke yon enpòtan pou ou

Sèvi avèk desen yo pou w' fè yon kat kote w' kapab demontre yon moun ke li enpòtan pou ou.





Leson 37 Legliz la: Yon kominote lanmou

SIPRIZ!

Anpil bagay kapab siprann ou. Chèche lèt ki bay bon sipriz yo nan soup lèt yo tankou: lanmou, akseptasyon ak kominyon. Anplis de sa, chèche mo ki pote move sipriz yo tankou: peche, separasyon ak malpwòpte.

Antoure mo yo avèk yon sèk epi apre sa ekri yo nan liy ki anba yo. Mande antrenè w' la pou l' eksplike w' siyifikasyon li.

S E P A R A S Y O N L
 C Ò P M S W E R L M A
 A K S E P T A S Y O N
 R S C L N E P U Ò N M
 P U M Ò W R C P E W O
 E R E S U L X S M L U
 C P K O M I N Y O N R
 H Ò C W E M N L S U C
 E S M A L P W Ò P T E

Sipriz agreyab

Sipriz dezagreyab



Pèsonaj: Rakontè, zanj, Kònèy, Pyè, 2 domestik, 1 sòlda ak vwa.

Rakontè: Nan lavil Sezare te gen yon nonm ki te rele Kònèy. Li te kaptenn yon batayon sòlda moun “peyi Itali” nan lame women an. Kònèy te yon nonm ki t’ap sèvi Bondye jwif yo. Li menm ak tout fanmi l’, yo te gen krentif pou Bondye. Li te fè anpil pou pòv yo pami pèp jwif la. Epi se tout tan li t’ap lapriyè Bondye. Yon jou apremidi, vè twazè, li fè yon vizyon: aklè konsa, li wè yon zanj Bondye antre lakay li. Zanj lan rele li:

Zanj: Kònèy!

Kònèy: (Li gade zanj lan, li te pè) li di l’ konsa: Kisa w’ vle, Mèt?

Zanj: Bondye asepte lapriyè ou yo ansanm ak tout byen ou te fè pou pòv yo. Epi li chonje ou. Koulye a, voye moun lavil Jope, fè y’ al chache yon nonm yo rele Simon (li gen yon ti non Pyè). Li fè ladesant lakay Simon, bòs tanè a, ki gen kay li bò lanmè a. Pyè va ede w’ epi li va reponn anpil kesyon w’ genyen pou poze. Se li menm ki va di w’ sa w’ dwe fè.

Rakontè: Fini zanj Bondye a fin pale, li ale. Kònèy rele de domestik ansanm ak yonn nan gad kò l’ ki t’ap sèvi Bondye jwif yo tou. Li rakonte yo tou sak te pase. Lèfini, li voye yo Jope. Nan denmen, vè midi konsa, yo te nan wout toujou, men yo te prèt pou rive Jope. Menm lè sa a, Pyè moute anwo sou tèt kay la pou li al lapriyè. Grangou bare l’, li te anvi manje. Pandan yo t’ap pare manje pou li, li fè yon vizyon: Li wè syèl la louvri epi yon bagay t’ap desann soti ladan li. Bagay la te tankou yon gwo dra mare nan kat bout li ki t’ap file desann sou latè. Te gen tout kalite bèt kat pat, tout kalite bèt ki trennen sou vant ak tout kalite zwezo ladan li. Li tande yon vwa ki di l’ konsa:

Vwa: Leve non, Pyè. Touye, lè ou fini, manje.

Pyè: Non, Mèt. Mwen pa janm manje move manje ni

Nouvo

manje ki pa bon pou moun k’ap sèvi Bondye.

Vwa: Bagay Bondye di ki bon pou moun k’ap sèvi l’, ou menm, pa di l’ pa bon.

Rakontè: Pyè menm pa t’ konn ki sans pou l’ te bay vizyon li te fè a. Men, tout tan sa a, moun Kònèy te voye yo t’ap mande ki bò kay Simon an te ye. Yo te rive devan pòt Yo rele moun, epi yo mande: Eske se isit Simon yo rele Pyè a fè ladesant li? Pyè t’ap kalkile toujou sou sans pou l’ te bay vizyon an, lè Sentepri di li: Koute. Gen twa moun anba a k’ap mande pou ou. Leve non, desann. Pati ak yo touswit, se mwen menm ki voye yo. Pyè desann, li al jwenn mesye yo, epi l’ di yo:

Pyè: Se mwen menm n’ap chache a. Kisak mennen nou isit la?

Domestik ak sòlda: Se kaptenn Kònèy ki voye nou. Nonm sa a, se yon bon gason ki gen krentif pou Bondye. Tout pèp jwif la konsidere l’ anpil. Enben, yon zanj Bondye te di l’ pou l’ te voye chache ou pou ou vin lakay li. Li bezwen tande sa ou gen pou di l’ la.

Rakontè: Pyè fè yo antre. Li fè yo pase nwit lan avè li. Nan denmen, li leve, li pati ak yo. Kèk frè lavil Jope ale avè l’ tou. Yo rive Sezare yon jou apre. Kònèy t’ap tann yo ak tout fanmi l’ ansanm ak kèk bon zanmi l’ li te envite lakay li. Pyè fè sa pou l’ antre, Kònèy kouri vin devan l’, li lage kò l’ nan pye l’, li bese tèt li byen ba devan li. Li te sezi! Pèsòn pa t’ pale.

Pyè: Pyè kontinye pale avèk li. Yo antre nan kay la epi Pyè jwenn yon bann moun ki te sanble. Li di yo: Nou konnen sa pa fèt: jwif pa gen dwa mele ak moun lòt nasyon ni mete pye lakay yo. Relijyon l’ pa penmèt sa. Men, Bondye fè m’ konnen, mwen pa gen dwa gade pesonn pou move moun ni pou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi Bondye. Se poutèt sa, voye ou voye rele m’



zanmiyo!

Ian, mwen pa fè ni yonn ni de, mwen vini. Koulye a, mwen ta renmen konnen poukisa ou voye chache m' lan.

Kònèy: Jòdi a fè kat jou, mwen te lakay mwen, mwen t'ap lapriyè vè twazè konsa nan apremidi. Mwen rete konsa, mwen wè yon nonm ki te gen yon bèl rad byen klere sou li kanpe devan mwen. Epi l' di mwen: Kònèy, Bondye tande lapriyè ou, li chonje tout byen ou fè pou pòv yo. Voye yon moun lavil Jope al rele Simon ki gen ti non Pyè a. Se lakay Simon, bòs tanè ki bò lanmè a, li ye. Menm lè a, mwen voye chache ou, epi ou asepte vini. Koulye a, men nou tout la devan Bondye, n'ap koute tou sa Bondye ba ou lòd di nou.

Pyè: Wi, koulye a, mwen konprann sa se vre: Bondye pa gade sou figi moun. Li kontan ak tout moun nan tout nasyon ki gen krentif pou li epi ki fè sa ki dwat devan li. Nou konnen mesaj Bondye te voye bay pèp Izrayèl la: li fè yo konnen bon nouvèl la ki di: Bondye voye Jezi ki Mèt tout moun pou bay tout moun kè poze. Nou konnen sak te rive nan tout peyi Jide a.

Bagay sa yo kòmanse nan peyi Galile, apre batèm Jan t'ap anonse a. Nou konnen tou ki jan Bondye te vide pouvwa Sentespri l' sou Jezi, moun Nazarèt la. Jezi mache nan tout peyi a, li t'ap fè byen, li t'ap geri tout moun ki te anba pouvwa Satan paske Bondye te kanpe avèk li!

(Istwa ki baze sou pasaj ki nan Travay 10:1-38)



REPONN KESYON SA YO:

1. Èske w' kwè ke sa Pyè ak Kònèy te a bon? Poukisa?

Reponn: _____

2. Ki siyifi san patipri?

Reponn: _____

3. Èske w' kwè ke Pyè ak lòt kwayan nan lavil Jope yo te aksepte Kònèy, fanmi ak zanmi l' yo?

Reponn: _____

4. Kòman istwa tèlman espesyal sa te fini? Èske w' bezwen konnen li.

Reponn: _____

5. Kisa Seyè a vle nou fè ak tout moun?

Reponn: _____

6. Ki sipriz Pyè ak Kònèy te jwenn?

Reponn: _____


KONLETE:

_____ disip pou mwen nan tout _____, batize yo nan non _____ a, _____ la ak _____ a. Moutre yo pou yo _____ tou sa mwen te ban nou _____ fè.

Chonje sa byen: mwen la avèk nou _____, jouk sa _____. (Matye 28:19-20)

Èske m'ap kapab antre?

Antoure moun ou kwè ki merite antre nan wayòm nan.



Konplete lapriyè a:

_____ se pou moun sa yo ki aksepte Jezi kòm yo kapab antre nan wayòm (syèl) la! Pa gade sou nasyonalite li, ras oubyen lang.

Legliz nan peyi Antyòch la

1

Aprè Pyè ak Jan te fin soti nan prizon an, lidè jwif yo te kòmanse chèche fason pou frennen kretyen yo pou ke yo te sispann gaye Bon Nouvèl la. Yo te kraze Etyèn anba wòch paske li te di yo ke yo te touye Pitit Bondye a. Apre sa, yo te kòmanse pèsekite tout kretyen lavil Jerizalèm yo. Yo te touye anpil nan yo epi mete lòt yo nan prizon.



2

Anpil nan kretyen yo te akouri soti nan lavil Jerizalèm akòz de gwo pèsekisyon an, epi yo t'al viv nan lòt vil. Gen kèk nan yo ki t'al byen lwen, nan Finisi, Chip ak Antyòch. Yo te preche Bon Nouvèl Jezi a tout kote yo te rive.



3

Gen kèk kretyen nan lavil Chip avèk Sirèn ki t'al nan peyi Antyòch. La a yo te kòmanse preche grèk yo levanjil osijè de Jezi a. Bondye te ansanm avèk yo, epi anpil grèk te aksepte Jezi kòm Sovè ak Seyè.




4


Legliz Jerizalèm lan vin aprann nouvèl la. Li voye Banabas lavil Antiòch. Lè Banabas rive, li wè ki jan Bondye t'ap beni disip yo. Li pa t' manke kontan, li t'ap ankouraje yo pou yo tout te kenbe fèm ak tout kè yo nan sèvis Seyè a san dekouraje. Banabas sa a te yon bon gason. Li te gen anpil konfyans nan Bondye, epi Sentespri te kenbe l' anba pouvwa l' tout tan. Anpil moun te vin kwè nan Seyè a.



Enparab!



Koupe imaj moun yo. Kole yo nan kat jeyografik la pou w' montre ekspansyon legliz la depi nan Jerizalèm pou rive nan tout mond lan.



Grandi

Itilize kle yo pou w' dekouvri mesaj yo. W'ap dekouvri fòm ke w' kapab ede legliz la grandi. Apre sa, ou kapab itilize kòd la pou w' kreye pwòp mesaj pa w'.


★	✎	✂	▲	✌	■	✈	◆	✓	☞	✕
A	B	E	È	F	G	I	L	M	N	O
✚	*	♥	☎	➡	✉	●	☆	✿	?	
Ò	P	R	S	T	U	V	W'	Y	Z	

1. ✂ ☞ ● ✈ ➡ ✂ ◆ ✚ ➡ ✓ ✕ ✉ ☞ ● ✈ ☞ ◆ ✂ ■ ◆ ✈ ?

2. * ♥ ✈ ✿ ✂ * ✕ ✉ * ★ ☎ ➡ ▲ ☆ ✿ ✕

3. * ♥ ✈ ✿ ✂ * ✕ ✉ ✓ ✈ ☎ ✿ ✕ ☞ ▲ ✿ ✕

4. ✎ ★ ✿ ✕ ✌ ♥ ★ ☞ ☞



Reziste!



Ki tantasyon timoun sa t'ap fè fas la?

Ki tantasyon w'ap fè fas ou menm?

Kenbe fèm!



Ki tantasyon ti fi sa ap fè fas la?

Panse

ak lavi w'.

Ki tantasyon w'ap fè

fas oubyen ta kapab

rive fè fas?

TANTASYON



Matye 4:1-11

1. *Kòman Jezi te itilize zam Bondye yo pou l' te venk tantasyon an?*

2. *Sentiwon verite a. Ki manti dyab la te itilize pou l' te twonpe Jezi? Kòman Jezi te reponn li?*

3. *Plak pwotèj jistis la. Jistis vle di viv nan kominyon ak Bondye; se fè sa Bondye mande. Kòman Jezi te reponn ak Jistis lè li te sibi tantasyon an?*

Aprè sa, Lespri Bondye pouse Jezi ale nan dezè a pou Satan te ka tante l'. Jezi pase karant jou ak karant nwit san manje. Aprè sa, li vin grangou. Lè sa a, Satan pwoche bò kote l' pou sonde l'. Li di l' konsa: Si ou se Pitit Bondye, bay wòch sa yo lòd pou yo tounen pen. Jezi reponn li: Men sa ki ekri: Moun pa kapab viv ak manje ase. Yo bezwen tout pawòl ki soti nan bouch Bondye tou. Aprè sa, grandyab la mennen l' lavil

JEZI A



MECHANSTE

- Tout sa ki kanpe kont Bondye.

Mechanste se kontrè ak sa ki bon, epi Bondye bon. Dyab la opoze ak Bondye. Dyab la pabon.

Jerizalèm. Li mete l' kanpe sou pwent fetay tanp lan. Li di Jezi konsa: Si ou se Pitit Bondye, lage kò ou anba. Paske, men sa ki ekri: Bondye va bay zanj li yo lòd pou yo veye sou ou. y'a pote ou nan men yo, pou ou pa kase zòtèy pye ou sou okenn wòch. Jezi reponn li: Men sa ki ekri tou: Ou pa dwe seye sonde Mèt la, Bondye ou. Satan mennen Jezi ankò sou yon mòn ki byen wo. Li moutre l' tout peyi ki sou

latè ansanm ak tout riches yo. Li di l' konsa: M'ap ba ou tout bagay sa yo, si ou mete ou ajenou devan m' pou ou adore m'. Jezi reponn li: Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi. Fwa sa a, grandyab la kite l'. Latou, kèk zanj Bondye pwoche bò kote Jezi, yo sèvi l'.

TANTASYON

- Tout sa ki kapab anpeche w' mete Bondye nan premye plas nan lavi w'. Tantasyon se pa yon peche, men si w' bay legen, l'ap mennen w' nan peche.

Jezi te itilize Pawòl la epi fè fas ak tantasyon an. Ou kapab itilize pawòl Bondye a pou ke li ede w pote laviktwa sou tantasyon an.

ANGAJMAN MWEN

Konplete angajman an avèk mo ki anba yo.



MWEN MENM _____
 VIV KONFÒM AK _____
 BONDYE. M'AP TOUJOU
 _____ LAVERITE. JODI
 A MWEN _____ FÈ SA
 KI DWAT AK _____
 BONDYE LI.



OBEYI – DI – PWOMÈT – LAVERITE – DESIDE

Ak pwòp pawòl mwenn yo!

Chèche epi li Matye 4:4. Kòman w' ta di vèsè sa?

Chèche epi li Matye 4:7. Kòman w' ta di vèsè sa?

Chèche epi li Matye 4:10. Kòman w' ta di vèsè sa? Èske yo kapab ede w' lè w'ap sibi tantasyon?

Kimoun ki kapab ede w' lè w' ap sibi tantasyon?

LI MENM=JEZI

Mande antrenè w' la kisa vèsè sa siyifi dapre li menm.

Koulye a, li ka pote sekou bay tout moun ki anba tantasyon, paske li menm tou li te pase anba tantasyon, li menm tou li te souffri (Ebre 2:18).




Dapre opinyon w', kisa LIBÈTE siyifi?

Panse ak kat mo ki dekrive libète.

1 2 3 4


Desine yon bagay ki montre libète



**REFLECHI
SOU LI!**
Ki kalite libète
Bondye ba ou?

ONEZIM

Salitasyon: Mwen menm Pòl, ki nan prizon poutèt Jezikri, m'ap ekri lèt sa a, ansanm ak frè Timote, Pou Filemon, yon moun nou renmen anpil epi k'ap travay ansanm ak nou pou Seyè a. Nou mande Bondye, Papa nou, ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, pou yo ban nou benediksyon ak kè poze.
(Filemon 1:1, 3)



Lanmou ak lafwa Filemon: Chak fwa m'ap lapriyé, mwen nonmen non ou, mwen di Bondye mèsi pou ou. Paske m' tande jan ou renmen tout pèp Bondye a, jan ou gen konfyans nan Seyè Jezi. M'ap mande Bondye pou konfyans nou gen ansanm nan li a ka fè nou konprann pi byen tout benediksyon nou jwenn nan lavi n'ap mennen ansanm nan Kris la. Se pa ti kontan m' te kontan, sa te ankouraje m' anpil, frè mwen, lè m' tande jan ou renmen moun ki fè pati pèp Bondye a, jan ou te remoute kouraj yo anpil.
(Filemon 1:4-7)

Reflech' sou li!

Kòm se yon esklav ki te vòlò bagay mèt li epi chape poul li, Onezim te riske danje lanmò si li te retounen. Ala de lapèrèz!

Kisa ki te libere Onezim de lapèrèz li a? Kisa ki te transfòme Onezim?

Kisa zam Bondye yo gen pou wè avèk istwa sa?

1. Jalouzi pou anonse levanjil kè poze a.
2. Plak pwotèj lafwa a.

RETOUNEN

Pòl mande gras pou Onezim: “Se poutèt sa, atout Kris la ban m’ otorite pou m’ di ou sa ou gen pou ou fè, m’ pito mande ou rann mwen sèvis sa a nan non Kris la ki renmen nou: wi, mwen menm Pòl, tou vye granmoun jan m’ ye a, atout mwen nan prizon poutèt Jezikri, m’ap mande ou yon favè pou Onezim, yon pitit mwen fè nan Kris la antan m’ la nan prizon an. Anvan sa, li pa t’ vo anyen pou ou, men koulye a, li vo kichòy ni pou ou ni pou mwen. M’ap voye l’ tounen ba ou koulye a tankou pitit pa mwen. M’ ta byen renmen kenbe l’ bò kote m’, pou l’ te ka sèvi m’ nan plas ou, pandan m’ nan prizon pou bon nouvèl la. Men, m’ pa vle fè anyen san konsantman ou. Mwen pa ta renmen sa sanble se fòse m’ap fòse ou rann mwen sèvis. Mwen ta pito wè ou fè l’ ou menm, paske ou vle fè li. Ou pa janm konnen si Onezim pa t’ kite ou pou yon tan, pou ou te ka jwenn li ankò pou tout tan. Paske, se pa tankou yon senp esklav ou jwenn li ankò. Koulye a, li plis pase yon esklav pou ou: se yon frè li ye pou nou nan Kris la, yon frè mwen renmen anpil. Men, ou menm ou dwe renmen li pi plis pase m’ ankò. Pa sèlman tankou nenpòt ki moun, men tankou yon frè nan Seyè a. Si ou konsidere m’ pou zanmi ou, resewa Onezim menm jan ou ta resewa mwen. Si l’ te fè ou kèk bagay mal, osinon si l’ dwe ou kichòy, mete sa sou kont mwen. Mwen menm Pòl, m’ap ekri sa ak men pa mwen: m’a renmèt ou sa. Mwen pa kwè m’ bezwen fè ou chonje jan ou dwe m’ lavi.”
(Filemon 1:8-19)

Salitasyon ak benediksyon final: Wi, frè m’, fè m’ favè sa a nan non Seyè a. Soulaje kè m’ tankou yon frè nan Kris la dwe fè li. Se paske mwen konnen w’ap fè sa m’ mande ou la ki fè m’ ekri ou lèt sa a. Mwen konnen ou va fè pi plis pase sa m’ mande ou la. An menm tan, pare yon chanm pou mwen, paske, pou lapriyè mwen konnen nou fè pou mwen, mkwè Bondye va tande nou, la fè m’ favè vin jwenn nou ankò. (Filemon 1:20-22)

Pòl fini ak lèt la avèk yon nòt sou yon vizit touswit. Li beni Filemon, nan menm fason ke li espere Filemon beni Onezim

Byen Chè
(Non w')

Mwen vle ke w' konnen mwen renmen w'. Mwen toujou la avèk ou. Mwen pran swen w' lè w' malad oubyen lè w' pè. Mwen la avèk ou lè kè w' kontan. Ou kapab konte sou mwen, paske m'ap toujou bò kote w' pou m' ede w', menm nan sitiyasyon pi difisil yo.

Mwen vle pou w' aksepte kado m' nan, delivrans lan. Mwen chwazi w' pou w' kapab renmen ak sèvi mwen. Sonje ke w' kapab mete konfyans ou nan mwen.

Avèk lanmou,
Bondye

Chè Bondye,



Avèk lanmou,



Ki kote w'ap chèche

REPONS YO?

Antoure avèk yon sèk ki kote oubyen kot kimoun w'ale lè w' bezwen repons.

Klasifye kote w' jwenn pigwo èd la.

1= Pi gwo èd

10 = Pi piti èd

Televizyon

Bondye

Entènèt

Diksyonè

Bib

Zanmi

Antrenè

Liv

Pastè

Paran

Òdinatè

Èske genyen yon bagay oubyen yon moun anplis ki egziste kote w' toujou al chèche repons?

Yon etyopyen k'ap chèche verite a

Pèsonaj pou dramatisasyon:

Filip, etyopyen an, yon “vwa” (yon zanj Seyè a, oubyen Sentespri a).

Objè: 2 vètman nan tan biblik yo, 1 woulo papyè, 2 chèz.

Sèn 1 (Filip poukont li sou sèn nan).

Vwa: (Depi sou sèn nan): Leve non! Al nan direksyon sid, sou wout ki soti lavil Jerizalèm pou desann Gaza a.

Filip: (Pandan l'ap prepare l' pou l' soti): Wi Mèt, mwen prale kounye a.

Vwa: (pandan filip ap kite senaryo a) Filip leve, li pati. Antan l' sou wout la, yon nonm parèt devan l'; se te yon moun peyi Letiopi, yon nèg konfyans. Li te yon gwo chèf nan peyi Letiopi. Se li menm ki te reskonsab tout richès Kandas, larenn peyi a.

Sèn 2 (Gen de chèz sou sèn nan. Etyopyen an, chita sou youn ladan yo, l'ap li woulo a ansilans).

Vwa: (depi nan sèn nan) Chèf peyi Etyopi a te kwè nan Bondye, men li pat konnen Jezi. Li te moute lavil Jerizalèm pou adore Bondye. Antan li t'ap tounen nan peyi l', li te chita nan cha li, li t'ap li nan liv pwofèt Ezayi a.

Vwa: Leve pye ou, rive toupre cha a. (Filip kouri ale bò cha a).

Etyopyen: (Pandan l'ap li

woulo a konsa) Li te tankou yon mouton yo t'ap mennen labatwa. Li te tankou yon ti mouton ki pa janm rele lè y'ap taye lenn sou do li. Li pa janm louvri bouch li di anyen. Yo te desann li ba anpil, yo refize fè l' jistis. Pesonn p'ap nonmen non pitit pitit li. Paske, lavi l' sou latè fini nèt.

Filip: (Fè yon ti pwoche pi devan) Men, èske w' konprann sa w'ap li a?

Etyopyen: (avèk yon rega sezisman): ki jan pou m' fè konprann si m' pa jwenn moun pou esplike mwen? epi li mande Filip pou l' moute nan cha a, (filip chita bò kote li).

Etyopyen: Di m' non, ki moun pwofèt la ap pale konsa: tèt pa l' osinon yon lòt moun?

Filip: Ezayi ap pale osijè de Jezikris, Pitit Bondye a. Jezi se zanmi mwen, Seyè ak Sovè mwen. Li te akonpli pwomès Bondye a pou sove pèp la anba peche ak lanmò. Ou kapab konprann Pawòl sa epi konnen li avèk èd Bondye. Ou kapab deside konnen ak renmen Jezi tou.

Etyopyen: Kòman m' kapab fè sa?

Filip: Admèt ke w' se pechè. Di Bondye ke w' regrèt paske w' te dezobeyi



li epi w' pwomèt obeyi li. Apre sa, deside swiv Jezi, Pitit sèl Pitit Bondye a. Kwè ke Jezi se Sovè w', aksepte delivrans ke Bondye ofri w' la epi rekonèt li kòm Seyè lavi w'.

Etyopyen: Wi, mwen vle fè l'!

Vwa: (pandan Filip ak etyopyen an te bese tèt yo konsa) Filip te priye avèk chèf etyopyen an nan wout pousyè sa, epi li te anonse levanjil Jezi a. Jou sa a, nonm nan te rive vin kwayan nan Jezikris.

Sèn 3 (Filip ak etyopyen an kanpe devan cha a).

Vwa: Filip te vwayaje ansanm ak etyopyen an. Pandan yo y'ap pase toupres yon lafrèch, yo te desann cha a.

Etyopyen: Bon, men dlo. Kisa ki pou anpeche m' resevwa batèm?

Vwa: Nan tan bibliki yo, yo te konn koule moun nan nan dlo a pou montre ke Bondye te padone peche li yo epi fè li vin yon nouvo kreyati. Jodi a tou, anpil moun batize pou obeyi kòmandman li a.

Filip: Bon lide, m'ap batize w' kounye a menm! (Etyopyen a mete ajenou epi bese tèt li. Filip kite sèn nan).

Etyopyen: (etyopyen an leve kanpe epi li gade nan alantou li) Ki kote Filip ale? Li te la epi li disparèt. Bon, mwen byen kontan dèske mwen te rankontre avèk li, paske kounye a mwen gen lajwa dèske mwen konnen ak renmen Jezi. Kounye a mwen kapab ale lakay mwen epi rakonte lòt moun osijè de li.

Vwa: Etyopyen an kontinye fè chemen li, ranpli ak lajwa ak felisite. Men, kisa ki pase Filip menm? "Filip menm rete konsa li wè li lavil Azòt. Apre sa, li pran mache. Nan tout ti bouk kote l' pase, li anonse bon nouvèl la".

(Istwa sa twouve li nan Travay 8:26-40).



Kisa istwa jodi a gen pou wè avèk zam Bondye yo?

Reflechi Sou Li!

1. Epe Lespri a.

2. Kas an fè Sali a.

Ou kapab jwenn verite a nan pawòl bondye a



GWOUP **A**

Li Women 3:23
Kisa vèsè sa di nou?

Li 1 Jan 1:9.
Dapre vèsè sa, kisa Bondye pral fè pou nou?

GWOUP **B**

Li Jan 3:16.
Kimoun ki kado Bondye bannou an?

Li Travay 16:31.
Dapre vèsè sa, kisa k'ap rive si w' admèt peche w' yo epi deside kwè nan Jezi?

GWOUP **C**

Li Jan 1:12.
Kisa w' vin tounen lè w' kwè nan Jezikris?

Li Women 10:13.
Ki bon nouvèl ki nan vèsè sa?

Se desizyon pa w'!

1. Si w' vle konnen Bondye, ou kapab fè sa!
2. Si w' vle pwomèt viv pou Bondye chak jou, ou kapab fè li!

Pwomès mwen

Mwen menm, _____,
mwen pwomèt _____

Senyati,

KOUNYE A...
KISA? Ale epi pale avèk tout moun osijè de Jezi!

Chèche senk lèt ki kache nan sèn sa. Ki mo ou kapab fòme? Chèche timoun sa yo k'ap fè sa pawòl la dekrive a.



Lapriyè avèk lafwa

Yon lapriyè ki baze sou Jak 5:13-20.



Antrenè: Èske gen kèk pami nou ki atriste?

Elèv: se pou li lapriyè.

Antrenè: Èske gen kèk pami nou ki nan lajwa?

Elèv: Se pou l' chante kantik.

Antrenè: Èske gen moun ki malad nan mitan nou?

Elèv: Se pou l' rele chèf reskonsab yo nan legliz la. Y'a lapriyè pou li, y'a pase lwil sou li nan non Seyè a.

Antrenè: Lè lapriyè a fèt ak konfyans, li va delivre malad la. Seyè a va fè l' leve gaya. Si li

te fè kèk peche, Bondye va padonnen li.

Elèv: Se pou nou konfese peche nou yo yonn bay lòt. Se pou yonn lapriyè pou lòt, pou nou kapab geri.

Antrenè: Lè yon moun ap viv dwat devan Bondye, lapriyè moun sa a gen anpil pouvwa. Pwofèt Eli te yon moun menm jan ak nou. Li te lapriyè rès

pou lapli pa t' tonbe. Konsa vre,
lapli pa tonbe pandan twazan sis
mwa.

Elèv: Apre sa, Eli te lapriyè ankò.
Lè sa a, syèl la louvri, lapli tonbe,
latè bay bèl rekòt.


Antrenè: Bondye te reponn
lapriyè l' yo.

Elèv: Bondye reponn lapriyè nou
yo tou.

Antrenè: Nou kapab priye pou
nou ak lòt moun. Nou kapab
priye pou moun k'ap viv nan
peche yo tou.

Elèv: Pou moun ki malad yo
tou.

Tout moun ansanm: Lè yon moun
ap viv dwat devan Bondye, lapriyè moun sa a gen anpil pouvwa (Jak
5:16).



SOU TOUT

BAGAY,

PRIYE!

SOU TOUT

BAGAY,

PRIYE!

Piramid la priyè



M'ap priye pou fanmi mwen avèk mwen menm.



M'ap priye pou legliz mwen.



M'ap priye pou lekòl mwen, pwofesè ak zanmi m' yo.



M'ap priye pou vil mwen ak peyi m' nan.



M'ap priye pou mond la ansanm ak moun k'ap viv ladan l' yo.

Ekri oubyen panse pou kisa w kapab priye nan chak pati piramid la.

Koupe de kat lapriyè yo. Itilize kat sa yo pou w' sonje angajman lapriyè w' la pandan w'ap priye nan semèn sa.

**MWEN PRIYE POU
LÒT BAGAY**

- Lendi: _____
- Madi: _____
- Mèkredi: _____
- Jedi: _____
- Vandredi: _____
- Samdi: _____

M'ap sonje ke:

*"Lè yon moun ap viv dwat devan Bondye, lapriyè moun sa a gen anpil pouvwa."
(Jak 5:16)*

Bondye reponn lapriyè yo!

Jodi a m'ap priye pou bezwen m' yo ak pa pwochen m' yo. Mwen kapab mete konfyans mwen nan Bondye!



Kisa w vle ye lè w' gran?

Kimoun ou vle ye lè w' gran?

Rebeka oubyen Bejamen

(Otokominikasyon baze nan Lik 14:1, 7-11)

Ou konnen? Se te yon fèt ekstraòdinè! Finalman, mwen te santi m' pat nan plas mwen. Ou deja konnen kijan w' santi w' lè w' bò kote moun k'ap ba w' presyon. Mwen pat janm kontan pou yo te envite m' nan yon fèt tankou sa. Tout pèsonaj enpòtan yo te la.

Menm Jezi te la! Anpil moun t'ap veye li, eseye wè kisa li ta fè.

O, eskize m' mwen pa t' prezante tèt mwen. Non mwen se (Rebeka/Bejamen), epi mwen la jodi a pou m' pale nou de youn nan jou ki pi mèveye nan lavi mwen. Se te jou kote m' te tande Jezi k'ap di kòman nou dwe viv.

De tout fason, nan fèt sa tout pèsonaj enpòtan sa yo t'ap eseye enpresyonnen youn lòt. Nou deja konnen ke nan peyi nou, moun ki twouve li pi pre chèf la se li menm ki genyen pi gwo lonè. Nan fèt sa a, tout moun t'ap rete tan pou yo te konsidere yo kòm envite ki pi enpòtan ak popilè! Mwen te rete byen tranquil nan ban dèyè a ap kontwole paske, jan mwen te di a, sa se pa t' gwoup zanmi pa m' yo kòm dabitid.

Mwen te gen plizyè santiman. Mwen te anvi ri epi nan menm tan an tou mwen te tris. Pèsòn pa t' gen enterè youn pou lòt, ni pou koute youn lòt. Yo chak t'ap bat pou jwenn pi bon plas bò tab la.

Jezi te santi li fistre akòz de sa; Men finalman li te fè moun yo vin trankil ak yon gwo istwa ki bay lapèz.

Li di konsa: "Gade, lè yo envite ou nan yon nòs, pa al chita nan pi bon plas la. Paske, si nan envite yo gen youn moun ki pi enpòtan pase ou, moun ki envite nou toulède a kapab vin di ou: Bay moun sa a plas la. Lè sa a, wa wont, wa blije al chita nan plas dèyè, kisa na va fè ebyen? M'ap di nou: avèk pli mare sou fwon nou, n'ap oblije deplase pou al chita dèyè byen wont devan moun sa yo ki t'ap eseye mete presyon yo".

Yo tout te fè silans. Pa ni youn sèl moun ki te bat kò li. Epi Jezi te kontinye pale.

"Men, lè yo envite ou, mete kò ou dèyè; konsa, lè moun ki envite ou la vini, la ka di ou:

Zanmi mwen, pase pi devan nan youn pi bon plas. Lè sa a, se va youn lwanj pou ou devan tout moun ki chita bò tab la ansanm ak ou yo".

Mwen pa t' janm gen chans retounen nan youn bèl fèt, men, mwen asire nou ke m' pap janm bliye sa.

Jezi se pèsonaj ki pi enpòtan ki te viv sou tè sa. Epi menm konsa, li te bay lavi li pou lòt yo.

Mwen vle vin menm jan ak Jezi. Mwen espere ke ou menm tou.



Ann al glise!

Li Lik 14:1 ak 14:7-11.

Aprè sa, reyalize aktivite ke yo endike anba yo.



Legliz ou a decide
òganize yon vwayaj pou
jèn yo. Yo pral glise.
Pryorite a se pou
adolesan yo epi, aprè sa,
si gen plas, preadolesan
yo kapab ale tou.

Nan premye pozisyon,
mete fen avèk istwa a
kòm si w' t'ap reyaji
nan menm fason ak
moun ki ta vle pibon
plas nan fèt yo.



Aprè sa, mete fen avèk istwa a
kòm si w' t'ap reyaji nan menm
fason ke Jezi montre nou aji a.

ATITID

Li kesyon sa yo. Reflechi sou lavi w', epi ekri repons ou yo nan espas vid yo.



Èske w'ap viv tankou ou bezwen Bondye, oubyen jeneralman ou eseye fè bagay yo poukont ou?



Èske w' toujou vle premye nan tout bagay, oubyen pa gen pwoblèm si w' sa?



Èske w' imilye lòt moun pou w tire avantaj, oubyen ou sèlman di sa ki bon osijè lòt moun epi ou trete yo jan yo merite l' la?

Istwa salamanje a

Ou fenk chita bò tab salamanje nan lekòl ou a epi...

SÈN NIMEWO 1

Ou grangou anpil. Ou rann ou kont ke manje w' te pote se pa sa ki te pi gou a, epi finalman li pap plen vant ou. Ou decide fawouche manje tigason ki chita tou pre w' la.

“Bouwa! Ala lèd manje w' la lèd!”



SÈN NIMEWO 2

Ou te pote yon manje ki byen gou. Men, olye pou w' manje li, ou pito pase tout tan w' ap goute sa w' te pote a pou tout moun kapab sispèk.



SÈN NIMEWO 3

Ou te bliye pote dine a. Ou grangou anpil. Ou kapab byen mande kizinyè a pou l' ba w' yon ti manje epi peye li nan demen, oubyen mande madmwazèl la oubyen zanmi w' yo pou ba ou yon ti manje nan pa yo a. De tout fason, ou santi w' wont.



Farizyen an avèk pèseptè kontribisyon an

Farizyen yo te konsakre pou Bondye epi yo te angaje yo pou obsève lalwa yo a. Yo te byen konnen sa ki ekri nan Liv la. Men anpil fwa yo te konn anfle ak lògèy akòz de pozisyon yo. Lòt gwoup la se te pèseptè kontribisyon yo, yo menm ki t'ap travay pou gouvènman women an. Kantite taks yo te touche yo te plis pase sa yo te dwe touche, pou yo te pran yon pati pou yo. Jwif yo te konn konsidere yo kòm trayizan.

Jezi di parabòl sa a pou moun ki te kwè yo bon devan Bondye epi ki t'ap meprize lòt moun: Dezòm moute nan tanp lan al lapriyè. Yonn te yon farizyen, lòt la yon pèseptè kontribisyon. Farizyen an te kanpe apa, li t'ap lapriyè konsa: Bondye, m'ap di ou mèsì dapre mwen pa vòlò, ni visye, ni adiltè tankou lòt yo; mèsì dapre mwen pa tankou pèseptè kontribisyon sa a. Chak senmenn mwen pase de jou ap fè jèn, mwen bay ladim nan tou sa mwen genyen. Pèseptè kontribisyon an menm te rete dèyè, li pa t' menm gen kouraj leve je l' nan syèl; li t'ap bat lestonmak li, li t'ap di: Bondye, gen pitye pou mwen ki fè anpil peche.

Men Jezi te panse diferan. Pou sipriz tout moun, li te di konsa: “Lè sa a, Jezi di yo: M'ap di nou sa, se pa farizyen an non, men se pèseptè kontribisyon an ki tounen lakay li ak padon Bondye. Paske, yon moun ki vle leve tèt li, y'a desann li, yon moun ki desann tèt li, y'a leve li”.

(Istwa sa twouve li nan Lik 18:9-14.)



Kisa farizyen an te fè mal?



Kisa farizyen an ta panse si li te tande lè Jezi t'ap di ke li te nan erè a epi pèseptè kontribisyon an te nan kòrèk?



Pou ki rezon atitid pèseptè kontribisyon an te kòrèk?

Benediksiyon
pou moun ki
grangou ak swaf
pou jistis,
paske yo
va rasazyè.



(Matye 5:6).

Kimoun ki bezwen

mizèrikòd?



SÈVITÈ KI PA T' VLE PADONE A

Por Men ki jan sa ap pase nan Peyi Wa ki nan syèl la: Se tankou yon wa ki te vle fè regleman ak domestik li yo. Li te fèk kòmanse fè regleman an lè yo mennen yonn ba li ki te dwe l' senkantmil (50.000) goud. Men, nonm lan pa t' gen dekwa peye tout lajan sa a. Mèt la bay lòd pou yo vann li tankou esklav, li menm, madanm li, pitit li yo ansanm ak tou sa l' te genyen, pou peye dèt la.

Domestik la tonbe ajenou devan mèt la, li di li: Mèt, tanpri souple, pran yon ti pasyans pou mwen, m'a peye ou tout lajan an. Kè mèt domestik la fè l' mal, li kite lajan an la pou li, li kite l' ale. Lè domestik la soti, li kontre ak yon kanmarad ki te dwe l' san (100) goud.

Li kenbe l', li pran trangle l', li di li: Peye m' sa ou dwe m' lan. Kanmarad la lage kò l' atè, li di lòt la: Tanpri, pran yon ti pasyans pou mwen, m'a peye ou. Men, lòt la pa tandè. Li fè mete kanmarad la nan prizon, pou jouk lè li fin peye sa li dwe a. Lè lòt domestik yo wè sak te rive, sa te fè yo mal anpil. Y al rakonte mèt la sak te pase. Lè sa a, mèt la fè rele domestik la. Li di l' konsa: Gade jan ou mechan! Mwen kite tout lajan sa a pou ou paske ou te mande m' fè sa pou ou. Ou te dwe gen pitye pou kanmarad ou a menm jan mwen te gen pitye pou ou a. Mèt la fè gwo kòlè, li fè mete msye nan prizon pou yo bat li jouk lè li fin peye tou sa l' te dwe a.

Se konsa Papa m' ki anwo nan syèl la va aji ak nou, si nou pa padonnen frè nou yo ak tout kè nou. (Matye 18:23-35)

PANSE EPI KÒMANTE AVÈK ZANMI W' YO

1. *Nan kòmansman istwa a, èske wa te gen mizèrikòd?*
2. *Èske premye sèvitè a te merite mizèrikòd wa?*
3. *Èske sèvitè sa te gen konpasyon pou sèvitè pa l' la?*
4. *Èske lòt sèvitè a te merite mizèrikòd premye sèvitè a?*
5. *Èske wa te gen mizèrikòd pou sèvitè a nan fen istwa a?*
6. *Èske nou menm jan ak sèvitè a lè nou pa padone lòt moun?*

*Li vèsè 35.
Kisa w' panse "padone"
ak tout kè vle di?*

Opinyon Piblik

Li enfòmasyon sa. Ekri tout
demonstrasyon ke w' kapab
panse ki apiye oubyen kont li.

***Benediksyon pou moun ki
gen kè sansib, paske Bondye
va fè yo wè jan li gen kè
sansib tou. (Matye 5:7)***

Sa se verite paske...

Sa se fo paske...

Deklarasyon pam

Li deklarasyon sa. Si w' dakò avèk sa l' di a, epi ou ta renmen gen kè sansib pandan semèn sa, siyen oubyen mete non w' sou liy nan. Apre sa, anba, fè yon lis fason w' kapab vin gen kè sansib ak lòt moun.

Paske Jezi te di konsa: "Benediksyon pou moun ki gen kè sansib, paske yo va fè l' wè jan yo gen kè sansib tou".

Epi pou ki rezon mwen asire m' ke Bondye renmen m' pi plis pase sa mwen merite.

Poukisa mwen vle viv jan Jezi te viv la

Konsa, mwen menm,

Semèn sa a, mwen pran angajman pou m' viv avèk yon atitud mizèrikòd anvè lèzòt yo.



Pase yon kou matematik difisil.



Koupe gazon.



Jwe baskèt.



Pase machin netwayaj.



Mache ak bisiklèt.



KILÈS NAN AKTIVITE SA YO KI MANDE GWO ANGAJMAN?

Jwe enstriman.



Fè manje dapre yon resèt



Kouri paten.



Choute yon balon.



TREZÒ KACHE



Yon nonm t'ap prepare yon chan pou l' simen semans yo. Tè a te bon anpil epi byen gra. Menm kote a, pèl li a te touche yon bagay ki byen solid.

Li di: "sa ra wi", "sa pa sanble yon wòch non".

Li mete ajenou, li brase tè a avèk men l' ak anpil atansyon. Lè l' te fin retire tè ki te sou li a, li te ranpli ak lajwa pou sa l' te jwenn nan. Yon trezò enkwayab! Si li te travay tè a chak jou pou 1.000 pwochen ane yo li pa t'ap kapab egale valè trezò sa. Li te konnen sa li te dwe fè...

Li retounen antere trezò a avèk anpil atansyon, byen kouvri li. Li te konnen lalwa: Si l' te pran trezò a li pa t'ap ka rete avèk li. Dapre lalwa, li te pou mèt tè a, epi li te konnen ke ta oubyen bonè mèt tè a t'ap vin reklame l' kòm trezò li.

Kimoun ki konnen sa nonm sa te dwe fè pou l' te achte byen an? Prèske asire ke nonm nan ta dwe vann tout sa li te posede. Petèt li ta dwe mande tout moun li rekonèt yo lajan prete.

Men li te konnen sa l' t'ap fè a. Epi li te pare pou fè nenpòt bagay pou l' te posede trezò sa, paske li te konnen byen ke li ta kapab chanje rès lavi li.

Aprè li te fin achte tè a, li te retounen nan plas kote l' te wè trezò a, li te detere li epi li te kontan anpil paske kounye a vre, li te pou li.

(Istwa bibliik sa twouve li nan Matye 13:44).

Pèl la nan pri gwo a

Istwa sa dekrive yon lòt kalite pèsonaj. Li pale de yon nonm biznis, se pa yon moun ki te konn travay latè. Je li yo te antrene pou jwenn mak ak karakteristik mèveye nan wòch ki koute chè yo. Li te pase tout jounen an ap obsève wòch la, li te toujou ap chèche sa ki pi bon an. Pli ki nan je ak fwon li demontre ke li te pase deja anpil ane ap fè travay sa.

Men je l' yo toujou rete efikas pou jwenn bote ki nan bèl wòch ki bon nèt yo.

Yon jou, pandan li t'ap chèche nan yon resipyan ki plen ak wòch, li te wè l'. Yon wòch ki te tèlman klere epi bèl, menm nonm sa ki te deja wè plizyè milye nan yo, li pat kapab kwè sa l' t'ap gade a. Se te sa! Wòch ki pi bèl ak enkwayab ke m' pat ko janm wè! Li te konnen valè l', epi li t'ap fè tout sa ki depann de li pou achte li.

Konsa li t'ale epi vann tout sa l' te posede. Apre sa li te fè byen vit epi achte li.

(Istwa biblik sa twouve li nan Matye 13:45-46).



**Ki
diferans ki
egziste ant de
parabòl sa yo?**

**Nan kisa yo
sanble?**

**Poukisa
w' kwè ke
Jezi te konpare
wayòm Bondye a
avèk de istwa sa yo?**

**Kisa
de istwa sa yo
di nou osijè de nou
menm, pitit Bondye yo?**


Mwen gen kè m' pwòp?

Ou sonje dènye
fwa w' te gen yon
ti tan lib. Kisa w'
te fè?

Ki kat aktivite ou te envesti plis tan
pandan semèn nan?

Ki senk bagay ki plis enpòtan nan
lavi w'?

Kisa ki fè kè w' kontan?



PÈSEKISYON

**Ak kisa w' panse lè w'
tande mo PÈSEKISYON?
Bay opinyon w'
pandan w'ap fè
desen oubyen ekri
l' la a.**



De predikasyon

Li pawòl Jezi yo nan predikasyon sou Mòn nan.

Benediksyon pou moun ki anba pèsèkasyon lè y'ap fè sa Bondye mande, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye. Benediksyon pou nou lè moun va joure nou, lè y'a pèsèkite nou, lè y'a fè tout kalite manti sou nou paske se moun pa m' nou ye. Fè kè nou kontan. Wi, nou mèt kontan nèt, paske yon gwo rekonpans ap tann nou nan syèl la. Se konsa yo te pèsèkite pwofèt ki te vini anvan nou yo.
(Matye 5:10-12)

Kòman Seyè a te trete moun ki te fè l' soufri yo?

Kòman nou kapab trete moun ki maltrete nou yo?

Kòman soufrans lan ka mennen nou nan lajwa?

a soufrans

Pandan w'ap sèvi avèk sa w' te li nan pasaj Matye ak Lik, ekri yon nòt opinyon pou "journal Jerizalèm nan" osijè de pèsekisyon Jezi a ak fason li te aji. Eseye eksplike lektè w' yo rezon ki te fè Jezi aji fason sa.

Journal Jerizalèm nan

EDITORIAL

YO PÈSEKITE JEZI



Krismksyon Jezi nan Gòlgota.



CHEMEN KÈ KONTAN

Relye avèk yon liy premye pati chak beyatitid avèk fen ki kòresponn nan. Apre sa, antoure twa beyatitid ke w' plis renmen yo.

1. Benediksyon pou moun ki konnen se pòv yo ye devan Bondye
 2. Benediksyon pou moun ki nan lapenn
 3. Benediksyon pou moun ki dou
 4. Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l' la
 5. Benediksyon pou moun ki gen kè sansib
 6. Benediksyon pou moun ki pa gen move lide nan tèt yo
 7. Benediksyon pou moun k'ap travay pou lèzòm viv byen yonn ak lòt
 8. Benediksyon pou moun ki anba pèsekisyon lè y'ap fè sa Bondye mande
- ☞ Paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye.
 - ☞ Paske y'a wè Bondye.
 - ☞ Paske y'a resevwa byen Bondye te sere pou yo a sou latè
 - ☞ Paske Bondye va fè yo wè jan li gen kè sansib tou.
 - ☞ Paske Bondye va ba yo kouraj.
 - ☞ Paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye
 - ☞ Paske Bondye va ba yo sa yo vle a.
 - ☞ Paske Bondye va rele yo pitit li.

Kisa ou menm avèk fanmi w' ap fè pou nou prepare nou pou fèt nowèl la?


Kisa Bondye te fè pou l' te prepare li pou premye fèt nowèl la?

Prepare mond lan pou nesans Jezi a se pa t' sèl bagay ke Bondye te fè. Li te dwe prepare mond lan pou travay Jezi a tou. Èske w' konnen kòman li te fè li? Repons lan nan devinèt sa.

**Rad mwen fèt avèk plim chamo.
Sentiwon mwen, po animal. Manje mwen se krikèt ak siwo myèl. Epi batèm se yon pati nan aktivite m' yo.
Kimoun mwen ye?**

Prepare pou

*Chèche vèsè ou
jwenn nan epi apre
sa ekri li avèk pwòp
pawòl pa w'.*



premye fèt Nwèl la

PI PRE JAN


Chèche vèsè yo, epi ekri repons yo nan kesyon yo pou w' jwenn yon non ki kache.

1. Kòman ti bebe a te dwe rele? (Lik 1:13)
2. Kisa Jan te fè avèk dlo a? (Lik 3:16)
3. Kimoun ki te vizite Zakari nan tanp lan epi di l' ke li ta pral genyen yon pitit gason? (Lik 1:11-13)
4. Kimoun ki te manman ti bebe a? (Lik 1:13)
5. Kòman moun yo te panse ke li te dwe rele? (Lik 1:59)
6. Avèk kisa Jezi ta batize? (Lik 3:16)
7. Ki pwofèt ki te pale de sa? (Lik 3:4)
8. Ki wayòm Jan te di ki t'ap apwoche a? (Matye 3:2)

1.	_____
2.	_____
3.	_____
4.	_____
5.	_____
6.	_____
7.	_____
8.	_____

Kisa w' pral fè konnye a?

Ane sa a, prepare kè w' pou w' selebre VRÈ siyifikasyon nowèl la. Kòman w' kapab fè li?
Ekri andedan balèn yo (dife) fòm ke w' kapab montre ke Jezi se sant lavi w' nan epòk nowèl sa.





KISA KI T'AP RIVE SI JEZI PA T' VINI NAN MOND LAN?

1. Kòman mond lan t'ap ye si Jezi pa t' janm vini?

2. Kòman sa ta afekte lafwa w' nan Bondye?

3. Kòman lavi nan peyi w' t'ap ye?

4. Kòman lavi pèsònèl ou t'ap ye?

Mèvèy la nan

Rakontè: Yon jou, Bondye te voye zanj Gabriyèl al kote yon jenn fi ki rele Mari, li menm ki t'ap viv nan lavil Nazarèt.

Zanj: Bonjour, Mari, ou menm ki resevwa anpil favè. Mèt la avèk ou.

Mari (byen enkyete): Kisa sa vle di?

Zanj: Pa pè, Mari. Ou jwenn favè nan men Bondye. Ou pral vin ansent, ou va fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi. L'ap vin yon grannèg, y'a rele li Pitit Bondye ki anwo nan syèl la. Mèt la, Bondye nou, va fè l' wa tankou David, gran granpapa li. La gouvènèn pèp Izrayèl la pou tout tan, gouvènman l' lan p'ap janm fini.

Mari: Ki jan sa pral fè rive? Ala mwen poko janm konn gason!

Zanj: Sentepri a pral vin sou ou; pouvwa Bondye ki anwo nan syèl la pral kouvri ou tankou yon lonbraj. Se pou sa tou, tipitit ki pral fèt la pral viv apa pou Bondye, y'a rele l' Pitit Bondye. Ou konnen Elizabèt, fanmi ou lan? Atout li fin vye a, men l' ansent yon pitit gason. Yo te di l' pa t' kapab fè pitit, men li deja sou sis mwa gwosès. Tou sa rive paske pa gen anyen Bondye pa ka fè.

Mari: Men mwen, se sèvant Mèt la mwen ye. Mwen swate pou sa rive m' jan ou di a.

Rakontè: Yon ti tan apre zanj lan te fin ale, Mari te leve pou l' al wè kouzin li, Elizabèt. Lè Mari te salye Elizabèt, Sentepri a te ranpli Elizabèt epi li te ba li mesaj sa a.

Elizabèt: Nan tout fanm ki sou latè, ou menm ou se yon fanm Bondye beni anpil. Pitit ki nan vant ou a tou Bondye beni li. Kisa m' ye menm, pou manman Mèt mwen vin rann mwen vizit? Gade! Bonjour ou la poko rive nan zòrèy mwen, pitit la pran sote nan vant mwen tèlman li kontan. Ou se yon fanm beni! Paske, ou te kwè tout pawòl Mèt la voye di ou yo gen pou rive

Vre.

Mari: Nanm mwen ap chante pou Mèt la ki gen pouvwa. Lespri m' pran plezi nan Bondye ki delivrans mwen. Paske li voye je l' sou mwen, yon sèvant ki soumèt devan li. Wi, depi koulye a, epi pou tout tan, tout moun pral di: Ou se yon fanm Bondye beni! Paske Bondye ki gen tout pouvwa a fè anpil bèl bagay pou mwen. Non li, se yon non pou tout moun respekte.

Rakontè: Mari te rete avèk Elizabèt pandan twa mwa epi apre sa li te retounen Nazarèt.

enkarnasyon

“Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Pawòl la te avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou. Pawòl la te la avèk Bondye depi nan konmansman. Se ak Pawòl la Bondye fè tout bagay. Nan tou sa ki te fèt, pa t’ gen anyen ki te fèt san Pawòl la. Lavi, se nan li sa te ye. Se lavi sa a ki te bay tout moun limyè. Limyè a klere nan fènwa a. Men, fènwa a pa t’ resevwa li. Pawòl la te nan lemonn. Se ak Pawòl la Bondye te fè tou sa ki nan lemonn; men, moun ki nan lemonn pa t’ rekonèt li. Li vin nan peyi l’; men tout moun nan peyi l’ pa t’ resevwa li. Men, sa ki te resevwa l’ yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye. Yo pa t’ vin pitit Bondye jan sa fèt pami lèzòm sou latè, paske sa pa t’ soti nan egzijans lachè, ni nan volonte lèzòm. Se Bondye menm ki te papa yo. Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a.”




(Jan 1:1-5, 10-14.)

JEZI

se
sèl

moun ki sanpousan Bondye epi sanpousan moun.
Jezi pat janm fè peche, paske li se Bondye. Li
konprann kisa sa vle di pou yon moun k'ap viv nan
mond peche, paske li se moun.


Itilize espas vid la pou w' ekri yon zanmi w'
yon lèt pou w' rakonte l' sa Bondye te fè lè li
te vini sou latè kòm moun nan. Poukisa li
enpòtan pou ou? Pou kisa li enpòtan pou lòt
moun konnen Jezi?



Gen plis benediksyon nan bay pase resevwa!

Ekri non kèk moun
andedan dekorasyon an
ke w' vle fè yon kado nan
epòk nowèl sa.

Epi desine oubyen
ekri andedan kado
yo sa w' ta fè moun
ou te mansyone yo
kado.



Gwwo Mesaj!

Antrenè: Lè sa a, Seza Ogis te bay lòd pou yo te konte dènye moun ki nan peyi l'ap gouvènen yo. Premye travay sa a te fèt nan tan Kireniyis t'ap kòmande nan peyi yo rele Siri a.

Tout moun: Tout moun te al fè pran non yo nan lavil kote fanmi yo te soti.

Gwoup 1: Jozèf te rete nan peyi Galile, nan yon bouk yo rele Nazarèt. Men, paske li te moun nan fanmi ak ras David, li moute, li ale nan Jide, nan lavil David yo rele Betleyèm lan,

Antrenè: Jozèf ta pral fè yo pran non l' ansanm ak non Mari, fiyanse li, ki te Ansent.

Tout moun: Antan yo te la, jou pou Mari te akouche a rive. Li fè premye pitit li a, yon ti gason.

Mari vlope pitit la nan kouchèt, li mete l' kouche nan yon kay kote yo bay bèt manje, paske pa t' gen plas pou yo nan lotèl la.

Gwoup 2: Nan menm zòn sa a, te gen gadò mouton ki t'ap pase nwit la deyò ap veye mouton yo. Lè sa a, yon zanj Bondye parèt devan yo, bèl limyè Bondye a klere tout kote yo te ye a. Yo te pè anpil.

Tout moun: Men zanj lan di yo konsa: Pa pè. N'ap anonse nou yon bon nouvèl ki pral fè tout pèp la kontan anpil. Jòdi a, nan lavil David la, nou gen yon Sovè ki fenk fèt: se Kris la, Seyè a.

Gwoup 1: Men remak ki va fè nou rekonèt li: n'a jwenn yon tibebe vlope nan kouchèt, kouche nan yon kay kote yo bay bèt manje.

Antrenè: Menm lè a, yon foul lòt zanj nan syèl la vin jwenn zanj lan; yo t'ap fè lwanj Bondye, yo t'ap di konsa:

Tout moun: Lwanj pou Bondye anwo nan syèl la, kè poze sou latè pou tout moun li renmen.

Gwoup 2: Zanj yo kite gadò mouton yo, yo tounen al nan syèl la. Lè sa a, gadò mouton yo yonn di lòt: Ann al jouk Betleyèm, ann al wè sa ki rive, sa Bondye fè nou konnen an.

Tout moun: Yo prese ale, yo jwenn Mari ak Jozèf, ansanm ak tipitit la kouche kote yo bay bèt yo manje a. Lè yo wè l', yo tanmen rakonte sa zanj lan te di yo sou pitit la.

Gwoup 1: Tout moun ki t'ap koute yo te sezi tande sa yo t'ap rakonte a.

Gwoup 2: Mari menm te kenbe tout pawòl sa yo nan kè l', li t'ap repase yo nan tèt li.

Tout moun: Apre sa, gadò mouton yo al fè wout yo; yo t'ap di jan Bondye gen pouvwa, yo t'ap fè lwanj li, paske tou sa yo te tande ak tou sa yo te wè a te dakò ak sa zanj lan te fè yo konnen.

(Lekti nan Lik 2:1-20).



***Aprè w' fin li istwa a,
konplete entèvyou sa avèk gadò mouton yo.***

Kesyon: Kisa ki te rive nou yèswa lè nou t'ap pran swen mouton yo?

Repons:

Kesyon: Kijan nou te santi nou lè nou te tande nouvèl la?

Repons:

Kesyon: Poukisa nou te ale Betleyèm byen vit nan mitan nwit la? Èske nou pat kapab rete tan demen maten?

Repons:

Kesyon: Si nou ta dwe fè l' ankò, èske nou ta fè menm efò a pou nou wè ti bebe ki fèk fèt la? Poukisa?

Repons:

Kesyon: Kisa bebe sa te siyifi pou lavi nou?

Repons:

Kesyon: Kimoun nou te rakonte nouvèl sa? Poukisa?

Repons:

Delivrans

Pi bon kado nowèl la

ADMÈT ke w' te fè peche (fè bagay ki mal, dezobeyi Bondye). Di Bondye ke w' te fè sa ki mal, repanti epi pran dispozisyon pou w' chanje.

Women 3:23; 1 Jan 1:9.

CHÈCHE Bondye, epi kwè ke li renmen w epi te voye Pitit li, Jezi, pou sove w anba peche w yo. Mande epi resevwa padon ke Bondye ofri w'.

Jan 3:16; Travay 16:31.

KONFESE Jezi kòm Sovè w'. Rakonte lòt yo sa Jezi te fè pou ou. Renmen Bondye epi swiv Jezi .

Jan 1:12; Women 10:13.

Imajine w' ke w' fenk rekonèt kèk preadolesan ki pa konprann vrè siyifikasyon nowèl la. Li sa timoun sa yo panse. Kòman w' ta reponn kesyon yo? Ki demonstrasyon w' genyen.

Mwen renmen resevwa kado, ranje abdenwèl epi pran plezi m'. Dapre mwen, sa se vrè siyifikasyon Nowèl la. Pou ki rezon y'ap pale de Jezi?

Nowèl se yon dat pou moun pase bon moman avèk fanmi e zanmi. Se sa ki fè l' tèlman espesyal, oubyen non?

Mwen dakò ke Jezi te yon bon moun, men, kòman nou kapab sèten de ke li se Pitit Bondye a? Lòt peyi ak relijyon yo gen fèt espesyal pa yo tou. Nowèl la pa gen pou l' plis espesyal pase lòt selebrasyon yo. Kisa ki tèlman espesyal ladan li?



Gwè fidelite Bondye a


Lik 2:21-40

Pou Jozèf avèk Mari se kòm si se te yè ke yo te pran wout pou ale Betleyèm—sèlman yo de a. Kounye a, Jezi te gentan gen 40 jou. Se te moman pou yo te prezante li devan Seyè a epi ofri sakrifis ki koresponn yo. Jozèf avèk Mari te kite Betleyèm pou ale nan tanp lan ki te nan lavil Jerizalèm.

Lè sa a, te gen yon nonm nan Jerizalèmnyo te rele Simeyon. Nonm sa a te mache dwat devan Bondye, li te respekté Bondye anpil, li t'ap tann konsa moun Bondye t'ap voye pou delivre pèp Izrayèl la. Sentespri Bondye a te avèk li. Li te fè l' konnen li pa t'ap mouri san l' pa wè Kris la, moun Bondye te chwazi pou l' voye a. Lespri Bondye a pouse Simeyon ale nan tanp lan. Lè Jozèf ak Mari pote tipitit la pou yo fè sa lalwa mande pou li a, Simeyon pran tipitit la nan bra l', li di Bondye mèsi. Li di: Koulye a, Mèt, ou kenbe pawòl ou; ou mèt kite sèvitè ou la mouri ak kè poze.

Paske mwen wè ak je mwen moun ou voye pou delivre nou an. Ou pare l' mete devan tout pèp yo. Se yon limyè ki pou fè tout pèp yo konnen ou; se va yon lwanj pou Izrayèl pèp ou a. Papa ak manman Jezi te sezi tande sa Simeyon t'ap di sou pitit yo a konsa.

Simeyon rele benediksyon Bondye sou yo, li di Mari, manman Jezi: Bondye chwazi pitit sa a; l'ap lakòz anpil moun nan pèp Izrayèl la tonbe. Men, l'ap fè anpil moun nan pèp la jwenn delivrans tou. Li pral yon siy pou Bondye, men moun p'ap vle wè li. Se konsa l'ap dewale tout lide k'ap travay nan fon kè anpil moun. Kanta pou ou menm, Mari, doule gen pou fann kè ou tankou yon nepe. Te gen yon fanm ki te pwofèt la a tou. Li te rele An, pitit fi Fanwèl, nan branch fanmi Asè. Li te fin vye granmoun. Li te viv sètan avèk nonm li te marye depi l' te jennfi a. Apre sa, li te rete vèv. Lè sa a, li te gen katrevenkatran, li pa t' janm kite tanp lan; li t'ap sèvi Bondye lajounen kou lannwit: tout tan li t'ap fè jèn, li t'ap lapriyé. Menm lè sa a



tou, li vin rive, li t'ap di Bondye mési. Li t'ap pale sou Jezi bay tout moun ki t'ap tann Bondye vin delivre lavil Jerizalèm. Lè yo fin fè tou sa lalwa Bondye te mande yo fè a, yo te tounen ansanm avèk tipitit la nan peyi yo. Yo pat konprann tout plan Bondye konsènan Sovè a. Men yo te gen anpil bagay pou yo tepanse pandan yo te wè Jezi k'ap grandi ak fòs, ansante, entèlijans ak jantiyès.

203



Vrè siyifikasyon Nowèl la

Itilize vokal A, E, È I, O, Ò, U pou konplete vèsè ki anba a

P_w_l_l_t_n_n_m_n. L_t_v_n_v_n_n_m_t_n_n_,
 l_m_n_n_y_n_l_v_k_t_k_n_f_m_n_t_k_v_r_t_,_k_r_
 nm_n_n_n_t_t_k_l_. N_w_p_vw_l_, s_t_p_vw_
 B_ndy_P_p_t_b_y_s_l_P_t_t_l_.
 (J_n 1:14 - RV95).

❖ Bondye te pwomèt ke li t'ap voye yon Sovè, epi li te akonpli pwomès li.

❖ Bondye te pwomèt Simeyon ke li pa t'ap mouri san li pat wè Sovè a, li te akonpli pwomès li.

❖ Ni Ana ni Simeyon yo te bay Bondye louwanj dèske li te voye Sovè a. Simeyon te remèsye Bondye dèske li te pèmèt li wè Pitit li a Jezikris.

Gen kèk pwomès la ke Bondye fè nou. Apre w' fin li yo, ekri yon lèt louwanj pou Bondye. Nan lèt ou a, ekspriye konfyans ke w' genyen de ke Bondye ap akonpli chak pwomès li yo.

Jan 3:16 Jan 6:37 1 Jan 1:9 1 Korentyen 10:13 Ebre 2:18 Jid 24

Chè Bondye,



pawòl ki bay LAVI A

Nou kontan dèske ou gen nouvo Liv Pawòl ki bay lavi nan men ou!

Li pral ede w dekouvri ansèyman ke Bondye vle ba ou yo. Swiv enstriksyon nan men antrenè w la, mete tèt ansanm ak kamarad klas ou yo epi diskite sou sa Bib la di ou sou pèsonaj tankou Ezayi, Jeremi, Amòs, Noye, Abraram, Moyiz, David ak anpil lòt ankò.

Ou pral aprann sou bèl mirak Jezi yo, sou lavi, lanmò ak rezirèksyon li; epi sou wòl legliz la tou.

Piga w pèdi nan aktivite ki planifye yo. Ou pral gen yon ane antye ranpli ak emosyon avèk kè kontan ak nouvo liv sa a. Jwi li epi aprann!